# МАХ ДУГ



2018 3



Ӕдзæсгом йæ цъаммар митæ барæй, мыййаг, нæ фæкæны – йæ удыконд ахæм у, йæ сахъæттæ гуырдзæй рахæсгæ вæййынц.

***Жан Лабрюйер***



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Зам. гл. редактора, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2018

# МАХ ДУГ

3
2018

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Сæйраг редакторы хæдивæг, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав,
КЪУСРАТЫ Анатоли, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2018

## НОМЫРЫ ИС:

## БÆСТЫ ФИДЫЦ – СЫЛГОЙМАГ

**ПЛИТЫ ЖАННÆ: 70 АЗЫ** 6

*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ.* **Плиты Жаннæ æмæ йæ сонатæ.** Æмдзæвгæ 7

**МАКСИМ ГОРЬКИЙ: 150 АЗЫ**

*Максим ГОРЬКИЙ.* **Радзырд æмæ хъуыдытæ** 9

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Зæххыл рæстагæй у зын цæрæн.** Æмдзæвгæтæ 18

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег.* **Удыбæстæ.** Радзырд 22

*БАСИТЫ Зæлинæ.* **Æнахуыр сагъæстæ.** Æмдзæвгæтæ 54

*АБАЙТЫ Арбилянæ.* **Фарн æмæ фыдæх.** Миниатюрæтæ 58

**НОГ НОМ**

*МÆРГЪИТЫ Алим.* **Миниатюрæтæ** 65

*ÆЛБОРТЫ Беллæ.* **Æрæджиауы малусæг.** Æмдзæвгæтæ 69

*АБОЙТЫ Зарæ.* **Æрдз.** Æмдзæвгæ 72

**РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ**

*БДАЙЦИАТЫ Хъазыбег.* **Дыууæ хатты хъæбатыр** 73

**МАХ ДУДЖЫ РАВДЫСТ** 79

**УИДÆГТÆ**

*МАМИАТЫ Таймураз.* **Уый Иуане уыди.** Уац 87

**АХУЫРГÆНÆГÆН ÆХХУЫСÆН**

*МЗОКТЫ Аслæнбег.* **«Мæ Ирыстон! Дæ номæй бонджын дæн...»** 92

**ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ**

*В. И. ЧИЧЕРОВ.* **Эпосы теорийы иуæй-иу фарстатæ æмæ нæ дуджы иртасæн куыстытæ ирон адæмы Нарты каджыты фæдыл** 108

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

*КЪÆБЫСТЫ Зауыр.* **Сосойы зарæг.** Радзырд 122

**АРВИСТОН** 134

# БÆСТЫ ФИДЫЦ – СЫЛГОЙМАГ

* * *

О, мысын та дæ. Хъуысы мæм дæ худын.
Дæ цæстыты рухс – хуры тавс мæ удæн.
Сæузæринимæ ивддзæгтæ кæнынц
дæ уадултæ, æхцон рис мын хæссынц.
Æхсæв мæ уаты рафт-бафт æмæ катай –
дæ хорзæхтæ – рæдауæй-иу сæ радтай.

Фæлæ у амонд исдуджы бæрц – алыгъд,
цыма æмбисбон хур фæтары, асыгъд.
Ныр азты фæлмæй разыны дæ хуыз
сæузæринау. О, уый дæр мын æххуыс.
Дæ фидауц риуы баззади, мæ ныфс мын
сæттын нæ уадзы...
Мысын та дæ, мысын...

## ГОБИ СЫЛГОЙМАГ

*(Джанфранческо Майя Матердонæйæ)*

Дæ батæй банозтон æз ронг,
Æмæ мын дуне фестад ног.
Хуыцау дæ гоби скодта барæй
Æмæ дæ рарвыста уæларвæй,
Цæмæй-иу мемæ дзурай... батæй.

# ПЛИТЫ ЖАННÆ: 70 АЗЫ



**ЖАННÆ!**

«Мах дуджы» кусджытæ дын зæрдиаг арфæтæ кæнынц дæ райдзаст бæрæгбоны фæдыл. Æнæниз æмæ зæрдæрухс у! Бирæ æнтыстытæ ма бафтæд дæ къухы! Не ‘ппæтæн дæр уарзон адæймаг дæ, æмæ дæ Дунескæнæг йæ арфæтæй барæвдауæд! Дæ цардуарзон аивадæй та нæ дзыллæйы намыс уæлдæр кæнæд!

*ГУЫРДЗЫБЕТЫ Иринæ*

# ПЛИТЫ ЖАННÆ
# ÆМÆ ЙÆ СОНАТÆ

Ам аууæттæ дæр,
рухсытæ дæр ис,
ам цин дæр ис,
ис карз фæсмонтæ,
рис,
ам ис æнцой,
ис тохы хъæр,
фæдис,
ис удаист,
ис уарзты цæхæр,
дис.
Тæхынц дзы зæдтæ,
силлæг дзы сты зинтæ.
Цъиу фесты зæрдæ –
скъæфы арвæй цинтæ.
О Жаннæ, ды дæхæдæг дæ сонатæ,
дæ нотæ-билцъæй
стахтысты Сæнатæм
дæ сонт бæллицтæ,
Уаза сын – бынат.
Дæу хонын, Жаннæ,
хонын Жаннæ д' Арк.
Уæларвон зæдтæ,
Стыр Хуыцау сæ фарнæй
дæ бынмæ нæ –
дæ риуы ссыгътой арт...

***Хъодзаты Æхсары** тæлмац*

# МАКСИМ ГОРЬКИЙ: 150 АЗЫ



*Максим ГОРЬКИЙ*

# РАДЗЫРД ÆМÆ ХЪУЫДЫТÆ

## АМОНД

«...Кæддæр мæм амонд афтæ æрбаввахс, æмæ, чысыл ма бахъæуа, йæ фæлмæн дзæмбыты ма смидæг уон.

Уыди сæрдыгон æнтæф æхсæв, æмæ фæсивæд Волгæйы фаллаг фарс сæ фæллад уагътой кæсагахсджыты цур. Арты фарсмæ бадтысты æмæ цымдтой, фысымтæ сын цы кæсаджы бас сцæттæ кодтой, уый. Бацайдагъ сын быцæу, дунейы цард куыд тагъддæр æмæ хуыздæр рацаразæн ис, уый тыххæй. Радзур-бадзуртæй куы бафæлладысты, уæд карст уыгæрдæны апырх сты алырдæмыты.

Чызджытæй мæм иу фæкаст зонджын æмæ зæрдæдзуаг æмæ арты цурæй йемæ араст дæн. Чызгæн уыди рæсугъд сау цæстытæ. Йæ алы ныхас дæр зæрдæйыл æмбæлди. Дзургæ та рæстытæ кæй кодта, уый мын гуырысхойаг нæ уыд. Ноджы æппæт адæммæ дæр касти хæларзæрдæйæ.

Цыдыстæм фæрсæй-фæрстæм сабыргай. Нæ къæхты бынæй-иу райхъуысти цæвæгæй карст кæрдæджы бындзæфхæдты мынæг хъыс-хъыс. Арвы къуырф уыди дзæнхъа кæхцы æнгæс, цыма йæ раст зæххыл дæлгоммæ æрфæлдæхтæуыд, æмæ ныл уырдыгæй мæйы уымæлдзæф рухс лæдæрсти.

Иуафон чызг арф ныуулæфыд æмæ сдзырдта:

– Ехх, куыд дзæбæх у дуне! Раст цыма африкаг æдзæрæг быдыры стæм, мæкъуылтæ та – пирамидæтæ. Æниу цы ‘нтæф у...

Иу мæкъуылы цурмæ куы бахæццæ стæм, уæд чызг афтæ, мæнæ, дам, ай рæбын æрбадæм, кæс-ма, дам, цыма бон у, уыйау йæ фарсмæ цы тымбыл аууон ис.

Цъырцъырæгты цъæхснаг уаст азæлыди, дард кæцæйдæр та æрбайхъуысти кæйдæр зæрдæуынгæггæнæг хъæлæс:

*Сайдæй мыл цæмæн рацыдтæ, оххай?*

Æз мæ удæй бацыдтæн, царды бирæ хъуыддæгтæ кæй не ‘мбарын, уый тыххæй дзурын байдыдтон, фæлæ дын мæм æваст ме ‘мбæлццоны сонт хъыллист куы райхъуысид. Стæй чызг уæллгоммæ афæлдæхти.

Æз уæд фыццаг хатт федтон, адæймаг куыд бауадзыг вæййы, уый. Фæудаист дæн, цы акæнон, уый нал зыдтон. Ныхъхъæр кæнон, искæмæ æххуысмæ фæсидон, зæгъгæ, хинымæры скарстон, фæлæ уайсахат мæ зæрдыл æрбалæууыд, ахæм рæстæг романты æгъдауджын геройтæ цы ми фæкæнынц, уый: чызгæн йæ дæллаггуыры рон, йæ кофтæйы цæппузыртæ æмæ йæ лифы бæттæнтæ райхæлдтон. Йæ риутæ йын ауыдтон, æмæ мæм дыууæ æвзист къусы æнгæс фæкастысты. Цыма семыдзаг уыдысты мæйы бæзджын рухсæй æмæ чызджы зæрдæйыл дæлгоммæ æрфæлдæхтысты. Æваст мæ сæры цыдæр цырен артæвзаг сирвæзт æмæ мæ ‘рфæндыд чызгæн ныббатæ кæнын. Фæлæ уалынмæ мæхи æрæмбæрстон æмæ цæугæдонмæ ныййарц дæн: чингуыты куыд кастæн, афтæмæй геройтæ ахæм сахат æнæмæнг донмæ азгъорынц.

Æрра бæхау уыгæрдæны сæррæттытæгæнгæ, мæ хæстулæфт тыхтæ-фыдтæй уромгæйæ, мæ тегла худы та – дон, афтæмæй куы ‘рбахæццæ дæн, уæд ауыдтон диссаг: «рынчын» чызг мæкъуылыл банцой кодта æмæ хъусæй лæууыд. Йæ дарæс биноныггонд, дæллаггуыры рон – æлвæст, кофтæйы цæппузыртæ дæр – æвæрд.

– Нæ хъæуы, – уыцы фæлладхуыз æмæ сабырæй сдзырдта чызг æмæ мын мæ хуылыдз тегла худ йæ къухæй аиуварс кодта...

Æмæ мæ цурæй йæхи айста артырдæм. Уым дыууæ студенты æмæ статистик раздæрау уынгæгзæрдæйæ кодтой, адæм кæмæй сфæлмæцыдысты, уыцы зарæг:

*Сайдæй мыл цæмæн рацыдтæ, оххай?*

– Мыййаг дын дæ буар фæриссын кодтон? – чызг хъусæй

кæй лæууыд, уымæй фæуыргъуыйау дæн, афтæмæй æфсæрмхуызæй афарстон æз.

– Нæ... Хæрзарæхст нæ дæ, лæппу. Фæлæ дын уæддæр бузныг зæгъын, ай-гъай...

Афтæ мæм фæкасти, цыма мын зæрдиагæй нæ раарфæ кодта.

Амæй размæ дæр ыл арæх не 'мбæлдтæн. Фæстагмæ сахарæй быитондæр ацыд. Æрмæст ма йæ цыппар азы фæстæ федтон науы. Цыди, Волгæйы был ын цы дачæ уыд, уырдыгæй сахармæ – йæ лæгмæ. Уыд æнхъæлцау, йæ уæлæ аив дарæс. Йæ хъуырыл – сахаты даргъ сызгъæрин рæхыс, ноджы стыр хъуырæгънæг, раст орденау æрттывта. Сылгоймаг тынг аивта, фæхæрзхуыздæр æмæ бæзджын кавказаг сæны лалымы цæрмыстыгъд бакодта. Ахæм лалымтæ гуырдзиæгтæ фæуæй кæнынц калачы.

Ныхæстыл куы фестæм, уæд сылгоймаг, ивгъуыд бонтæ мысгæйæ, сдзырдта:

– Афтæ, гъе, ныр æз моймæдзыд дæн, æндæр дын цы зæгъон, мæгъа.

Изæр уыд, æмæ доны уæлцъарыл тæмæнтæ калдта зæрæхсид. Науы фынкæйдзаг сырх фæд дард æрвхуыз цæгатырдæм ивæзт, уæрæхæй-уæрæхдæргæнгæ, йæ фæстæ цæгтæ уагъта.



Л. Толстой æмæ М. Горький.

– Дыууæ фырты мын ис, æртыккагмæ дæр æнхъæлмæ кæсын, – сæрыстырæй дзырдта сылгоймаг, раст цыма æрмдæсны йæ къухæй конд дзауматæй æппæлыд.

Йæ уæрджытыл уыд бур гæххæттын дзæкъул апельсинтимæ.

– Иу ныхас ма дын зæгъон? – афарста ус, йæ сау цæстытæй рæвдаугæ худгæйæ. – Хъуыды-ма кæныс уыцы мæкъуыл? Ныфсхастдæр куы

разындаис... куы мын аба кодтаис... Абон дæ цардæмбал уаин... Ау, дæ зæрдæмæ куы цыдтæн... ды та æнæрхъуыды... Гъе, уæууæй, гъе!

Æз ын радзырдтон, мæхи, зæгъын, дардтон, чингуыты куыд амонынц, афтæ, дины чингуытæ мын, зæгъын, уыцы азты удæнцой уыдысты, æмæ уыдон амыдтой: чи бауадзыг, уыцы чызгæн уал раздæр дон бадарын хъуыди, батæ та йын хъуамæ уый фæстæ акæнай – куы æрчъица, йæ цæстытæ куы байгом кæна æмæ æхсызгонæй куы фæхъæр кæна:

– Охх, æна, кæм дæн?

Сылгоймаг иуцасдæр ахудти, стæй хъуыдытæгæнгæйæ загъта:

– Нæ бæллæх дæр уый у, æмæ дины чингуытæм гæсгæ кæй цæрæм... Цард та – уæрæхдæр у, чингуытæй зонджындæр у, мæ хур... цард чингуыты хуызæн æппындæр нæу... О, о...

Йæ дзæкъулæй сырхбын дыргъ систа, лыстæг æм фæкæстытæ кодта, стæй йæ цæсгом фæтар æмæ загъта:

– Æнаккаг, уæддæр мын æмбыд дыргъ куыд радта...

Апельсин æнарæхстхуызæй донмæ ныввзылдта. Æз ма ауыдтон, дыргъ доны иуцасдæр мамазила куыд кодта, уый, стæй сырх фынчы бын фæци.

– Æмæ ныр та дæ хъуыддæгтæ куыд сты? Дины чингуытæм гæсгæ ма цæрыс, и?

Æз ницы загътон. Кастæн, былгæрон цы змис уыд, уымæ. Змисмæ дæр, стæй, дæрддзæфæй бур сызгъæринау чи зынд, уыцы уыгæрдæнтæм.

Дæлгоммæ фæлдæхт бæлæгътæ хуыссыдысты змисыл, егъау мард кæфтау. Сызгъæрин змисыл ноджы хуыссыдысты æрхæндæг урс хæристы аууæттæ. Уыгæрдæны астæу лæууыдысты хосы мæкъуылтæ, æмæ мæ зæрдыл æрлæууыди сылгоймаджы ныхас:

«Раст цыма африкаг æдзæрæг быдыры стæм, мæкъуылтæ та – пирамидæтæ...»

Сылгоймаг стигъын байдыдта иннæ апельсин, æмæ хистæр йæ кæстæрæн куыд амона, уыйау мын бафæдзæхста:

– О, æцæг уыдаин, æцæг, дæ цардæмбал...

– Бузныг, – загътон æз, – стыр бузныг.

Иттæг зæрдиагæй йын арфæ кодтон æз».

# Горькийы хъуыдытæ, базырджын ныхæстæ, цитатæтæ йæ уацмыстæй

* * *

Ныхас цас хуымæтæгдæр уа, уыйбæрц дзы стырдæр хъуыды, ахадгæдæр зонд ссарæм. Æмбисæндтæ æмæ зарджытæ кæддæриддæр цыбыр вæййынц, зонд æмæ æнкъарæнтæ та дзы разыны бирæ чингуыты фаг.

* * *

Хæмпæлгæрдæг зайы бæзнаг мæры, хъахбайдзинад та – бухъхъ царды мæры.

* * *

Фыссын та хъæуы хуымæтæг æвзагæй, раст цыма мæнæ дæ уарзондæр хæларимæ, адæмы хæрзтæн сæ хуыздæримæ ныхас кæныс: дæ хъуыды кæронмæ нæма зæгъдзынæ, афтæмæй дæ бамбардзæни.

* * *

Бухъхъ цардыл куы сахуыр уай, уæд уый хæбузæй уæлдай нæу: адæймаг дзы куы сдзæбæх вæййы, уæддæр цæсгом хæбуздзыхъхъытæй баззайы.

* * *

Афоныл ацæуын – æппæтæй хуыздæр.

* * *

Мæнæ дын нæ цард! Дæ агуывзæ æрдæджы онг дæр нæма баназдзынæ, афтæ йæм æндæр чидæр йæ къух æрбаивяздзæни.

* * *

Дæхицæй фылдæр дом, даргъ ныхас ма кæн, æмдзæвгæты хъуамæ бызычъитæ ма уа. Дидинæгыл уæлдай сыф куы уа, уæд уымæй аивдæр нæ фæуыдзæн.

* * *

Алы хъуыддаг дæр уарзондзинадæй срухс вæййы.

* * *

Ахæм адæймаг дæр ис, ныфсæй чи бавдæлон, сайын йеддæмæ кæмæн ницыуал баззад.

* * *

Хур скæсы æмæ аныгуылы, адæмы зæрдæты та иудадзыг – изæрдалынгтæ.

* * *

Нæлгоймæгтæ иууылдæр сылгоймæгты цур сæхи февдисынц, цыма æддаг бакастæй цы хуызæнæй зынынц, ахæмтæ не сты. Иу йæхи февдисы пессимистæй, иннæ – Мефистофелæй... Афтæмæй та сæ фылдæр хуымæтæджы магусатæ вæййынц.

* * *

Мах не 'ппæт дæр ацы зæххыл бæлццæттæ-хæтæгхуæгтæ стæм.

* * *

Адæймаг алыхуызон цæрдтытæ кæны... зæрдæ цы уавæры ис, ахæм у йæ цард дæр... абон – хæлар æмæ райдзаст, райсом – фыдæхæй йемыдзаг.

* * *

Алы хицауад дæр – йæхи цыфæнды куы хона – уæддæр тырны дзыллæтæн разамынд дæттынмæ, стæй сæ йæхи принциптæм, йæхи нысантæм гæсгæ хъомыл кæнынмæ. Демагогион æмæ хинæйдзаг хицæуттæ сæхи афтæ февдисынц, цыма адæмыл тынг тыхсынц, сæ хъомыл кæныныл цыма зæрдиагæй архайынц. Гъемæ иудадзыг фæдзурынц: мах адæмы фæндтæм гæсгæ кусæм.

* * *

Сæйрагдæр у хуымæтæг фыссын, мæнæ Чеховау... – æнæ тыхарæзт ратас-батастæ, къленц митæ кæнгæйæ.

* * *

О, уд тæргæйттæгæнаг маргъ у, кæдæм тæхы – ничи йын ницы зоны.

* * *

Хъуамæ алы лыстæг хъуыддæгты дæр рæстзæрдæ уай.

* * *

Уд закъонтæ нæ зоны, азтæ нæ нымайы.

* * *

Алы хъуыдыгæнæг адæймагæн дæр йæ цард у уæззау драмæ.

* * *

Сылгоймагæн чындзы ацæуын у, зымæгон ихдоны куы ныггæпп кæнай, уыйау.

* * *

Æцæг поэзи æдзухдæр зæрдæйы поэзи у, уды зарæг у кæддæриддæр, уый философиимæ стæм хатт вæййы æмхиц, уынаффæтæ, тæрхæттæ кæнынæй та æфсæрмы кæны.

* * *

Æмбисонды стилист у Чехов, уый онг ничима сæххæссыд, æмæ литературæйы фидæны историк уырыссаг æвзаджы рæзты тыххæй куы дзура, уæд зæгъдзæни, уыцы æвзаг сарæзтой Пушкин, Тургенев æмæ Чехов, зæгъгæ.



*А. Чехов æмæ М. Горький.*

* * *

Æз тынг раджы бамбæрстон: адæймагæй æцæг адæймаг рауайы, йæ алыварс дунейы ныхмæ лæуууынхъом куы вæййы, уæд.

* * *

Ахæстон дæ хорз истæуыл нæ сахуыр кæндзæни, Сыбыр дæр дæ нæ сахуыр кæндзæни, адæймаг та дæ сахуыр кæндзæни.

* * *

Адæймагæн йæ аргъ – цы хъуыддаг сарæзта, уый.

* * *

Хахуыр æмæ мæнгдзурын мещанты политикæйы гакк у, се знаджы ныхмæ ахæм хотыхтæй фæтох кæнынц. Фыдæй-фыртмæ дунейы дзырддзæугæдæр адæмтæй иу дæр ахæм нæ уыд, цъыфимæ сызмæнтынмæ кæй нæ хъавыдысты. Уый алчидæр зоны.

Уымæй дарддæр алы адæймаг дæр фæтырны номдзыд лæджы йæхицæй уæлдæр не суадзынмæ. Уый нæ, фæлæ ма йыл уæлæхох суæвынмæ дæр фæхъавы, фадат ын ратт, уæд ыл суанг йæ цъыф къæхтæй дæр бацæуид æмæ, «æрвылбоны цардыуаг» кæй хонынц, уыцы лæхъир хъылмайы дæр æй баппарид.

Æз æлгъгæнгæйæ æрымысын иу хабар: нудæсæм азы Бетъырбухы уыди «хъæуккаг мæгуырты съезд». Уæрæсейы цæгатаг губернитæй æрцыди цалдæр мин зæхкусæджы. Иуты дзы æрцæрын кодтой Романовты Зымæгон галуаны. Съезд куы фæци, æмæ уыцы адæм сæ хæдзæрттæм куы ацыдысты, уæд рабæрæг, уыдон кæй сæнаккаг кодтой канд галуаны хинайæнтæ нæ, фæлæ дзы цыдæриддæр зынаргъ хæзнайæ уыдис, уыдон дæр – севраг, саксойнаг æмæ скæсæйнаг вазæтæ. Æмæ сын, ома, æндæр гæнæн нæ уыд, зæгъгæ, уый тыххæй бакодтой афтæ? Нæ! Галуаны уазæгдæттæ куыстой хорз, дон дæр дзы уыдис. Уыцы æнæуаг митæ барæй бакодтой, фæндыди сæ аив дзаумæттæн исты зиан ракæнын. Дыууæ революцийы рæстæг æз сæдæгай хæттыты федтон ахæм æнæхъола, мастисæн митæ, адæм-иу тырныдтой аивад исты мадзалæй фæхудинаг кæнынмæ, фехалынмæ, фæчъизи кæнынмæ.

Мæ ныхас галиумæ мачи бамбарæд. «Хъæуккаг мæгуырты» кой кæй ракодтон, уымæй, ома, музуккагыл былысчъилтæ нæ кæнын. Нæ, – зонын æй, аивад фæчъизи кæныны низæй сæйынц интелли-

генцийæ дæр бирæтæ. Зæгъæм, йæ фыдыбæстæй фæсарæнтæм чи фæлыгъд, уыдонæй чидæртæ афтæ æнхъæлынц, зæгъгæ, иугæр сæхæдæг Уæрæсейы нал сты, уæд дзы хорзæй ницыуал ис.

Æмбисонды аив хæзнатæ пырх кæнынмæ йæ быцъынæг чи тоны, уыдонмæ ис иу æнаккаг чъизи бæллиц: цыфæндыйæ дæр, иннæты æнгæс чи нæу, уыцы адæймæгты фæхудинаг кæнын. Иннæты æнгæс чи нæ вæййы, уый адæмы нæ фæуадзы, куыд сæ фæфæнды, афтæ цæрын. Адæм бæллынц – кæд бæллын зонынц, уæд – сæ цардыуаджы æгъдæуттæ аивынмæ нæ, фæлæ сæ уæрæхдæр фæкæнынмæ. Уыдонæн сæ фылдæры хъæрахст æмæ æрдиаг у:

«Цы царды уагыл сахуыр стæм, уый нын ма халут!»

***УАРИГАНЫ*** *тæлмацтæ*

Фæтæгтæ дипломатон хъæзтытæ кæнгæйæ куы схъуына вæййынц, ныхас хъуыддагæй куы нæ феххæст кæнынц, дзургæ иу хуызы куы фæкæнынц, кæнгæ та æндæр хуызы, уæд ма сыл кусæг адæм куыд бауæндой?

***Иосиф Сталин***

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли*

# ЗÆХХЫЛ РÆСТАГÆЙ У ЗЫН ЦÆРÆН

## КЪОСТАЙÆН

Ма дзы аразут Хуыцау –
Уый йæ нымд удæй фæрисдзæн.
Уый нæм арвæй уыд хуындзау,
Æмæ уаз удæн æвдисæн.

Ма дзы аразут гуымир.
Зоныг ма кæнут йæ разы.
У йæ ныййарæг нæ Ир,
Арв та уымæн уыд дæлбазыр.

Ма дзы аразут уæ дуаг.
Уый лæппуйау уыд рæдиаг
Æмæ сонт удæй фыдуаг.
Чи у уаз фыды фæндиаг!

Зæд нæ уыд, нæдæр хæддзард,
Уый зæххон уыд буарæй, тугæй.
Уый нæ Ирæй хордта ард,
Фæлæ уыд æфхæрд йæ дугæй.

Ма дзы радомут фылдæр –
Уый йын агайдзæн йæ уаз уд.
Хъуысы уый фæдзæхст ныр дæр –
Адæмтæ, кæрæдзи уарзут!

## ИСКУЫ УАРЗТАЙ...

Искуы уарзтай адæймаджы афтæ,
Æмæ йын дзырдтай дæ ныхас барстæй?
Фарстай йæ зæххон хабæрттæй хъавгæ –
Ма фæрисса, ма фæтыхса – тарстæ?

Искуы федтай уый цæстыты азар,
Уый зæрдæ куыд ныддур и бæллынæй?
Ахæмтæй дæ буц хæлæртты ма ‘взар –
Гадзрахат у риссагдæр мæлынæй.

Чи кæд зыдта аргъ кæнын хæларæн,
Чи уыдзæн тæрхонгæнæг æндæрæн?!
Чи зоны æнувыдæн йæ барæн,
Кæд зæххыл рæстагæй у зын цæрæн?!

Макуы бахуд гадзрахатæй удыл.
Цардвæндагыл чи ацыд æнцонæй?
Зæд дæр ма фыдрæстæджы фæцуды,
Хорз æгъдæуттæ чи домы бæлццонæй?!

## ГУЫЦМÆЗТЫ АЛЕШÆН

Бæргæ, куы цардаид нырмæ –
Йæ ныхас хъуыстаид уæндонæй.
Уыдаид уый фыдæй фыртмæ
Æнæхай ам нæ цард, нæ бонæй,
Нæ мастæй хайджын та – хъуырмæ!

Ныр дæр йæ ныхасы бæркад
Æнкъусы зæрдæйæн йæ тæгтæ.
Зæххыл бæргæ цæры йæ кад.
Йæ бынтæй хъал ысты мыггæгтæ,
Фæлæ куыд мæгуыр у æдзард!

Ыссарынц буцæй ныр йæ ном,
Ныр дзурынц се ‘ппæлæн ныхæстæ,
Сæ цæссыг асæрфынц æргом –
Сæ уд былдауæнæй фæхъæстæ –
Фæлæ сын уый нæ дæтты ком.

Цæры сæрибарæй йæ сис,
Æмæ нæ зæрдæтæ фæлвары.
Куы удмæ хъæр кæны фæдис,
Куы та нæ азымы уый дары,
Куы риу æрбахойы йæ рис...

Гъе стæй йæ Пехуымпар, йæ зæд
Нæ хивæнд зæрдæтæм ныккæсы
Æмæ нын райхалы йæ фæнд...
Æмæ нæ фидæныл фæдзæхсы,
Цæмæй йын ма фæуæм фыдвæд.

Гъе афтæ иу уды хъысмæт
Фæци нæ адæмæн æнусваг.
Йæ риуы ахаста нæ мæт.
Нæ уарзы цæст, зæгъæм ын рухсаг,
Æмæ нын мин азты цæрæд!

* * *

Æз та мæ рæнхъытæм кæсын,
Æмæ та ацы бон дæр афтæ:
Цæуы мæ дамгъæты хъæрзын,
Мæ дзырды рисæн нал и рафтæн.

Мæ рæнхъыл андзæвы мæ сис
Æмæ кæуынæй фесты диссаг.
Æцæг нæ кæны уый фæдис,
Фæлæ фыст и йæ ныхыл «риссаг».

Æндæр мын чи ‘мбары мæ рис,
Æндæр мын чи бæззы æмбалæн?!
Æрмæст мæ растæвзарæг сис
Æмæ мæ рæнхъыты ызгалæн.

Уæдæ кæмæй хизын мæ цæст,
Мæ рыст кæмæй фæкæнын сусæг?
Мæ кæуын раргом уа æххæст, –
Уæвгæ йæм чи уыдзæни хъусæг?!.

## УÆДДÆР МÆ НАЛ ФÆНДЫ МÆЛЫН

Мæ уды тар бонты бæллын
Мæ цардæн басаста йæ нывæнд.
Уæддæр мæ нал фæнды мæлын –
Уæларвмæ фехъуысти мæ дывæнд.

Уынын, цы расайдта мæ куыд.
Æмбарын, чи райы мæ сæфтыл.
Уæларвмæ нал хъуысы мæ куывд,
Мæ бон дæр нал цæуы мæ цæфтыл.

Æмæ мæнгæвдисæнты бардз
Мæнмæ æгъатырæй æвзиды.
Мæ рыст мын агайы сæ арц,
Сæ маст мæм адæргæй æхсиды.

Уæвгæ дæр, ацы мæлæн дуг!
Лæг дзы зындоны рыст æвзары.
Куы схъары зæрдæйæн йæ туг,
Уæд дзы фыдлæг та йе 'нгуыр дары.

*ЦОМАРТАТЫ Изæтбег*

## УДЫБÆСТÆ

*Радзырд*

Æмбисонды зæрдæагайæг музыкæ япойнаг рæсугъд магнитофонæй ивылы æмæ стыр райдзаст уаты сабыр цады дзир-дзургæнгæ фæлхъæзæнау сындæггай хæлиу кæны. Хæрзконд, гуырвидауц сылгоймаг фæлмæн диваныл йæхи фæстæмæ ауагъта æмæ йæм æнцад-æнцойæ хъусы. Цæуы йыл дыууиссæдз азæй чысыл фылдæр, фæлæ йæхимæ æнæрынцойæ биноныг кæй зилы, уымæ гæсгæ бирæ æрыгондæрхуыз у. Йæ уæлæ – æрвхуыз хъæдабæ халат. Йæ цæсгомыл ирдæй зыны, царды хæрзтæй кæй ницы хъуаг æййафы, сагъæстæ йын йæ мыдхуыз хæмпус дзыккуты кæрæттæм дæр кæй не 'вналынц, æмæ тынг амонддджын кæй у, уый. Ног зарджытæ 'мбырд кæнынæй фылдæр ницы уарзы. Никуы кусы, хъыгдарæг æй нæй, æмæ йæ рæстæг, царды сой нуазгæйæ, хъæлдзæгæй æрвиты. Йæ цуры цы чысыл æрттиваг стъол ис, уым телефоны дзæнгæрæг ныййазæлыд. Йæ урс къух æм зивæггæнгæ байвæзта, хæтæл систа, æмæ йæ хъæлæсы сойæсæрст мыртæ музыкæйы удылтайгæ зæлтимæ баиу сты:

– Алло.

– Галлæ, æз дæн – Лизæ. Бауайон дæм?

– Рауай, рауай, мæ къона. Ног диск диссаджы зарджытимæ балхæдтон, æмæ уыдонмæ дæр байхъусдзынæ.

– Æцæг зæгъыс æви?! – цины хъæр сирвæзт æрбадзурæджы риуæй.

– Уæдæ мæ удыкъæртты хуызæн æмхæрæфырты сайгæ кæнын?

– Фезгъорын дæм.

Куыддæр хæтæл æрæвæрдта, афтæ мидæмæ ‘рбахызти хæрзхуыз, ацæргæ, халассæр сылгоймаг. Æрыгонæй рæсугъд кæй уыди, уый бæрæг у йæ тымбыл лæгъз цæсгом, гыццыл æмраст фындз æмæ рæвдауæг цæстытæй.

– Мæ мард фен, ды иу хатт дæ рæузонддзинады азарæй фыдбылызы хаудзынæ, – уайдзæфгæнæгау, фæлæ уыцыиу рæстæг, аудгæйæ, дзуры Галлæмæ.

– Цæмæн афтæ зæгъыс, Райкæ?

– Уымæн æмæ дæ хæдзары дуар æдзухдæр гомæй дарыс.

– Дæ бонæй уай, мæ мадыхо, æмæ мæ чи цы давы?

– Къæрныхтæн æдылы ‘нхъæл дæ? Йæ цыппар уаты æртæ минæй чи сцалцæг кодта, уымæн йæ рæбын афтид куыд уыдзæни? Æрмæст дæ персайнаг гауызтæ дæр бирæйы аргъ куы сты.

– Бон сихорафон сын цы тас у? Бирæгъты ‘хсæн куынæ цæрæм, мыййаг, – бахудти Галлæ, сыстади, ахъæбыс ын кодта, æмæ диваны дыуузæ кæроны ‘рбадтысты.

– Ма зæгъ, бирæгътæй дæр цух не стæм. Дæ Хуыцауы хатырæй, худгæ ма кæ, уый хъазын нæу, – стыр бæллæхæй хизæгау æй фæдзæхсы Райкæ.

– Уыдонæн – къах сæ роны, – йæ къух сыл стырзæрдæйæ ауыгъта Галлæ æмæ йæ ‘лхыскъгæнæгау бафарста: – Куыд ма нæм фæрæдыдтæ, дæ хорзæхæй? Цы хур, цы къæвда дæ ‘рбахаста нæ мæгуыр къæсмæ?

– Мæ хæдзар куыд уыди, уый та дын цы ныхас у? – тæргайхуызæй йæм бакасти Райкæ.

– Никæцæйуал зындтæ, æмæ мæм, зæгъын, кæд истæуыл фæхæрам дæ.

– Ницæуыл дæм фæхæрам дæн. Мæ тыхсты сахат дæумæ куы ‘рбазгъорын.

– Ныр дæр дæ хуыз мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Исты ‘взæр хабар?..

– Уастæн ыл йæ цæсгомы цъар æрлæбырæд! Тобæ, Хуыцау. Лæджы маст куы бацæуы, уæд йæ дзыхæй цынæ схауы.

– Афтæ карзæй кæй æлгъитыс, уый чи у? – бадис ыл кодта Галлæ, æмæ Райкæ цæттæ сынкъау фæкъæртт и:

– Кæй æлгъитын æнхъæл мын дæ? Ме ‘нæнтыст чызджы, æндæр кæй. Уыйонг рахъомыл у æмæ цардæн уымæй уæлдай мацы ‘мбар. Ныр уымæн цы бачындæуа? Мæнæн мæ игæртæ хæлынц, уый та æнæмæт кæл-кæл кæны.

– Цы дзы домыс? Сывæллон у ырма.

– Авдæны йæ бабæтт. Йæ цыппар æмæ ссæдз азы йæхи куы фесты, уæд ма йын цы афон у хъазынæн? Истыхуызы ма йæ хæдзар куы ссарид, æмæ дзы куы сæнæмæт уаин...

– Ма йын тæрс. Йæ фыды уæларт чи баззайа, ахæмы каст нæ кæны... –хинхудт февзæрд Галлæйы цæсгомыл æмæ уайтагъд æрбайсæфт. – Айфыццаг мын цыдæр лæппуйы кой кодта. Цыма кæрæдзийы бирæ уарзынц...

– Уæдæ æз цæуыл нæтын уæдæй ырмæ? – уыцы ныхæстæм йæ маст ноджы тынгдæр рафыхти Райкæйæн. – Кæд цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та – рæхуыст. Мæ лæппуйы маст мын æгъгъæд нæу, хъуамæ мæ ай та ингæнмæ батæра! Хуыздæр ма мын цы фæуой?!

– Нæ дæ ‘мбарын.

– Цы ‘мбарын дзы хъæуы? Айфыццаг нæм йæ гæвзыкк усгур йæ минæвæртты ‘рбарвыста...

– Ныр дæуæн цы загъдæуа? Æмæ ахæм ахсджиаг цау мæнæй куыд бамбæхстай? – йæ хъуыры абадти Галлæ.

– Хъуамæ цъиувæдис скодтаин? Ырма никуы – бæхы хуыррытт, никуы – ехсы къæрцц.

– Æмæ, æмæ...– цыма дзы ‘мбисонды хабар куы аирвæза, æмæ йæ царды стырдæр хъуыддаг æнæ кондæй куы баззайа, уымæй фæтарсти, уыйау сцымыдис и йæ хойы чызг æмæ йæм хæстæгдæр бабадти.

– Куыддæр нæ къæсæрæй æрбахизынмæ хъавыдысты, афтæ нæ лæг сæ размæ ‘рлæууыди æмæ сæ хъиладзагъдæй фæсырдта.

– Кæсæбийы ахæм æнæуæзданæй куынæ зонын.Уагæр сæм цæуыл смæсты и?

– Нæ буц сиахсаг шофыр у.

– Лизæ ‘мбаргæ чызг у. Хъуамæ ‘взæр лæппу ма равзара.

– Мæн дæр уый мары, уый. Дæ уынд – уынд, дæ конд – конд, де ‘гъдау – дæхимæ, мединституты сырх диплом – дæ къухы, дохтырæй кус æмæ утæппæт сæрæн лæппуты ‘хсæн дæхицæн хуымæтæг шофыры саккаг кæн.

– Фæлæуу-ма, фæлæуу.

– Цæмæ ма мæ лæууын кæныс, дæ фыды хатырæй?
– Кæд хорз адæймаг у, уæд та?
– Хуыцау æй Есо Чырысти дæр фæкæнæд. Шофыр мæ мæрдты дæр нæ хъæуы, уæлæуыл дæр!
– Ахæм зондимæ дæхæдæг куыд смой кодтай шофырмæ?
– Смой йæм кодтон æмæ дзы цы сойтæ смарзтон? Йæ арахъхъы тæфæй мæ сæры зылд никуы банцад. Мæгуырыл дур дæр хæрдмæ тулы. Йæ фырт дæр йæхи халдих рауади, ноззтæй уæлдай ма хъылма дымыныл дæр фæцалх и, æмæ цардæй мæлæты ‘хсæн дзедзырой кæнын. Ныр та мæ чызг дæр хъуамæ мæнау зындоны арты судза? Нæ, нæ! Фæлтау йæ фыды уæларт урс дадалитæ рауадзæд!
– Давидимæ куы æрæмдзых уыдаккой æмæ...– цыма стыр рæдыд æруагъта æмæ йыл фæсмонæй мæлы, уыйау æнкъардæй бафиппайдта Галлæ, æмæ та Райкæ фемæхсти:
– Уæдæ йæм мæ фæрстæ цæуыл хæлынц? Замманай бонзонгæ лæппу. Алцæмæй – æххæст. Сидзæрæй схъомыл и æмæ йæхи размæ ратардта. Мæскуыйы университет каст фæци. Нæ сæйраг газеты редакцийы кусы. Æрæджы диссаджы хæдзар райста.
– Уæдæ, уæдæ. Æмæ куыд курдиатджын у, уый та. Йæ уацхъуыдтæ, æмæ йæ очерктæ тынг дзæбæх фыст вæййынц. Йæ фельетонтæ йын куы фæкæсын, уæд та фырхудæгæй гуыбындихтæ фæвæййын.
Уыцы ныхæстæй йын цыма йæ артыл фæтæген бакалдта, уыйау Райкæ ссыгъди æмæ йæм хъуырыцъарæй лæгъстæгæнæгау йæхи байвæзта:
– Дæ мады хатыр бакæ, Галлæ, кæд ме ‘нæнтыст чызгыл йæ зæрдæ нæ сивта, уæд æй фæстæмæ раздах. Цыма йе ‘нæбайрайгæйы шофыримæ сæ мыды къæм бахаудта, – æваст æрбаймысыди æмæ мæстыйæ срæцыгъта: – Дæлдзæх фæуæд, æмæ нæм æй Хуыцау топпæхстмæ дæр мауал æрбауадзæд!
– Куыд ма йæ раздахон? – дызæрдыггæнгæ, йæ уæхсчытыл схæцыди Галлæ.
– Хæйрæджы хуылфы цал тъанджы и, уый куы зоныс, уæд дын исты ‘рбаймысын амонын хъæуы?
– Сайын мæ мæрдты удхæссæг у.
– Хорз хъуыддаг саразыны тыххæй фæсайын тæригъæд нæу.
– Уымæй раст зæгъыс, – йемæ сразы и Галлæ æмæ хъуыдыты аныгъуылди.

– Æцæг дæ куыд ничи бамбара, афтæ. Мæ худинаг æнæхъæн комы дæр нал бацæудзæн. Сæ ницæйаг чызджытæн хорз лæгтæ чи ахста, мæхæдæг ахæм сылгоймæгтыл худтæн, фæлæ хуыздæр гæнæн нæй. Мад йæ хъæбулы тыххæй цынæ бакæндзæн, – мæтæйдзаг хъæлæсæй йæхи сраст кæныныл ацархайдта Райкæ æмæ йæ кæуинаг хъысмæтыл маройгæнæгау йæ сæр дыууæрдæм батылдта.

Дуар æрбайгом и, æмæ уатмæ, мидбылхудгæйæ, æрбахызти саухил, гуырвидауц, хæрзконд чызг цигайнаг кæркæ-мæркæ къабайы.

– Кæй кой кæнай – къæсæрмæ! – бацин ыл кодта Галлæ.

– Æвзæр йæ коймæ цæуы, растдæр зæгъгæйæ та, куыдзы кой скæ æмæ дæ къухмæ лæдзæг райс! – фæрæхуыста йæ Райкæ, фæлæ йæ цæстæнгасæй бæрæг у, бирæ йæ кæй уарзы æмæ дзы сæрыстыр кæй у, уый.

– Мамæйы бон-изæрмæ доны хъæстæ дæр ма фæкæ, æрмæст æй мæ фыдгой кæнын бауадз, – бахудти Лизæ æмæ йе 'мхæрæфыртмæ аздæхти. – Галлæ, рæвдздæр мын исты хæринаг фен, сыдæй мæлын.

– Мæнæ ма нæ цуры абад æмæ нæм иучысыл байхъус, – бардзырд дæттæгау æм æрхатыди Райкæ, æмæ чызджы рæсугъд цæсгом фæтар и, йæ хъæлæсы та карз мыртæ фæзынди:

– Ныууадз-ма, мамæ! Цы зæгъинаг мын дæ, уый мæ дыууæ къухы хуызæн зонын!

– Гъей, дæ мадмæ цы дзыхы уагæй дзурыс?! – тарæрфыгæй йæм бакасти Галлæ, æмæ чызджы цæстыты знæт æрттывд зынгæ фæмынæгдæр и.

– Папæимæ адон Созыры минæвæрттæн цы ныхæстæ фæкодтой, ды уый куы фехъуыстаис, уæд фырæфсæрмæй зæххы скъуыды ныххауыныл сразы уыдаис.

– Хорз ма ракæ æмæ фыд ма ссарай, – тæргайхуызæй бафиппайдта Райкæ. – Æгайтма дæ уыцы æнахуыргонды æнæхсад тæфæй фервæзын кодтам. Уый фæстæ ма нын бузныг дæр зæгъдзынæ.

– Галлæ, хæринаг дæм ис æви нæй? Мæн не 'вдæлы, куыстæй æхсгæ уад æрбакодтон, – йæ мады 'лхысчъытæй фервæзыны тыххæй дзуры Лизæ.

– Ныртæккæ, ныртæккæ, мæ хæдзар. Хъæрмхуыпп уæларт авæрон, – диванæй фестади фысым, цæлгæнæны фæмидæг и

æмæ уайтагъд фæстæмæ фездæхти. Лизæ рудзынджы цурмæ бацыди, тæрхæгæй чиныг систа æмæ йе 'мхæрæфырты цымыдисæй фæрсы:

– Галлæ, ай та дын кæм уыди?

– Давид мын æй балæвар кодта. Йæ фельетонтæ дæ зæрдæмæ нæ цæуынц?

– Цæуынц.

– Автор йæхæдæг та?

– Мæ-гъа... Бакастæй йын ницы у, фæлæ... æгæр фæдæрдджын и...

– Тынг хорз æй зонын æмæ дын фидарæй зæгъын, куы йæм смой кæнай, уæд ын фырамонддджынæй йæ азтæ нал уындзынæ... Нæ лæг дæр мæнæй бирæ хистæр у, фæлæ йæ æз иу æрыгонæй дæр нæ баивин...

– Куы йæ атардта, уæд ма йæм куыд смой кæндзæн?! – йæ фындзы бын бахъуыр-хъуыр кодта Райкæ, æмæ йæм Лизæ цæхгæр фæзылди.

-– Ницы йæ атардтон.

– Тардыл ма-иу сыкъатæ вæййы?!

– Цом, дам, киномæ. Нæ мæ, зæгъын, æвдæлы. Уæд та, дам, райсом. Райсом дæр мæ, зæгъын, нæ равдæлдзæн.

– Æмæ уый зондджын чызджы дзуапп у?!

– Æцæг усгур иу «нагъ»-æн дуарæй нæ фездæхы. Уæдæй фæстæмæ ма йæ дæ цæсты кæронæй дæр федтай?

– Мæнмæ арæх æрбауайы, – йæ мадыхойы ныстуаныл хъуыдыгæнгæйæ, æрбаймысыди Галлæ. – Лизæ, бирæ дæ уарзы, фæлæ дæм уыцы æнæхсæст дзуæппыты фæстæ йæ ныфс нал хæссы.

– Куыд ма йæм хæсса йæ ныфс?! Исты æнæуууылд ныхас та дзы схаудзæн, æмæ йын йæ зæрдæ бынтондæр асæтдзæн!

– Ахæм тæппуд сиахс дæ цæмæн хъæуы, мамæ?

– Тæппуд нæу. Уæдæмæ йæхицæн аргъ кæнын зоны, – Давиды фарс рахæцыди Райкæ.

– Цæуон, æз мæхи истæмæйты афсадон. Сымах хæрдджын стут æмæ уæ зæрдæ 'ндæр цыдæртæ агуры, – йæ был сыл акъуырдта Лизæ æмæ цæлгæнæнмæ бацыди.

– Зæрдæхъæрмттæ кæуыл кæныс, уый-ма бафæрс, Симæ дын, зæгъ, чи у æмæ йæ, зæгъ, кæд курынмæ хъавыс? – йæ зæрдæйы йын дызæрдыджы мыггæгтæ тауы Галлæ. Райкæ йæ

сæр æхсызгонæй тилы, тынг раст ын кæныс, зæгъгæ, æмæ йæ сусæгæй фæрсы:

– Куыд дæм кæсы? Нæ фæндыл сразы уыдзæн?

– О. Мæ бар ма сæ бауадз ныр, ды та чындзæхсæвмæ дæхи цæттæ кæнын райдай.

– Тæхуды, мах дæр искуы исты амонд куы фæуаид. Давид йеддæмæ мæ ничи хъæуы сиахсæн.

– Уæртæ йæ уыцы рæучи куы бамбарид...– загъта Галлæ. Гыццыл раздæр йæ мойы тыххæй цытæ дзырдта, уыдон дзы ‘рбайрох сты, æмæ ма йæ ныхасмæ йæхицæн тæригъæдгæнæгау хъæрдæрæй бафтыдта: – Мæнæн куы фæуыдаид ахæм лæг. Бон-изæрмæ йæ фарсмæ бадин æмæ йын йæ зондджын ныхæстæм хъусин.

– Уæд та дæхионы ныууадзис æмæ уыимæ бацæрис? – йæ хиндзинад ын бамбæрста чызг æмæ йыл бахудти.

– Ды хынджылæг кæныс, фæлæ ма дæ къухы фыдтæм дæндагæй лæбурдзынæ, куы фæрæдийай, уæд! – йæхи йæм нал баурæдта Райкæ.

– О Хуыцау, уæ ныхмæ куы ницы дзурын.

– Æмæ ма нæ ныхмæ дæр дзурай?! Æз дæ бынаты куы уаин...

– Райдыдтай та, мамæ! Цы дæ фæнды, уый кæн, æцæг мæ иу ран ныууадз! –цæлгæнæнæй сæм райхъуыст Лизæйы тыхстхуыз хъæлæс, æмæ дыууæ сылгоймаджы кæрæдзимæ фæрсæгау бакастысты.

– Мæнмæ гæсгæ, уый разыйы дзуапп у, – йæ цин æмбæхсгæйæ, сабырæй дзуры Галлæ.

– Хивæнд у, æмæ тæрсын, нæ хъуыддæгтæ нын куы фехала. Райсом йæ сæры цы фæкуыси уыдзæн, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Дæ хорзæхæй, уыцы лæппуйæн рæвдздæр бакой кæ, науæд цынæ вæййы... Æцæг нæ хабар макæй хъустыл æрцæуæд. Мæ амæлæты бонмæ дæр мæ цæсгом нал ссыгъдæг уыдзæн, – сусу-бусугæнгæйæ, йæ сæр дыууæрдæм тилы Райкæ.

– Ма тæрс: мæ былы бынæй дæр не схаудзæн, – йæхиуыл æй æууæндын кæны Галлæ.

– Бузныг. Дæ хорздзинæдтæ дын Терчы донæй дæр нал бафиддзынæн.

– Дæ чызг йæ амонд ссарæд, æндæр мæн ницы хъæуы.

Райкæ йæ сæвджын уæрджытыл ныххæцыди, диванæй уæз-

зау стад скодта æмæ ацыди, Лизæ дæр йæ хæринæгтæ ахордта æмæ фынгæй фæгæпп ласта.

– Дæ минас бирæ. Зарджытæм хъусынмæ дæм æндæр хатт æрбауайдзынæн. О хæдæгай, æрдæбон та цавæр Симæйы кой кодтай?

– Созыры уарзоны...Курынмæ йæ хъавы, дæуимæ та йæ рæстæг æрвиты...

Лизæйы цæсгом фæсагъæсхуыз и, къæсæргæрон ма иучысыл, дызæрдыггæнгæйæ, афæстиат и, стæй феддæдуар и. Галлæ бæстастæу лæууы æмæ йæхинымæр хъуыдытæ кæны:

«Йæ зæрдæмæ йын цы дызæрдыджы мыггæгтæ ныппæрстон, уыдон билцъ уадзын райдыдтой. Ныр Райкæйы коммæ æнæ бакæсгæ нæ фæуыдзæн. Диссаг у ныййарæг мад, æдзухдæр йæ цотыл сагъæс кæны. Нæ номдзыд ахуыргæнæг йæ рæсугъд чызгæн лæг ахсынмæ ‘рхаудзæн, уый мæ никуы бауырныдтаид. Давидæн куыд æхсызгон уыдзæн, уый мæ цæстытыл уайы. Фæлæ йын æй цыхуызы бамбарын кæндзынæн? Цæй, куы ‘рбацæуа, уæд хъуыддæгтæ сæхæдæг сæхи амондзысты. Æниу цы стыхстæн? Лизæйы зæрдæ дæм фæтæнæг и, æмæ йæм дæ минæвæртты барвит, зæгъгæ йын комкоммæ куы зæгъон, уæд йæ цæсты нæ фæныллæгдæр уыдзыстæм. Ахæм лыстæг хабæрттæм йе ‘ргом чи здахы, уыдонæй нæу».

* * *

Гæдыйы къах цыбыр у. Мæнг ныхас адæймагæн йæ кад цы сафы, æндæр ын хорзæй ницы дætты, фæлæ дзы уæддæр æнцонæй пайда кæны. Кæй фæливы, уымæн стыр ныфсимæ йæ зæрдæйы марг дæр кæй æвæры, уый ницæмæ дары, æмæ арæх йæ фæстиуæг дурты зæй расайы, хохы цъуппæй, гыбар-гыбургæнгæ, рацæуы æмæ аххосджынæй, æнаххосæй – се ‘ппæты дæр йæ быны ныссæнды. Галлæ уый æмбары, цымæ? Æмбаргæ – нæ, фæлæ йæм уыцы хъуыды ‘мгæрон дæр нæ цæуы. Йæ мадыхойы ныстуан зæрдиагæй æххæст кæны. Дарддæр цы уыдзæн, уый йæ ‘ппындæр не ‘ндавы æмæ, хъæлдзæг ныхæстæгæнгæйæ, хъазгæ æмæ худгæйæ, телефонæй Давиды йæхимæ хоны. Мæ райгуырæн бон у, зæгъгæ, йæ сайы, æмæ йыл хорздзинадмæ ‘нхъæлмæгæсæг абадгæ усгур æууæнды. Уарзгæ чи кæны, уый тыхст рынчынæй уæлдай нæу. Хуымæтæг мелæй конд таблеткæ дæр ын йæ зæрдæйы рыст æвдадзы хосау исы...

Иуцасдæр æнувыд хæстæджытау телефонæй хъæрмуд ныхас фæкодтой, стæй Галлæ хæтæл æрæвæрдта, цæлгæнæны хъæлдзæгæй фæмидæг и æмæ фынгыл йæ цæст ахаста. Нæлгоймагæн йæ зæрдæмæ фæндаг йæ ахсæныл кæй цæуы, ууыл мисхалы бæрц дæр нæ гуырысхо кæны. Йе стырхицау мойы 'хцатыл нæ бацауæрста æмæ дуне хæринæгтæ балхæдта. Дзадджджын уæлибæхтæ, карчы фыд, зынаргъ кæсæгтæ, сау еугæф, цыхт, алыхуызон нозтытæ, дыргътæ, халсартæ. Уадз æмæ се суинаг сиахс зона, кæимæ бахæстæг кæнынмæ хъавы, уыдон дзыхъхъы лæуд кæй не сты, уый! Йæ райгуырæн бон сбæрæг кæныны тыххæй хуымæтæг уазæгæн ахæм фынгтæ чи æвæры, уый ма стырдæр хъуыддæгты та йæ кадджын уазджытæн цавæр фынгтæ æрæвæрдзæн!

Æрдæггом дуар æрбахостæуыди, æмæ уатмæ 'рбахызти æстдæс æмæ ссæдзаздзыд саухил лæппулæг. Йæ хæрздаст цæсгом – дæргъæлвæс, къæсхуыр, йæ цæстытæ – хъуыдыдзаст. Йæ кæддæры бæзджын сæрыхъуынтæ йæ тенкайыл бæлвырд фæтæнæг сты. Йæ ныхыл лыстæг æнцъылдтæ фæзынди. Йæ къæмисæнтыл халас зына-нæзына фæхæцыди, фæлæ йе 'рфгуытæ нырма бæзджын æмæ сау сты. Йæ уæлæ – фæныкхуыз костюм æмæ урс хæдон. Йæ туфлитæ дæр – фæныкхуыз. Йæ иу къухы – сырх уардиты баст, иннæйы – зынаргъ къафетты къопп.

– Æмбæлы уæм? – дзуры нымдгæнгæйæ.

– Мидæмæ, мидæмæ! – цыма кæддæр-никæд йæ хурæн хур федта, уыйау ыл цин кæны Галлæ. – Дæ ныхасæн хицау дæ, бирæ 'нхъæлмæ кæсын дæм нæ бахъуыди.

– Дæ райдзаст хъæлæс дын куы фехъусын, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма мыл рæхджы цыдæр хорздзинад æрцæудзæн, æмæ дæм æрмахуыр бæлонау æвæстиатæй æрбатæхын.

– Хорздзинад дыл æнæмæнг æрцæудзæн, фæлæ дæ цæй дидинджытæ æмæ къафеттæ 'лхæныны 'фсæрм уыди?

– Дæуæн паддзахы лæвæрттæ кæнын æмбæлы, фæлæ дын дæ хабар æгæр æрæгмæ фехъуыстон...

– Æз мæ райгуырæн бон никуы фæбæрæг кæнын, фæлæ, зæгъын, ацы хатт мæ фæнд аивон, мæ хæларимæ абадон æмæ йемæ зæрдæбын ныхæстæ акæнон. Адæймаг зондджын лæгыл арæх сæмбæлы?

– Тынг мæ раппæл.

– Æппæлинагæй æппæлын хъæуы, иннæтæй цæмæй хицæн

кæны, уый куыд зона æмæ царды ныфсджындæр куыд уа. Цом æмæ дæм истæмæйты фæкæсон. Замманай коньяк мæм ис. Сæрмагондæй йæ дæуæн бавæрдтон, – мидбылхудгæйæ, загъта Галлæ, дидинджытæ æмæ къафеттæ стъолыл æрæвæрдта, йæ уазæджы цæлгæнæнмæ бакодта æмæ хæринæгты 'хсæнæй сомихаг коньячы авг систа.

– Бузныг, æз нæ нуазын. Дзæгъæлы йæ ма гом кæ, – йæ къух батылдта Давид.

– Ау, мæ цæрæнбоны тыххæй æнæ баназгæйæ куыд ацæудзынæ?

– Гъемæ кæд афтæ у, уæд гал хосæй амæлæд, – йæ мидбылты бахудти усгур дæр. Фысым дыууæ гыццыл агуывзæйы коньяк рауагъта, æмæ дзы уазæг иу систа.

– Галлæ, æрдз дын сызгъæрин зæрдæ радта, æмæ йæ не 'лгъыст бæстæйы фæлдурæдджджын царды чъизи кæнын нæ бауагътай. Уымæн стыр хъаруйы хицау уæвын хъæуы, æмæ æдзухдæр дæ хъару дæхимæ куыд уа, ахæм хорздзинад дын Хуыцауы цæст бауарзæд, – скуывта зæрдиагæй æмæ йæ нуазæн анызта.

– Бузныг, Давид, бузныг. «Мæ зæгъинæгтæ рæстæджы цыдимæ куынæ фæахадгæдæр уыдзысты, уæд ма сæ фæстæдæрмæ цы 'ргъæвын?» – йæхинымæр ахъуыды кодта Галлæ æмæ ма йæ ныхасмæ бафтыдта: – Дæ царды хорзæй ницы федтай, æмæ дæ мах фæрцы дæ зындзинæдтæ куыд ферох уой, уыцы хорздзинад дын дунейы фарн саккаг кæнæд. Немæ бахæстæг кæнын дæ фæнды, æмæ дæ бæллиц дæ къухы бафтæд.

Фысым йæ агуывзæ равдæлон кодта, æрбадтысты æмæ комдзаг кæнынц.

– Мæнмæ та ахæм амонд кæцæй хауы? – æрæджиау ныфссастæй загъта Давид æмæ арф ныуулæфыд.

– Лæг домбай у, цы йæ бафæнда æмæ цынæ бакæндзæн.

– Кæд ма мæн нæ фæнды. Æдзухдæр Лизæйы сурæт мæ цæстытыл уайы, мæхицæй йæ тæрын, фæлæ нæ комы. Мæ зæрдæ дуды, цыма дзы цывзыйы дон ныччындæуыди. Алы 'хсæв дæр æй мæ фыны уынын. Мæ хиды мæцгæйæ, райхъал вæййын, æмæ мæ хуыссæг нал фæахсы. Ахæм тыхст уавæры никуы уыдтæн æмæ, адæргæй цы фæуон, уый нæ зонын. Фæлтау сæм куы никуы бафтыдаин æмæ йæ куынæ федтаин.

– Ай бынтон лæмæгъ куы дæ. Чызджытæ уарзынц, сæ сæртæ

сын чи разилын кæна, ахæм ныфсджын лæппуты. Дуарæй дæ куы ратæра, уæд æм рудзынгыл бахиз æмæ йыл фидар æрхæц, лæджы тæф дæ кæй цæуы, уый йе 'ппæт буарæй дæр куыд банкъара, афтæ.

– Æз уыдонæй нæ дæн. Мæхи лæгдыхæй бауарзын кæнын мæ бон нæу. Стæй мæ ахæм уарзондзинад хъæугæ дæр нæ кæны.

– Цæуыннæ?

– Нæ йыл æууæндын.

– Ма зæгъ, ма зæгъ...Сылгоймаг зæрдæйæ нæ уарзы, фæлæ хъустæй. Æнувыддæр ыл чи уа æмæ йын рæсугъддæр ныхæстæ чи кæна, стæй арæхдæр кæй уына, йе 'ргом уымæ здахы. Бауæнд мыл, уымæн æмæ йæ мæхиуыл бавзæрстон. Æз дæ бынаты куы уаин, уæд Лизæйы нæ, фæлæ бæстырæсугъды дæр æртасын кæнин. Дæу хуызæн курдиатджын, хæрзæгъдау лæппутæ нæм бирæ ис?

– Æгæр тынг мæ ма 'ппæл: мæхиуыл фервæсдзынæн æмæ æнæ бинойнагæй баззайдзынæн, – зына-нæзына бахудызмæл Давиды цæсгом. Сылгоймаджы ныхæстæ йæ зæрдæмæ кæй фæцыдисты, уый бæрæг у.

– Æцæг дын зæгъын, æцæг. Гъер дын худинаг нæу? Дæ амондыл тох кæнын ма фæраз.

– Æнæ уарзгæйæ дæм чи смой кæна, уыимæ цæй амонд ссардзынæ?

– Дæхи йын бауарзын кæ.

– Куыд æгъдауæй?

– Цалдæр хатты йæм йæ куыстмæ бацу, дидинджытæ йын бахæсс...

– Æз кæй нæ уарзон, уый мын зæххы къори куы 'рбахæсса, уæддæр ын æй ницæмæ 'рдардзынæн.

– Чызг лæппуйæ 'нцондæр дзырд у,стæй дын чи загъта, нæ дæ уарзы, зæгъгæ?

– Йæ цæстæнгас, йæ хъæлæсы уаг. Мæсты йæм нæ кæнын. Алчидæр бæласæй хæрзад цæттæ дыргъ æртоныныл архайы, æз та дзы æгæр афæстиат дæн, æмæ мæ аргъæй дзæвгар ахаудта. Уыимæ дын йæ уарзон...

– Кæм æй федтай?

– Айфыццаг проспекты иумæ 'рбацæйцыдисты.

– Æмæ дæм куыд фæкасти?

– Ахæм лæппутæ алы ран дæр – бирæ. Чиныджы сыфтæ кæцырдæм фæлдахгæ сты, уый зонгæ дæр нæ кæнынц. Се стырдæр мæт – нуазын, хæрын æмæ рæузонд чызджыты рæвдауын. Уа-диссагæй йæм ницы и, фæлæ уæддæр мæнæй хуыздæр уавæры и.

– Цæмæй?

– Æрыгон у, уымæн та, мой æвзаргæйæ, стыр нысаниуæг и.

– Æнахуыргонд шофыр кæй у, уый та?

– Уарзгæ чи кæны, уыцы ‘взонг зæрдæ ахуыр æмæ дæсныйадмæ нæ кæсы. Уыдон уый фæстæ ‘взарын райдайы, йæ лæджы æнæхсæст митæй куы сфæлмæцы æмæ сæ лыстæг сасирæй куы фæлуары, уæд...

– Лизæ зондджын чызг у, рагацау æм æркасти, йæ мæгуыр удыхъæд ын базыдта æмæ йын ком нал дæтты, – цæмæй йе ‘мхæрæфырт рæузондыл нымад ма ‘рцæуа, уый тыххæй йæ сайы Галлæ.

– Уарзондзинад «сис æмæ йæ аппар»-æй куы уаид, уæд дзы мæнæй раздæр ничи фервæзид.

– Бауырнæд дæ, Давид, се ‘хсæн ницы ис.

– Уæдæ йын йæ минæвæрттæн фæндаг цæмæн радта?

– Хæддзуйæ ‘рбацыдысты, æмæ сæ атардта.

– Лизæ йæхæдæг? – дызæрдыггæнæджы хъæлæсæй йæ фæрсы Давид æмæ йæм æнæууæнк цæстæй кæсы.

– О. Фæстаг рæстæджы дæуыл уымæй фенувыддæр ис, æмæ ма йæ иу хатт бафæлвар. Уæвгæ ма йæ фæлваргæ дæр цы кæныс? Не ‘хсæн æмбæхст ницы ис, æмæ йын æз йæ зæрдæйы уаг хорз зонын. Сабаты йæм дæ минæвæртты барвит æмæ хъуыддаг алыг кæ. Мæхи кæй у, уый тыххæй дын нæ зæгъын, фæлæ диссаджы хорз чызг у, фæлмæнзæрдæ, коммæгæс, сыгъдæгуарзаг. Амонын ын ницы хъæуы. Алцыдæр æмбары. Куы баиу уат, уæд тынг амондджын уыдзынæ.

– Ехх, бæргæ, бæргæ! – бæллицты къуыбылой фестади Давид æмæ, йæ адджын сæнтты байдзылгæйæ, йæ фæлгæнæны исдугмæ уæлæрвты фæтахти, æрæджиау зæхмæ æвæндонæй æрхызти æмæ та арф ныуулæфыди. Иуцасдæр ма зæрдæбын ныхæстæ фæкодтой, стæй Галлæ йæ уазæгмæ ‘рхатыди:

– Цæмæй нæ хъуыддæгтæ хорз ацæуой, уый тыххæй ма фæйнæ баназæм.

– Нæ, нырма мæ кусын хъæуы. Стъолыл мæм мæ фельетон

ӕнхъӕлмӕ кӕсы. Йӕ ныффыссынӕн мӕм хъуамӕ сӕрмагонд равг уа, науӕд фӕлвых рауайдзӕн ӕмӕ никӕмӕ бахъардзӕн, – загъта Давид ӕмӕ сыстади.

– Гъемӕ хорз. Нӕ сиахс куы бауай, уӕд-иу абаддзыстӕм. Уӕвгӕ, дӕхион дӕхи куы фӕуа, уӕд мӕм зынгӕ дӕр нал фӕкӕндзынӕ.

– Зӕрдӕцъӕх дӕр ма мӕ фӕуыдзынӕ.

Дыууӕйӕ дӕр бахудтысты ӕмӕ кӕрӕдзийӕ райгондӕй фӕхицӕн сты.

* * *

Рог уддзӕф рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ 'рбаулӕфы, донхӕрисы даргъ дзыккутӕ зына-нӕзына базмӕлын кӕны ӕмӕ сабыргай се 'хсӕн ӕрфынӕй вӕййы. Лизӕ йӕ хӕдзары цур бӕласы бын ӕрхуымӕй бады ӕмӕ кӕдӕмдӕр хъуыдыдзастӕй кӕсы. Ӕнӕнхъӕлӕджы Созыры уазал хъӕлӕс йӕ хъустыл ауади, ӕмӕ фестъӕлфыди.

– Дӕ изӕр хорз.

– Ӕгас цу.

– Дӕхи мӕ иуварс ласын куы райдыдтай. Ау, афтӕ тынг дын сӕнад дӕн?

– Цы зӕгъинаг ма мын дӕ?!

– Тызмӕгӕй мӕм цӕмӕ дзурыс? Цы азымджын дӕн дӕ разы?

– Лӕгъз ныхӕстӕ та дын-иу амӕй фӕстӕмӕ дӕ уарзон кӕнӕд.

– Мӕнӕн дӕуӕй уарзондӕр адӕймаг нӕй.

– Бирӕ гӕды ныхӕстӕ мын фӕкодтай, ӕмӕ мын уыдон фаг сты. Зынаргъ дын куы уыдаин, уӕд ӕвиппайды Симӕмӕ нӕ фӕзылдаис.

– Раст нӕ дӕ, Лизӕ. Не 'хсӕн ницы ис, стӕй дзы уӕвӕн дӕр нӕй. Фӕлӕ ма мын ды зӕгъ, дӕ ныййарджытӕ мын мӕ минӕвӕртты куыдзӕй куыдздӕр цӕмӕ бакодтой?

– Уӕ гормон, кӕд дӕ къахгӕ кодтой, уӕд та?

– Мӕн къахын нӕ хъӕуы. Кӕй дӕ уарзын, уый хорз зоныс.

– Уый уарзондзинад нӕу.

– Уымӕй ма тынгдӕр уарзӕн куыд и? Иу цард мын и ӕмӕ дын ӕй ныртӕккӕ дӕр дӕттын.

– Ахӕм лӕмӕгъ разындзынӕ, уый ӕнхъӕл дын нӕ уыдтӕн. Мӕ ныййарджытӕ мын мӕ размӕ цыфӕнды цӕлхдуртӕ куы

сæвæрой, уæддæр, зæгъын, Созыры ныфсæй сæ сæрты ахиздзынæн æмæ фæрæдыдтæн. Фыццаг гæрæхтæй фæтарстæ æмæ дæ хотыхтæ æрæвæрдтай.

– Алчидæр лæджы ном хæссынæн райгуырди. Мæ минæвæрттæ уæм давынмæ нæ бацыдысты. Дæ фæндæй сæ барвыстон, æмæ мын сæ дæ ныййарджытæ куыдзы къахæй фæнадтой.

– Æз дæр сæ разы нæ дæн, фæлæ сын цы бакæнон? Мæ амондыл тох кæнынц сæхирдыгонау. Кæй рæдийынц, уый сын бамбарын кæнынмæ хъавыдтæн, фæлæ ды ‘рбайсæфтæ, æмæ мæ уæнгтæ æрызгъæлдысты.

– Искæй фæаххосджын кæнынæй æнцондæр ницы ис, зын хи аххосыл басæттын у...

– Кæрæдзийы аххосæгтæ нымайын кæм райдыдтам, уым нæ хъуыддагæй ницыуал рауайдзæн, – зæрдаивæй загъта Лизæ æмæ йæхиуыл схæцыди.

– Фæлæуу-ма иучысыл, – йæ цонгмæ йын бавнæлдта лæппу.

– Цæмæ ма мæ уромыс? – йæхи дзы атыдта чызг.

– Дæуæй афтæ, æз æй не ‘мбарын, цæмæн мыл сыстырзæрдæ дæ, уый.

– Цæмæн?

– Парчы кæимæ лæууыдтæ, уый тыххæй.

– Мæ зонгæтимæ мын æрлæууæн дæр нал и? Ахст куынæ дæн, мыййаг. Ныр мæ фæдыл кæм зилыс, уым ма мын иумæ цæргæйæ та цытæ кæндзынæ?

– Дæхицæй рæуыг сывæллон ма араз. Кæд æй уарзыс, уæд мын æй æргомæй зæгъ, æмæ дæ мæ бон базонон...

– Мæнæн иу зæрдæ йеддæмæ нæй æмæ йæ дæуæн радтон, фæлæ мæ нæ бамбæрстай...

– Лизæ, цыфæнды куы фæкæнай, уæддæр дæ дæ ныййарджытæ мæнæн нæ ратдзысты, æмæ алидзæм.

– Нæ, нæ! – йæ цæстытæ фыртæссæй ахъоппæг сты Лизæйæн. – Уый тыххæй мæм дзургæ дæр макуыуал скæ. Мæ бинонтæ мыл бахъоды кæндзысты, адæм та мæм сæ къухæй амондзысты. Адæймаг иу хатт йеддæмæ нæ цæры æмæ хъуамæ æдзухдæр йæ сæр бæрзæндты хæсса. Къæмдзæстыгæй цæрыны бæсты мæ ницавæр амонд хъæуы.

– Уæдæ цы бакæнæм? – ныфссастæй йæ фæрсы Созыр.

– Нæ зонын. Рæстæг цæуы æмæ фарн йемæ хæссы, – саст хъæлæсæй йын æбæрæг дзуапп дætты Лизæ.

– Уыдон ӕнӕуд хус ныхӕстӕ сты. Рӕстӕг нӕ кӕрӕдзийӕ цы фӕхицӕн кӕна, ӕндӕр нын ницы фарн ӕрхӕсдзӕн. Мемӕ рацу.

– Иучысыл ма банхъӕлмӕ кӕсӕм. Ӕз мамӕйы зондахаст аивыныл бацархайдзынӕн. Кӕд сразы уаид...

Ацӕргӕ лӕгуынсӕр лӕг, заргӕ ӕмӕ цудтытӕгӕнгӕ, фисынӕй ӕрбазынди ӕмӕ сӕ цурмӕ 'рбацӕуы.

– Ацы къупри тӕхудиаг нӕу? Банызта, ӕмӕ йӕ ницыуал мӕт и... – хӕлӕг ӕм кӕны Созыр.

– Папӕ?! – удаист хъӕр сирвӕзт Лизӕйы риуӕй.

– Кӕсӕби у?

Чызджы цӕсгомыл арт ссыгъди. «О», зӕгъгӕ, йӕ сӕр батылдта ӕмӕ ныггуыбыр и. Фырӕфсӕрмӕй йӕ уарзонмӕ бакӕсын дӕр нал уӕнды. Кӕсӕби сӕм ӕрбахӕццӕ и ӕмӕ тызмӕгӕй фӕрсы йӕ чызджы:

– Ам та цы ми кӕныс?!

– Ницы, – тыххӕйты сфӕрӕзта зӕгъын Лизӕ ӕмӕ сӕ цурӕй алыгъди. Кӕсӕби Созырмӕ йе 'ргом аздӕхта ӕмӕ йыл сабухта:

– Лӕппу, ды махӕй ӕххӕст дзуапп нӕ райстай?!

– Райстон, фӕлӕ... Дӕ чызгӕн йӕхи фӕнды...

– «Фӕлӕ»-тӕ мауал кӕ уӕдӕ! Мӕ чызджы цы фӕнды ӕмӕ цы нӕ фӕнды, уый ӕз дӕуӕй хуыздӕр зонын, ӕмӕ йӕ иу ран ныууадз!

– Афтӕ хӕрам мӕм цӕуыл дӕ? Куы ницы 'взӕрдзинад дын ракодтон.

– Сиахсӕн мӕ нӕ хъӕуыс ӕмӕ мӕм хӕстӕг мауал цу! Мӕ удӕгасӕй Лизӕйы къах дӕ хӕдзары нӕ уыдзӕн, ӕмӕ дӕ йемӕ куыд никуыуал фенон, афтӕ!

– Кӕмӕн ӕй дӕттыс, уыимӕ амондджындӕр уыдзӕн?

– Уый дӕ хъуыддаг нӕу! Хаугӕ кӕ ардыгӕй! Кӕс-ма уымӕ, хылычъи уасӕджы хуызӕн! – йӕ ныхас балхынцъ кодта Кӕсӕби ӕмӕ, цудтытӕгӕнгӕ, хӕдзармӕ бацыди. Райкӕ ӕмӕ Галлӕ диваныл бадынц, Лизӕ рудзынгӕй ӕддӕмӕ кӕсы ӕмӕ йӕхиуыл сагъӕс кӕны.

– Чызг, ӕз ма дӕ уыцы лӕппуимӕ 'рлӕугӕ куы фенон, уӕд дын дӕ донгӕмттӕ афаддзынӕн! – бартхъирӕн ӕм кодта Кӕсӕби. – Махӕн уыимӕ иумӕйагӕй ницы ис! Бамбӕрстай мӕ ӕви нӕ?! Дӕу нӕ фӕрсын?!

– Хъӕрты бын нӕ куы фӕкодтай. Салам уал нын ратт, – уайдзӕфгӕнӕджы хъӕлӕсӕй йӕм дзуры Галлӕ.

– Хатыр, хатыр... Куысты фæстæ лæппутимæ фæйнæ анызтам... Ӕгæр сабыр дæр ма уыдтæн, фæлæ мæ уыцы къулбадæг смæсты кодта, æмæ мæ уромæнтæ феуæгъд сты! Зæд дæр æм æнæ сдзургæ нæ фæлæудзæн! Сымахæн дæр цы загъдæуа! Айфыццаг мын цыдæр журналисты кой куы кодтат! Цы фæци, цы?!

– Цалдæр хатты нæм уыди, фæлæ йæ ды никуы ‘рбаййæфтай! Ӕппынæдзух арахъхъ æнцъухыс, хæдзармæ афойнадыл нæ цæуыс, æмæ дын кæй аххос у?! – йæ гæды ныхæстæ йыл ихы къæрттытау калы Райкæ.

– Дæу дæр дæ хæйрæджытæ мæныл сардыдтой! Дзæнгæда цæгъдæг устытæй ме сæфт уыдтон, æмæ дзы иу мæ хай фæци! – мæстыйæ срæцыгъта Кæсæби, стæй йæ цæсгомы хуыз аивта æмæ йæ ныхас иннæрдæм фæзылдта: – Ваннæйы хъарм дон ис?

– О. Дæ мард дын дзы анайæнт.

– Демæ цæрыны бæсты æз ме ‘нусон бынатмæ æнæ надæй ацæуыныл дæр разы дæн, – Галлæмæ йæ цæст фæныкъуылдта Кæсæби æмæ йæ фарсмæ ‘рбадти, йæ цонг ын йæ уæхсчытыл æрæвæрдта æмæ йыл йæхимæ ‘рбахæцыди. Цалынмæ хъазæн ныхæстæ кодтой, уæдмæ Лизæ ваннæ ныхсадта æмæ дзы хъарм дон рауагъта, табуреткæйыл йæ фыды сыгъдæг мидæггæгтæ æрæвæрдта, фæстæмæ ‘рбаздæхти æмæ йæм тавицгæнæгау бадзырдта:

– Папæ, цу, ваннæ цæттæ у.

– Галлæ, мæнæн цы сызгъæрин чызг и, уый ды зоныс æви нæ?!

– Зонын, зонын.

– Сымах ын цы лæппу равзæрстат, уымæ куы смой кæна, уæд сын æз хъæуы мæ фарсмæ стыр хæдзар сараздзынæн, хæдзар нæ, фæлæ – æргъæу галуан!

– Дæтгæ йын æй ракæ, галуан йæхæдæг сараздзæн.

– Уæллæй, ратдзынæн! – фидарæй загъта Кæсæби, ваннæмæ заргæ бацыди, æмæ та сылгоймæгтæн сæ ныхас адаргъ и. Галлæ алыхуызон фыдгæйттæй куы сфæлмæцыди, уæд Лизæмæ йе ‘ргом аздæхта.

– Давид дæм телефонæй нæ дзырдта?

– Нагъ. Куы мæм æрбадзура, уæд ын комкоммæ зæгъдзынæн: «Нæ хъуыддаг срæзинаг нæу, æмæ мæм мауал цу».

– Хуыцау дæ уыцы бæллæхæй бахизæд! – йæхи йыл тарстхуызæй сцагъта Райкæ.

– Тагъд ма кæ, Лизæ. Ды ‘мбаргæ чызг дæ æмæ бæстон ахъуыды кæ. Давид, кæй нæ бауарзай, ахæм адæймаг нæу. Сосыримæ йæ куы абарай, уæд дын дæ зæрдæ бацамондзæн, кæй уæхсчытыл дæ æрæнцой кæнын хъæуы, уый, – Райкæйы хъæддых ныхас фæфæлмæндæр кæнынил архайы Галлæ.

– Хæрæгæн йæ сæр фынгмæ хастæуыди, уый та зæхмæ тылди! Ацы хæлиудзых Давиды аккаг нæу! – уæддæр йæ тызмæг хъæлæсы уаг нæ ивы мад.– Ныхъхъуытты йæ уадз æмæ цæуа! Кæд æм исты амонд фенид, зæгъгæ, мах нæ удæй арт цæгъдæм, ай та...нæ хъуыддаг, дам, срæзинаг нæу!

– Кæд мын мæ амондмæ афтæ тынг бæллут, уæд мæ Созырæн раттут.

– Ныр амæн цы бачындæуа, Хуыцауы хатырæй?! Къæрттæй цъула куыд нæ ‘ппары! Цы кæныс уыцы æнæхæдзарæй?! Цардæн ды куыд æнхъæл дæ, ахæм хуымæтæг нæу! Ихæй бырынцъагдæр у, æмæ дзы дæ бонтæ, фæкæл-фæкæлгæнгæйæ, æрвитдзынæ!

– Раст дын зæгъы, раст, – йæ мадыхоимæ сразы и Галлæ. – Дæ цæсгом дзæгъæлы хъулæттæ кæныс. Фыццаг рæстæг дæм искæй æнуд ныккæнд дæр дзæнæт фæкæсдзæн, фæлæ дæ судзгæ монцты арт куы ахуысса, æмæ дæ кæуинаг цардмæ ‘рвонгæй куы акæсай, уæд дæм Созыры ‘взонгдзинад зынгæ дæр никæцæйуал ракæндзæн. Æз бирæ алыхуызон бинонты федтон. Бæллæхтæн сæ фылдæр мæгуырдзинадæй цæуынц, стæй ус йæ лæгæй ахуыргонддæр æмæ зондджындæр кæм вæййы, уыцы хæдзармæ амонд æмгæрон дæр нæ бацæуы. Дæрддыл цы зилæм? Мæнæ ма дæ ныййарджытæм бакæс. Дæ мад дæ фыдмæ цы хуртæ уыны?

– Мæ фыдгул мæ цæрдтытæ фæкæнæд! – цыма уыцы ныхæстæм æнхъæлмæ касти, уыйау уынгæг хъæлæсæй загъта Райкæ. – Æмæ ма уæддæр махæн гъæйтт-мардзæ хæдзар уыди, уыцы сæмпæрчъийæн та...

– Нырма иунæг дæ æмæ дæм цард хъазæгау кæсы, фæлæ дын искæй пъадвалы сывæллæттæ куы райгуыра, уæд фыртыхстæй æгæлæнтæ кæндзынæ.

– Бауадз-ма йæ, бауадз, цымæ йæ хивæнд митæй цы рамбулид!

– Æз æй рæдийын нæ уадзын, нæ! – цæхгæр æм ныллæууыди Галлæ æмæ йе ‘мхæрæфыртмæ азылди. – Лизæ, мæхицæн дæ ницы агурын. Бæстондæр ахъуыды кæ. Ды буцхаст дæ æмæ дын уыцы æрыгон лæппу зын уавæрты дæ удæй схъаздзæн, Давид та зондджын у, уæздан, хиуылхæст æмæ ницытæ æмæ

мацыты тыххæй хыл нæ ракъахдзæн. Тынг коммæгæс нæ дæ, æмæ дын дæ къæйных митæ бардзæн.

– Лæгъстиаг дæр ма дын уыдзæн, – кæрæдзи дзыхæй исгæйæ, йын Галлæ æмæ Райкæ йæ сæры уадзынц иу хъуыды: Давидмæ смой кæ æмæ амондджын уай, фæлæ сæм уый нæ хъусы.

– Сылгоймæгтæ куы стут, уæд мæ куыд нæ ‘мбарут?! Нæ мæ хъæуы, нæ!

– Цы аипп æм арыс, уый нын уæддæр зæгъ, æмæ дæ ныууадзæм! – фæстаг фæлварæнтæ кæны мад.

– Ницы...

Зæгъынмæ ма хъавыди, «æгæр зæронд у», зæгъгæ, фæлæ Райкæ йæ хъуыры абадти:

– Мауал дзур уæдæ! Немæ сразы у! Мах дæр дын исчи не стæм æмæ дæ былæй не ‘ппарæм!

– Цыбырдзырдæй, æз Давидæн зæгъдзынæн, æмæ уæм сабаты йæ минæвæртты ‘рбарвитдзæн, – йæ ныхас балхынцъ кодта Галлæ.

– Куыд зæгъыс, мæ чызг? Разы дæ нæ фæндыл? – бæлвырд фæлæгъздæр и Райкæйы нæргæ хъæлæс.

– Цыфæнды дæр кæнут,– йæ хъару кæмæн басæтты, ахæм тыхст адæймаджы хъæлæсы уагæй загъта Лизæ, йæ къух сыл ауыгъта æмæ балкъонмæ ахызти.

– Цалынмæ бафидауæм, уæдмæ ацы æнæнтыст Давидыл хицæнæй куыд нæ сæмбæла, афтæ бакæн, науæд нын нæ пълантæ фехалдзæн. Сæрхъæн! Йæ амондыл ын кæй тыхсæм, уый дæр не ‘мбары, – Галлæйæн сусæгæй дзуры Райкæ.

– Йемæ куы ацæра æмæ, цавæр лæг у, уый куы базона, уæд æй бамбардзæн. Чындзæхсæв кæм кæнут? – цыма хъуыддæгтæ иууылдæр конд сты æмæ ма дзы ‘рмæстдæр чызджы Давиды хæдзармæ арвитын баззади, уыйау æй фæрсы Галлæ.

– Хъæуы. Райсом цæуын æмæ агъуыстытæм базилон.

– Æз дæр нæхимæ бакæсон. Æгæр уæм ныффæстиат дæн. Афонмæ нæ лæг куыстæй æрбацыд, æмæ ‘ххормæг уыдзæн.

– Мæнæ ма йын иу чъири демæ айс, æмæ дзы хъармæй ахæра, – бузныгхуызæй загъта Райкæ, уæлибæх тæбæгъы авæрдта æмæ йын æй йæ къухты фæсагъта. Галлæ сæхимæ ацыди, Лизæ балкъоны сагъдауæй лæууы, æмæ сагъæс кæны:

«О Хуыцау, æнæ уарзгæйæ, йемæ куыд цæрдзынæн? Созыры йæ лæмæгъдзинады тыххæй æфхæрдтон, фæлæ мæхæдæг уымæй

ӕдыхдӕр разындтӕн. Уӕвгӕ мын мӕ мад ӕмӕ ме 'мхӕрӕфырты зӕрдӕ ӕвзӕрдзинад куынӕ зӕгъы, мыййаг. Кӕд ӕй ӕцӕгдӕр бауарзин. Фӕлмӕн зӕрдӕ йын кӕй ис, уый бӕрӕг у. Уӕдӕ, фыдынд дӕр нӕу. Зонд ӕмӕ курдиатӕй та – къӕдзӕх. Мӕ хъуыдытӕ схӕццӕ сты. Цы мӕ хъӕуы, уый мӕхӕдӕг дӕр нал зонын...»

* * *

Ӕнамонд лӕг теуайыл куы бада, уӕддӕр ын йӕ къӕхтӕм куыйтӕ лӕбурынц.

Йе 'рдхорд фыдбылызӕй фервӕзти, куывд скодта ӕмӕ йӕ сӕхимӕ ахуыдта. Давид ӕнхъӕл уыди, йе 'мгӕрттимӕ йӕ рӕстӕг хъӕлдзӕгӕй арвитдзӕни ӕмӕ йӕ фӕллад суадздзӕни, фӕлӕ фӕрӕдыди. Фынгтӕ ӕрӕвӕрыны размӕ йын йе 'мбал йӕ цонгыл аивӕй ахӕцыди, йӕ араллогӕнӕг уазджытӕй йӕ мидӕггаг уатмӕ бакодта ӕмӕ йӕ ахӕм хъӕлӕсы уагӕй бафарста, цыма йӕ ӕнӕсрастгӕнгӕ рӕдыдӕй ирвӕзын кӕны:

– Ӕццӕй, Кӕсӕбийы чызджы курыс?

– О. Иннӕбон сӕм мӕ минӕвӕртты 'рвитын.

– Ӕмӕ дӕ фӕндӕн аивӕн нал и?

– Ис, фӕлӕ цӕмӕн? Ӕвзӕр чызг у? – фӕгӕмӕл и Давид, йӕ уӕнгты ӕгӕрон тас бацыди, ӕмӕ скатай и.

– Рынчындоны мемӕ кусы ӕмӕ 'взӕр чызг нӕу, фӕлӕ йӕм алы изӕр дӕр иу лӕппу 'рбацӕуы. Кӕд дӕумӕ мой кӕны, уӕд ма йын уый та чи у?

Бас кӕй басудзы, уый донӕн дӕр фу-фу кӕны, Давиды та бирӕ хаттыты басыгъта, ӕмӕ алцӕмӕй дӕр стъӕлфын райдыдта. Йӕхи 'ппӕтӕй тынгдӕр хӕлд чызджытӕй хъахъхъӕдта ӕмӕ ӕнӕ усӕй дӕр уымӕн баззади. Кӕд та ацы хатт дӕр, йе 'рбахӕцӕнтӕ лӕмӕгъ кӕмӕн сты, ахӕм гаццайыл сӕмбӕлди, зӕгъгӕ, сагъӕстыл фӕци. Иуцасдӕр йӕхиимӕ фӕхъуырдухӕн кодта, стӕй телефонмӕ фӕндфидарӕй бацыди ӕмӕ Лизӕмӕ бадзырдта. Йӕ хъустыл чызджы бӕсты мады хъӕлӕс куы ауади, уӕд фӕкъуытты и, ӕмӕ йӕ дзыхы ныхас нал бадти.

– Дӕ изӕр хорз, – ӕрӕджиау дзы тыхамӕлттӕй сирвӕзти ӕртӕ дзырды.

– Кӕй изӕр у, уый хорзӕх дӕ уӕд, – йӕ саламӕн ын райдзастхуызӕй дзуапп радта Райкӕ.

– Лизӕйы мӕ цӕмӕйдӕр афӕрсын фӕнды. Кӕд гӕнӕн ис, уӕд ма йӕм хӕтӕл авӕр.

– Ам нæй.
– Уæдæ кæм и?
– Сыхæгтæм ауади.
– Искæй ма йæм арвит: тынг æхсызгон мæ хъæуы.

Райкæ ахæм курдиатмæ не 'нхъæлмæ касти æмæ фæуыргъуыйау и.

– Сыхæгтæм нæй, фæлæ Созыримæ ис, – цыма йæ арвайдæнæй уыдта, уыйау æнæдызæрдыгæй загъта усгур æмæ йын йæ мастыл цæхх айзæрста.

– Мæ мард фен, нæй. Йе 'мбæлттимæ театры и, – хæтæлæй йæм райхъуысти, хъыг æмæ мæт кæм баиу сты, ахæм лæгъстæхуыз хъæлæс, фæлæ усгурæн йæ зæрдæйы кæроныл дæр нæ сæмбæлди.

– Æз цæргæбонты иу гæды ныхас дæр никуы загътон, æмæ йæ искæмæн дæр нæ барын. Дæ чызджы ме 'вджид бакæнынмæ кæй хъавыс, уый тыххæй дæ бузныг дæн. Дæ хорздзинад мæ никуы ферох уыдзæн. Уемæ бахæстæг кæнын мæ тынг фæндыди, фæлæ нæ хъуыддагæй ницы рауайдзæни. Лизæ изæрыгæтты кæмæ згъоры, уыимæ фæрнæй цæрæд. Æз мæ намыс цæстыгагуыйау уымæн нæ фæхъахъхъæдтон, цæмæй йæ ныр кæстæрты къæхты бынмæ æрæппарон. Мæ минæвæрттæм мын мауал æнхъæлмæ кæсут, – цæхгæр алыг кодта Давид æмæ хæтæл æрæвæрдта. Йæ сагъæстæй фервæзыны тыххæй арахъхъ банызта, фæсахсæвæрты йæ хæдзармæ расыгæй ацыди æмæ диваныл ныффæлдæхти. Райсомæй раджы йæ сæры рыстæй райхъал и æмæ йæ уазал донæй ныхсадта. Куыддæр хисæрфæн къæндзыйæ æриста, афтæ чидæр дуар æрбахоста. Акасти йæм, æмæ фырдисæй йæ дзых бахæлиу и. Чысыл фæзгонды хæрзарæзтæй лæууыди Галлæ æмæ йæм йæ мидбылты худти.

– Цом-ма мемæ æмæ кæрты аныхас кæнæм, – æрхатыд æм хионхуызæй.

– Мæнæн мæ зæрды цы уыди, уыдон иууылдæр Райкæйæн загътон, æмæ мæ ногæй ницыуал фехъусдзынæ.

– Цом-ма, цом. Мах дæ 'хсæв-бонмæ горæты къуымты уый тыххæй нæ фæцагуырдтам, цæмæй дæ тæргайæ ауадзæм.

– Чи мæ фæцагуырдта?

– Лизæ æмæ æз. Дæ зонгæтæ, де 'мкусджытæ æмæ дæ хæстæджытæй кæй зыдтам, уыдоныл æрзылдыстæм, фæлæ дзы ды иумæ дæр нæ разындтæ.

– Лизæ дæр мæ агуырдта?
– О.
– Сайыс.
– Ницы дæ сайын. Ныр дæр дæлæ кæрты и.
– Чи?! – Давидæн йæ цæстытæ ныхъхъоппæг сты, æмæ йæм дисмæ кæсæгау кæсы.
– Лизæ, – уым диссагæй ницы ис, зæгъгæ йын æнæмæтхуызæй дзуапп дætты Галлæ.
– Тыххæй йæ не 'рбакодтай?
– Мæ фыды ингæныстæн, нæ. Дæу ссарын дæр уый бафæндыди, ардæм æрбацæуын дæр. Кæд мæныл не 'ууæндыс, уæд ын йæхи бафæрс.

Дзургæ-дзурын кæртмæ ахызтысты æмæ бæласы бын стъолы фарсмæ фæхсбандоныл æрбадтысты. Давид Лизæйы йæ цигайнаг кæркæ-мæркæ къабайы урс «Волгæ»-йы ауыдта, фæлæ йæм уæддæр Галлæйы рæстдзинад нæ бахъардта. Сылгоймаг ын цыма йæ хъуыдытæ ацахста, уыйау ын йе 'мхæрæфыртмæ ацамыдта æмæ фидарæй загъта:
– Кæд дæ фæнды, уæд йемæ хицæнæй аныхас кæ.

«Мединститут каст чи фæци æмæ дохтырæй чи кусы, уыцы чызг ма ссæдзæм æнусы кæрон, искæй уарзгæйæ, æнæбон цагъайрагау йæ ныййарджыты коммæ кæса, уый зын бауырнæн у. Ау, æппындæр æм сæрыстырдзинад нæй? Гугын фыс куынæ у, мыййаг. Иугæр мæ 'хсæв-бонмæ фæцагуырдта, стæй барвæндæй мæ хæдзармæ 'рбацыди, уæд мемæ цæрыныл разы у, æмæ йын йæ бинонты ме 'нæууæнкдзинадæй бафхæрын раст нæ уыдзæн», – скарста йæхинымæр Давид æмæ йæ сæр «нæ», зæгъгæ, батылдта.
– Уæдæ сæм райсом дæ минæвæртты барвит, æмæ бафидаут.
– Минæвæрттæй иу ме 'мкъласон у. Дысон не 'рдхорды куывды иумæ уыдыстæм, æмæ йын æз загътон мауал сæм бацæут, зæгъгæ. Ныр иннæрдæм куы 'рзилон, уæд мæ цы фенхъæлдзысты?
– Царды бирæ лыстæг хабæрттæ 'рцæуы, æмæ се 'ппæты зæрдæмæ хæссын нæ хъæуы. Сæйрагдæр амонд ссарын у, æмæ ууыл бацархай. Кæм сты дæ минæвæрттæ?
– Хъæуы.
– Уæртæ машинæйы сбад, æмæ сæм иумæ цом.
– Аив куынæ уа... Ме суинаг кайысты мæ мæ хионты цæсты 'фтауын дæр нæ фæнды... Фæлтау мæхæдæг ацæудзынæн...

– Демæ куы базонгæ дæн, уæдæй нырмæ дыл дис кæнын.
– Цæй тыххæй?
– Уынджы куы схъомыл дæ, уæд дæм уыйбæрц уæздандзинад кæцæй ис?
– Адæймаг йæ мады гуыбынæй цы рахæсса, уый уынджы нæ сафы. Уынг лæмæгъты тасын кæны, тыхджынтæ йæ коммæ нæ кæсынц...
– Мæ цæргæбонты дæу хуызæн нæлгоймагыл никуыма сæмбæлдтæн. Райкæйы уд дæ дзæгъæлы нæ баззад. Мойгæнæг чызджытæ, цардæмбал æвзаргæйæ, куыд æдылы вæййынц, куыд! Æрыгон æмæ сæрибар куы уаин, уæд дæ разæй никæмæ ацæуин.
– Стырхицау хъæздыг лæгимæ цæргæйæ дæм мæгуыр сæмпæрчъимæ смой кæныны хъуыды кæй фæзынди, æз та ууыл дис кæнын. Дыууæ афтид уаты йеддæмæ мæм ницы и...
– Уæддæр ды ме стырхицау лæгæй хъæздыгдæр дæ.
– Цæмæй?
– Удыхъæдæй, курдиатæй æмæ зондæй.
– Уыдон хæрынмæ нæ бæззынц æмæ никæй хъæуынц.
– Кæй хъæуынц, ахæмтæ нырма ис, бынтон нæма фесæфтыстæм, – загъта Галлæ, сыстади æмæ машинæмæ араст и.
«Лизæ дæ зондахастæй куы фæхайджын уыдаид, уæд йемæ цы амондджын уаин, æвæдза», – йæ хæрзконд уæнгты аив змæлдмæ кæсгæйæ, хъуыды кæны Давид.

* * *

Æрдз адæймагæн æнахуыр миниуæг балæвар кодта. Кæдæм æй нæ уадзай, уырдæм йæхи тынгдæр æппары, цы йын нæ дæттай, ууыл æнувыддæр кæны, цы дзы ‘мбæхсай, уый зæрдиагдæрæй агуры. Лизæ æмæ Созыры хъыгдарæг куынæ уаид, уæд кæрæдзимæ афтæ тынг нæ тырниккой. Сæ цард баиу кæниккой, æмæ дыууæ буары сæ мондæгтæ суадзиккой, æрсабыр уаиккой æмæ сæ рæстæг мингай бинонтау куыдфæндыйæ ‘рвитиккой. Кæрæдзи хъæндзинæдтæ базониккой æмæ ма иннæтæм хæлæг дæр кæниккой, уыдон махæй амондджындæр сты, зæгъгæ. Ныр та сæ тасдзинад цырындæр кæны, се ‘нкъарæнтыл сын арт æндзары, æмæ сæм афтæ кæсы, цыма æнæ кæрæдзи иу бон дæр цæрын нæ бафæраздзысты. Уæлдай тынгдæр тыхсы лæппу. Йæ уарзоны цур силлæг и æмæ тамако зыдæй дымы. Æрæджиау йæ сигарет зæххыл ныццавта æмæ ‘нкъардæй афтæ бакодта:

– Фæсмон фæкæндзынæ, Лизæ, мемæ куынæ рацæуай, уæд.

– Æз æнæуи дæр фæсмонгонд дæн. Цард мæм ницыуал кæсы. Мæ зæрдæ ныддур и. Мæ къухтæ ницæмæуал тасынц. Абухгæ цæугæдон мæ кæдæмдæр фæласы, æмæ дзы мæхи ратонын нæ фæразын. Кæм мæ раппардзæн, Хуыцау – йæ зонæг. Уæвгæ ма мын цы уæлдай у? Ме 'гасæй мæ мард – хуызтдæр.

– Афтæ ма дзур. Цом мемæ.

– Мæ ныййарджыты зæрдæтæ скъахыны бæсты мæ ницы хъæуы.

– Ма фæрæди, Давидмæ æвæндонæй ма смой кæ.

– Мæн та чи фæрсы? Мæ бинонтæ йын йæ минæвæрттæн дзуапп радтой, æмæ мæ хъысмæт алыг и.

– Дæ дзыхыл цы ныххæцыдтæ? Дæ фæндон сын æргомæй цæуыннæ зæгъыс?

– Зæгъын сын æй, фæлæ мæм нæ хъусынц.

– Давидæн йæхиимæ нæ сæмбæлдтæ?

– Нагъ. Галлæ нæ кæрæдзимæ хæстæг дæр нæ бауагъта.

– Уый та куыд? Мах рæстæджы ма, чызгæй разыйы дзуапп нæ райсгæйæ, минæвæрттæ чи 'рвиты?

– Мæн нæ фарста. Мæ ныййарджыты 'рдыгæй архайдта.

– Исты нæ бакæнын хъæуы, фæлæ цы? Цы?! Ай диссаг нæу? Дыууæ уды кæрæдзи уарзæнт æмæ баиу уæвын сæ бон ма уæд.

– Ферох мæ кæ. Æз æнамонддзинад мæ мады гуыбынæй рахастон æмæ ма дæу дæр фенамонд кæндзынæн.

– Лизæ, æз демæ æнамондæй цæрыныл дæр разы дæн. Ацы зæххыл мæ дæу йеддæмæ ничи хъæуы. Давидимæ кæй бафидыдтат, æмæ рæхджы уæ чындзæхсæв кæй уыдзæн, ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд мæхи марынмæ 'рцæуын. Куынæ дыл фембæлдаин æмæ, æцæг уарзондзинады ад куынæ базыдтаин, уæд мын ныр афтæ зын нæ уаид. Амæй фæстæмæ ма мæ цард циу? Ницы. Лизæ, кæд дæ риуы зæрдæйы бæсты дойнагдур нæй, уæд мемæ рацу. Ард дын хæрын, зæххыл дæуæй амондджындæр сылгоймаг нæ уыдзæн!

– Æз дыл æууæндын, фæлæ...

– «Нагъ» мын ма зæгъ, Лизæ. Фæлтау мын мæ зæрдæ кардæй барæхой.

– Удхарæй мæ мауал мар. Мæ уд ма иу мæнгуд халыл хæцы.

– Фæстаг хатт ма дæ курын, Лизæ, цом мемæ. Хуыцау, зæхх –

ӕвдисӕн, ӕз ӕрмӕст мӕхиуыл нӕ тыхсын. Дӕу мӕт дӕр кӕнын. Мемӕ куынӕ рацӕуай, уӕд цӕргӕбонты дӕ цӕссыгтӕй дӕхи ‘хсдзынӕ.

– Давидимӕ куынӕ бафидыдтаиккам, уӕд ма, чи зоны... фӕлӕ ныр... Нӕ, Созыр, нӕ... Мӕ ныййарджыты цӕсгом фӕчъизи кӕнын мӕ бон нӕу, фӕлтау зындоны арты судздзынӕн...

– Уыцы уацхӕссӕг дын мӕнӕй фӕзынаргъдӕр и, ӕмӕ ‘фсӕнттӕ агурыс!

– Цытӕ дзурыс, Созыр? Дӕ цӕсгом куыд хъӕцы ахӕм ныхӕстӕ кӕнын?

– Ӕдзӕсгом дӕр ма мӕн хоныс?! Мӕнӕй ахуыргонддӕр лӕппумӕ аздӕхтӕ ӕмӕ мыл дӕ зӕрдӕ сивтай!

– Дӕхи ӕрӕмбар. Ӕнӕ аххасӕй мӕ цӕмӕ ‘фхӕрыс?

– Уӕдӕ цӕуыннӕ цӕуыс мемӕ?

– Лӕппуйы фӕдыл лидзын мӕ сӕрмӕ нӕ хӕссын!

– Куы мӕ уарзис, уӕд ахӕм хъуыддӕгтӕ ницӕмӕ дарис.

– Уарзын дӕ, фӕлӕ...

– Уарзондзинад кӕм и, уым «фӕлӕ»-тӕн бынат нӕй, – цыма йын марыны тӕрхон рахастӕуыди, уыйау ныфссастӕй бафиппайдта Созыр, йӕхицӕн тыхгӕнӕгау ӕм йӕ чъылдым раздӕхта ӕмӕ Терчы былты хӕхты ‘рдӕм фӕцӕуӕг и. «Ныр цы бакӕнон? Мӕ фӕндыл ӕй куыд сразы кӕнон? Ницытӕ ӕмӕ мацытӕн ӕгӕр стыр аргъ кӕны, йӕ ныййарджыты ныхмӕ нӕ рацӕудзӕн, ӕмӕ фенамонд уыдзынӕн. Уӕд та Давидимӕ аныхас кӕнин. Абадгӕ усгурӕн ахӕм ӕрыгон рӕсугъд чызг йӕ къухы кӕм бафтыди, уым ма мӕнмӕ байхъуса? Ӕнхъӕл нӕ дӕн». «Ды йӕ бынаты куы уаис, уӕд дӕ цӕттӕ усы искӕмӕн раттис?» – фӕрсы йӕ йӕ мидхъӕлӕс ӕмӕ йын дзуапп дӕтты ӕнӕдызӕрдыгӕй: «Ницыхуызы». «Уӕдӕ дӕхимӕ цы уӕздандзинад нӕй, уый искӕмӕй цӕмӕн домыс? Дӕуӕй фӕлмӕнзӕрдӕдӕр куы разынид ӕмӕ дын Лизӕйы куы балӕвар кӕнид, уый дӕ фӕнды?» «Бӕгуыдӕр мӕ фӕнды». «Ницы дын дзы рауайдзӕн, ӕмӕ дӕхи мауал ӕгад кӕ». «Ехх, цы уа, уый уӕд! Донласт хуылыдзӕй нӕ тӕрсы», – скарста йӕхинымӕр ӕмӕ газеты редакцимӕ йӕ ных сарӕзта. Давид, шофыримӕ ныхасгӕнгӕйӕ, машинӕйӕ куыд рахызт, афтӕ йӕм йӕхи байста ӕмӕ йын, къуызгӕйӕ, салам радта:

– Дӕ изӕр хорз.

«Лизӕ йӕ ‘рбарвыста, ӕвӕццӕгӕн. Ау, ацы хатт дӕр та мӕ

ускуырдæй ницы рауайдзæн?» – Давиды фæрæхуыста тасæфтауæг хъуыды, æмæ йæ былтæ зына-нæзына базмæлын кодта:

– Æгас цу.

– Демæ мæ аныхас кæнын фæнды.

– Табуафси, хъусын дæм.

– Лизæйы дзæгъæлы курыс.

– Цæмæн?

– Уымæн æмæ дæ нæ уарзы.

– Уæдæ мын разыйы дзуапп цæмæн радта?

Цæмæй йæ багæды кæна, уый тыххæй ма зæгъынмæ хъавыди: «Уæдæ мæ ‘хсæв-бонмæ горæты къуымты цæмæн фæцагуырдта, стæй мæм сæумæрайсом цæмæн æрбацыди?», фæлæ йæ йæ уарзоны лæппуйы цæсты ‘фтауын нæ бафæндыди æмæ йæхи баурæдта.

– Йæ бинонтæ æмæ йыл йæ хæстæджытæ сæмварс сты æмæ йæ йæ дзых схæлиу кæнын дæр нал бауагътой. Дæуæй афтæ, чындзæхсæв æстæм августы цæмæн кæнынц?

– Мæ-гъа. Мæ минæвæрттæн уыцы бон сæхæдæг снысан кодтой.

– Лизæйы бафæндыд афтæ.

– Цæй тыххæй?

– Мæ ныхмæ йæ сардыдтой, Созыр, дам, Симæйы фынддæсæм августы куры. Сæ гæды ныхæстыл сын бауæндыд, мæ фыддæрагæн йæ чындзæхсæв къуыри раздæр фæкодта æмæ йыл ныр фæсмонæй мæлы.

Дзургæ-дзурын йæ хъæлæс сабыргай æрмынæг и, йæхæдæг та мигъфæлмы аныгъуылди. Давидыл цы ‘рцыди, уый не ‘мбары. Йæ сæр зилы, йæ цæстытæ тартæ кæнынц, адæргæй ма йæ къухты зыр-зыр дæр ссыди. Уæлдай тынгдæр удхар кæны йæ ныхкъуырд сæрыстырдзинад. Æмæ куыд нæ удхар кæна? Чызджыты цæсты дæ мæнæ ацы дæлтъуры кад дæр мауал уæд. Нæ дзы конд и, нæ – уынд, нæ йæм ахуыр и, нæ... Цы дзы бауарзта, цымæ, Лизæ? Йе ‘взонгдзинад? Ехх, азтæ, азтæ, куыд æгъатыр стут, куыд! Созыр цæстылуайгæ ныв куы фестид æмæ куы ‘рбайсæфид, уымæ бæллы, фæлæ уый йæ цуры æххормаг куыдзау æрхуымæй лæууы æмæ йæм æнхъæлмæгæсæджы каст кæны. Йæхицæй у ныллæгдæр æмæ æгъуыздæр. Йæ цæстытæ – афтид. Æнкъарддзинад йеддæмæ дзы æппындæр бакæсæн ницы ис. Цæудзæн ыл фондз æмæ ссæдз азы. Уыцы кары уый бирæ

уынdджындæр æмæ лæгдæрхуыз уыди, фæлæ фырмæгуырæй йæ цард саразын нæ бафæрæзта. Æрхъæцмæ дæр кæуыл нæ хъæцыди æмæ авгау æрхауынæй кæмæн тарсти, уый йæм иучысыл банхъæлмæ касти, стæй йыл йæ къух ауыгъта. Уæд Давидæн йе 'нæуынон систы йæ уарзон, йе 'мыджыр æмæ æнæхъæн дуне.

Рæстæг рацыди, æмæ уавæр цæхгæр аивта. Кæддæры æвадат лæппу йæхиуыл схæцыди æмæ ныр та уый хъуамæ фенамонд кæна мæгуыр усгуры. Уый дæр, дам, сидзæры къæбæртæ хæргæйæ, тыхамæлттæй схъомыл и, æмæ йын хъуамæ йæ зæрдæ асæтта. Хъуамæ уымæн дæр йе 'нæуынон суой йæ уарзон, йе 'мыджыр æмæ æнæхъæн дуне. Афтæ куы бакæна, уæд йæ цард йæ фарсыл бахæцдзæн? Уæвгæ, æнæ уарзгæйæ, уый цæй цард уыдзæн? Йæ къодах дæ фарсмæ хуысдзæн, йæ хъуыдыты та 'ндæры рæвдаудзæн. Кæй нæ хъæуыс, уыимæ дæ бонтæ, хъизæмаргæнгæйæ, æрвит æмæ тухæнæй мæл – уымæй ма стырдæр бæллæх цы уа! Лизæйы куынæ ракура æмæ йæ цард иунæгæй куы 'рвита, уæд та амондджындæр уыдзæн?

Æппæтæй тынгдæр бæллы, Созыры ныхæстæ мæнг куы рауаиккой, уымæ, фæлæ раст кæй сты, уый йæ кæцыдæр æнкъарæнæй хаты æмæ катай кæны. Йæ зонд æм лæппуйы фарс рахæцынмæ сиды, йæ зæрдæ та йæ Лизæйы ракурынмæ цырын кæны. Æгæр фæдæрдджын и, æмæ дзы куы фæхицæн уа, уæд ахæм дзæбæх чызг йæ къухы нал бафтдзæн. Æрыгонæй йæ бинойнаг суæвынмæ бирæтæ бæллыдысты, ныр та йыл сæхи хæлд сылгоймæгтæ, идæдз устытæ æмæ, курæг кæй нæй, ахæм фыдынд чызджытæ ныхасынц. Æнæмæнг æй Лизæйы ракурын хъæуы, фæлæ дзы цы рамбулдзæн? Æрыгон рæсугъд буар рæвдаугæйæ, зындоны арты судздзæн. Бирæ нæлгоймæгтæн уæлдай нæу. Сылгоймагæй æхсызгондзинад исæд æмæ йæм цыфæнды зæрдæ дæр дарæд. Давид æндæр у, бынтон æндæр æмæ ахæм уавæрæн нæ бабыхсдзæн. Уæдæ цы бакæна? Йæ размæ цы дыууæ фæндаджы ис, уыдон æмхуызон бырынцъаг куы сты, иу дæр ын дзы хорзæй куы ницы ратдзæн, уæд дзы кæцы равзара? Рогдæр цæф ыл кæм æрцæудзæн?

– Рæхджы нæ цард баиу кæнынмæ хъавыдыстæм, фæлæ нæ ды бахъыгдардтай, – хъуысы йæм Созыры уынгæг хъæлæс.

– Лизæ дæр афтæ хъуыды кæны?

– О. Ныртæккæ мемæ уыди, æмæ мын афтæ зæгъы, мæ бинонтæ, дам, мæ Давидæн тыххæй радтой, æмæ, дам, сæ ныхмæ стох кæнын нæ бафæрæзтон.

– Уыдон йæхи ныхæстæ сты æви сæ ды æрымысыдтæ?

– Хетæджы дзуарыстæн, йæхи. Æз сæм ницы бафтыдтон. Æмæ афтæ нæу?

– Диссаг сты адæм. Алчидæр искæмæн йæхицæй æвзæрдæр æнхъæл у.

– Æз куы ницы...Цы мын загъта, уый дын дзурын. Фæлмæн зæрдæ йын ис, æмæ йæ ныййарджытæм куы байхъуса, уæд фенамонд уыдзæн.

– Мемæ æнамонд фæуыдзæн, демæ та фырамондджынæй суртæ-уадзгуытæ кæндзæн, нæ?

– Хатыр... Æфхæрынмæ дæ нæ хъавыдтæн...

– Хорз. Æз хъуыддæгтæ базондзынæн, æмæ уæ кæд æцæгдæр хъыгдаргæ кæнын, уæд уе 'хсæн нæ бацæудзынæн.

– Бузныг, стыр бузныг. Æхсызгон мын у, æгайтма кæрæдзи бамбæрстам, – чысыл фæрайгонддæр и Созыр æмæ ацыди. Давид уынджы астæу джихæндзыгæй лæууы, æнæрай хъуыдытæ йæ сæры зилдух кæнынц æмæ йæ тухæнæй марынц:

«Гъæ-æ, ме 'дылы сæр мын куыд рачындæуыди. Кæдæм æй æруагътон, кæдæм! Сывæллæтты къæхты бынмæ йæ пуртийау хъазынмæ æрæппæрстон. Æнхъæл уыдтæн, кæдæй-уæдæй мæнæн дæр бирæ фыдæбæтты фæстæ мæ хъул сах абадти. Замманай бинойнаг ссардтон, мæ зæрдæйы уыраугæ хъæдгæмттæ мын бандидздзæн, æмæ мæ йæ фæрцы мæ дыдзæсгом уарзоны гадзрахат ферох уыдзæн. Цæргæсы базыртыл æм тахтæн, æмæ дын уый та – мæ амонд. Дæлдæр фæуай, мæгуыр уæрцц, кæд дæуыл зад хуымы хизын нæ фидауы. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: «Дæ сынтæг цас у, дæ къæхтæ дзы уыйас адаргъ кæн». Нæ, цалынмæ цъыфдзасты ныссагътæн, уæдмæ мæм ницы бахъардта. Кæд æй нæ хъуыдтæн, уæд мæ 'хсæв-бонмæ цæмæн агуырдта, стæй мæм сæумæцъæхæй цæмæн æрбацыд? Сылгоймаджы миддунейы бирæ сусæгдзинæдтæ 'мбæхст и, æмæ сæ чи бамбардзæн? Кæронмæ сæ йæхæдæг дæр куынæ 'мбары. Уæд та йæ ныхъхъуытты уадзин? Нæ, афтæмæй дзы куы ацæуон, уæд мын лæмæгъ æмæ тæргайгæнаг æнхъæл фæуыдзæн. Хъуамæ дзы æгадхуызæй ма ацæуон, фæлæ сæрбæрзондæй».

Дидинджытæ уæйгæнæн бынаты цалдæр сылгоймагмæ уардийæ, гладиолусæй, астрайæ цыдæриддæр уыди, уыдон балхæдта æмæ Лизæйы хæдзары цурмæ бацыди, къæсæрæй йæ мидæмæ бахизын фæнды, фæлæ йæ ныфс нæ хæссы. Йæ уæнгтæ йын

цавæрдæр тых сбаста æмæ йæ фезмæлын нæ уадзы. Чызгæй фæхицæн уæвын æй нæ фæнды, фæхицæн уæвын та йæ æнæмæнг кæй хъæуы, уый æмбары æмæ дывыдон арты судзы.

– Давид, ам та цы кусыс? – йæ хъустыл Галлæйы хъæлæс ауад, æмæ йын йæ хъуыдытæ фæсырдта:

– Цы кусын, цы? Мæнæ цоппай кæнын æмæ ме 'гуыдзæгдзинадыл худын.

– Лæпputæ иууылдæр дæу хуызæн æгуыдзæг куы уаиккой...

– Уæд сæ чызджытæ хъазæнхъултæ саразиккой.

– Гъей, цы дыл æрцыд, дæ хорзæхæй? Хъуамæ дæ худ хæрдмæ 'ппарис. Замманай чызг дын разыйы дзуапп радта, æмæ цалдæр боны фæстæ йемæ цæрын райдайдзынæ. Мах нæхи чындзæхсæвмæ цæттæ кæнæм,ды та дæ былтæ 'руагътай.

– Дæумæ байхъус, уæд мæнæй амондджындæр нæй, мæнæн та мæ зæрдæ цæхæрыл судзы.

– Цæмæн, цæ? – дисгæнгæ, йæ афарста Галлæ.

– Дыууæ азы мæ былыцъæрттæ кæмæ фæхордтон, уыцы чызг мæ йæ уарзоны цæсты бафтыдта.

– Цытæ дзурыс, цы? Нæ дæ 'мбарын.

– Ныртæккæ мæм Созыр æрбацыд æмæ мын Лизæйы ныхæстæ рафæзмыдта.

– Цы дын загъта?

– Нæ, дам, æй хъæуыс.

– Сайгæ дæ кæны. Мæнæн Лизæ фидарæй загъта, æрмæстдæр, дам, Давидмæ мой кæнын.

– Тыххæй йæ не сразы кодтат?

– Уæд мæ судзгæ мардмæ 'рбацу. Мах рæстæджы ма бинонты фæндæй чи цæуы чындзы?

– Уæдæ Созыр уыцы ныхæстæ кæцæй райста?

– Цæстфæлдахæг у. Ма йыл æууæнд.

– Кæуыл æууæндон, уый дæр нал зонын.

– Мæныл... Лизæйыл...

– Ныртæккæ мæ уымæй тынгдæр ницы фæнды бæргæ, фæлæ алцæуыл дæр дызæрдыг кæнын райдыдтон. Чи нæ мæ уарза, уыцы сылгоймагимæ цы зæрдæйæ цæрдзынæн? Хъуамæ мын мæ бинойнаг мæ хъыгыл хъыг кæна, мæ циныл цин, хъуамæ йæм куыстæй нæхимæ тырнон, хъуамæ мын йæ мидбылхудт æвдадзы хос уа, хъуамæ мемæ 'хсызгонæй цæра æмæ мын сывæл-

лæттæ сæрыстырæй ара, науæд мын мæ хæдзар зындоны ад скæндзæн. Нæ, нæ, мастæйдзаг царды бæсты мæ ницы хъæуы!

– Гъер ды лæг дæ? Хъуамæ цæлхдурты раз дæ къухтæ 'рбатымбыл кæнис æмæ афтæ зæгъис: «Фæлæууæд-ма уæдæ, ме 'мыджыр, цымæ нæ чи фæуæлахиз уаид!»

– Чи зоны, ды раст дæ, фæлæ мæн йе 'намонддзинады хæрог бындурыл мæ амонды мæсыг амайын нæ фæнды. Уыцы мæсыг тæссонд уыдзæн æмæ уайтагъд æркæлдзæн.

– Ам-ма фæлæуу, æз ныртæккæ... – сдзырдта сылгоймаг æмæ хæдзары фæмидæг и.

– Галлæ, Галлæ! – тыхстхуызæй йæм ахъæр кодта Давид, цыдæр тых æй размæ фесхуыста æмæ йæ йæ фæдыл мидæмæ басайдта, тынг ын чи садджын и, уыцы фатермæ чысыл фæзгондæй бахизынмæ хъавы, фæлæ нæ уæнды. Исты 'взæр хабар куы фехъуса, уæд та йæм рухсы цъыртт никæцæйуал кæлдзæн. Фæлтау фæстæмæ аздæхдзæн, æмæ йын йæ хъуыддаг Райкæ æмæ Галлæ сараздзысты. Кæд Лизæимæ йæ цард нæ ацæуа, уæд йæ усæй никуы ничи ахицæн и? Уæвгæ, цæуыннæ ацæудзæни? Хъарм къухты ма их дæр куы стайы...

– Уæртæ ма кæй уынын! – йæ хъусты зæлы Лизæйы райдзаст хъæлæс æмæ йын йæ зæрдæмæ æгæрон циндзинад хæссы.

– Дæ цæстытæ саугуырм куы сты, уæд цы уыныс?! – уый та Галлæйы мæстæлгъæд хъæлæс у.

– Цы кодтай?

– Æз – ницы, фæлæ ды хорз æмæ 'взæр кæрæдзийæ нæ иртасыс, æмæ мын уый хъыг у!

– Уæ фæндыл куы сразы дæн æмæ уе 'взаргæ усгурмæ куы мой кæнын, уæд ма уæ цы хъæуы мæнæй?

– Созырæн цытæ фæдзырдтай?!

– Уæдæ йæ сайгæ акодтаин, æз Давидмæ барвæндæй цæуын, дæу нал уарзын, зæгъгæ? Стæй дæумæ кæцæй бахæццæ сты мæ ныхæстæ?

– Созыр Давидмæ балæбурдта, Лизæйы, дам, ницæмæн хъæуыс æмæ, дам, æй иу ран ныууадз.

– Æмæ йæ цы хъуыддаг уыди?

– Уымæй та йын-иу йæхи бафæрс. Созыр цæстфæлдахæг кæй у, уый нæ зоныс?

– Тугтæ йыл уæддæр ма мыс. Йæ амонд ын йæ къухтæй скъахтат æмæ уын æгъгъæд у.

– Афтæ хорз – дæ сæр! Дæ уарзон ус куры, гукк!
– Уæдæ ма мæм цæмæ ‘рбацыди?
– Цы дын загъта?
– Алидзæм, дам.
– Æмæ?..
– Нæ йын сразы дæн.
– Тынг раст бакодтай.
– Мæ ныййарджыты адæмы цæсты бафтауыны бæсты Давидимæ, æнæ уарзгæйæ, цæрдзынæн.
– Кæд ууыл сразы дæ, уæд æй фæстæмæ раздахынил бацархай.
– Ома куыд фæстæмæ? – нæ йæ бамбæрста Лизæ.
– Мæнмæ гæсгæ, йæ фæнд аивта. Дæлæ уынджы мæрдджыны хуызæнæй лæууы æмæ, цы кæна, уый нæ зоны.
– Уый йæ фæнд ногæй куыд аивдзæн, афтæ хорз нæ дыууæйы дæр уæд, – æнæгуырысхойæ загъта Лизæ, æмæ йыл Галлæ саргъуыдта:
– Тынг къæйных дæ, æвæдза! Гъер зæды хуызæн лæппуйæ цытæ дзурыс?!
– Мæ фыд дæр ма дзы – лæппу, – былысчъилæй бахудти Лизæ æмæ ма йæ ныхасмæ карзæй бафтыдта: – Мамæ мæ скъæйных кодта. Дæ чызджы искæй бын тыххæй тъысс...
– О Хуыцау! – уæззау цæф хæстонау ныхъхъæрзыдта Давид, чысыл раздæр ма йæ Лизæимæ цы лыстæг хал баста, уый аскъуыди, æмæ йæ риу сафтид и, уатмæ бахызти æмæ сæм кæнгæ хъæлæсæй бадзырдта: – Цæуæн уæм ис?
– Мидæмæ, мидæмæ! Уæдæ ма сæм кæмæн и цæуæн?! – райдзастхуызæй йæм фæзылди Галлæ.
– Давид? – бадисхуыз и Лизæ, æмæ йæ рæсугъд сау æрфгуытæ йæ урс ныхы астæумæ стахтысты. – Цæй бирæ дидинджытæ ‘рбахастай?
– Зæххыл цыдæриддæр дидинæгæй ис, уыдон дæр дын нæ бавгъау кæнин, фæлæ уæйгæнджытæм фылдæр нæ уыди, – загъта йын йæ усгур æмæ йæм хъæбысы дзаг дидинджытæ балæвæрдта. Чызг сæм æхсызгонæй смуды æмæ, цингæнгæйæ, дзуры:
– Цы рæсугъд сты!
– Ды уыдонæй рæсугъддæр дæ.
– Хынджылæг мæ кæныс?
– Нæ, Лизæ, нæ. Хынджылæг мæхицæй кодтон. Райкæйыл

очерк фыссынмæ куы ‘рбацыдтæн æмæ дæ йæ цуры амонддджын цъиуау, пæр-пæргæнгæйæ, куы федтон, уæд мæм афтæ фæкасти, цыма дæ мады дæлбазыр мæн дæр самонддджын кæндзынæ. Мæ бæллиц мын мæ цæстытæ сæхгæдта, æмæ уæдæй нырмæ куырм уырыйау æбæрæг ранмæ хылдтæн, фæлæ ныр Хуыцауæй – разы, ме сфæлдисæг дунемæ цæстыдзагæй ракастæн æмæ æцæгдзинад федтон. Ныббар мын, дæ хорзæхæй. Кæд дын дæ зæрдæ истæмæй фæриссын кодтон, мыййаг, уæд барæй нæ уыдтæн. Мæ минæвæртты уæм, æнæ дæу бафæрсгæйæ, кæй æрбарвыстон, уымæй фæрæдыдтæн, æмæ мын æй ныххатыр кæ. Цыфæндыйæ дæр дыл хицæнæй фембæлын хъуыди. Æхсæв-бонмæ мæ куы фæцагуырдтай, стæй мæм сæумæрайсом куы ‘рбацыдтæ, уæддæр ма дызæрдыг кодтон. Дæ зæрдæйы уаг базонын мæ фæндыди, фæлæ мæ цæсгом ардæм æрбацæуын нæ бахъæцыди, телефонæй дæм æрбадзырдтон, фæлæ уæхимæ нæ разындтæ, æмæ дæм, уæ разы цы автобусты лæууæн и, уым сæумæрайсомæй сихормæ, катайгæнгæйæ, фенхъæлмæ кастæн.

– Уыцы бон мæ куыстмæ папæ аласта.

– Ныхасгонд куыд уыдыстæм, уымæ гæсгæ мæ мæ минæвæртты изæрæй ардæм æрбарвитын хъуыди, æмæ сæм хъæумæ атындзыдтон. Фæлтау мæ фæндагыл машинæ куы скъуырдтаид, æмæ куынæ бафидыдтаиккам...

– Цытæ дзурыс, Давид? Æз...æз... Разыйы дзуапп дын куы радтон...

– Лизæ, дыууæ азы дæ уæларвон зæдау мæ риуы, тавицгæнгæйæ, фæхастон, æмæ уыцы зæды сыгъдæг цæсгомыл къæм абадын ма бауадз, науæд мæ зæрдæ бынтондæр асæтдзæн. Мæ мидхъуыдыты цы ирд фæлгонц саразтон, уый райсомы ‘ртæхау рæсуг у, æмæ йæм дæрзæг къухæй ма бавнал. Уадз æмæ ‘рттива æмæ мын мæ талынг цард рухс кæна...

– Давид...

– Искæмæ хъусын аив нæу, фæлæ дын дæ ныхæстæ фехъуыстон. Галлæ мын мæ риуы стыр ныфс бауагъта, мæ зæрдæ нал фæлæууыд æмæ йæ фæдыл амондагур ратындзыдтон...

– Хатыр бакæ...

– Лизæ, кæд дын мæ хъуыды истæмæн сбæзза, уæд дзы спайда кæн: æнус æнæ уарзгæйæ фæцæрыны бæсты иу уысм уарзондзинады арты басудз. Созырæн дæу йеддæмæ ничи ис,

курынмæ дæр дæу йеддæмæ никæй хъавы, æмæ йæм смой кæ, науæд фæсмонгонд фæуыдзынæ. Æртæйæ фенамонд уæвыны бæсты фæлтау нæ иу фенамонд уæд. Æз ахуыр дæн мæ хъысмæты æгъатыр цæфтыл æмæ ма кæд ацы цæфæн дæр бабыхсин. Уынджы æнæ мадæй схъомыл дæн æмæ, Райкæйы куы базыдтон, уæд æнхъæл уыдтæн, мады рæвдыд дзы фендзынæн, фæлæ мын æй Хуыцауы цæст нæ бауарзта...

– Давид, Лизæ, ма фæрæдийут. Кæрæдзийы аккаг стут æмæ уæ цард баиу кæнут, – лæгъстæхуызæй сæм æрхатыди Галлæ.

– Мæнмæ гæсгæ, рæдигæ уæ дыууæ Райкæ фæкодтат. Кæрæдзийы аккаг мах не стæм, фæлæ – адон, – фыццаг хатт йемæ не сразы и Давид, йæ чъылдым æм раздæхта æмæ уæззаузæрдæйæ араст и. Кæдæм, уый йæхædæг дæр нæ зоны. Сатæг уддзæф æм кæцæйдæр хæссы зонгæ зарæг.

*Мæй сабыр фæтулы æврæгъты хъæбысы.*
*Цæмæн у, цымæ, æнкъард?*
*Кæд уый дæр мæ хуызæн йæ уарзоны мысы,*
*Фæлæ у йæ уарзон дард...*
*Тæхынц æнæнцой сызгъæрин aзтæ...*
*О рухс амонд, кæм дæ?!.*

Афтæ йæм кæсы, цыма ацы удыскъуынæн ныхæстæ ууыл фыст сты, æмæ йын йæ зæрдæйы уидæгтæ бындзарæй рæдувынц, фæлæ уыцыиу рæстæг йæ уæздандзинадæй бузныг у, дыууæ æрыгон адæймаджы амонд саразыны хъару йæм кæй разынд æмæ йын удыбæстæ кæй скодта, уымæй.

*БАСИТЫ Зæлинæ*

# ÆНАХУЫР САГЪÆСТÆ

## КУЫВД

Нæ вæййы цард æдзухæй дæр æнæмæт,
Нæу алкæмæ йæ хорзæхтæй рæдау.
Дæ къухты ис, дæ бары ис нæ хъысмæт, –
Фæдзæхсын дыл мæ кæстæры, Хуыцау!

Йæ цардвæндагыл бирæтыл æмбæлдзæн,
Кæйдæр зæрдæ дзы разындзæни сау,
Кæмæдæр дзы æфсармдзинад нæ уыдзæн, –
Сæ фыдæхæй йæ баиргъæв, Хуыцау!

Куы нал æм уа тыхст заманты фæкæсæг,
Йæ хъысмæт ын куы разына уæззау,
Йæ зæрдæмæ куы ныххиза æрхæндæг, –
Æнæ ныфсæй йæ ма ныууадз, Хуыцау!

Æвиппайды куы асæттой йæ тыхтæ,
Куы фæдзæгъæл уа а зæххыл куырмау,
Мыййаг, куы слæууа ‘ппæт дуне йæ ныхмæ, –
Мæ кæстæрæй-иу ма аздæх, Хуыцау!

Зындзинæдтæй куы фемæхса йæ цæссыг,
Куы сæвæра æппæт зæхх-бæстыл фау,
Куы дыл фæуа æнæзондæй дызæрдыг,
Ныббар-иу уæд мæ кæстæрæн, Хуыцау!..

* * *

Нæ дæн æз атеист, нæ дæн уырнæг,
Мæ хъуыдытæ зынхатæн бонæй-бонмæ.
Вæййынц мын хатгай суадонау сыгъдæг,
Куы та мæ схойынц иблистау зындонмæ.

Мæ удон дунейы – æнæнцой тох:
Фæбæллы зæрдæ рухс зæдты æмзардмæ,
Ыстæй бæрзонд бæллицтæ 'рцæуынц рох, –
Æндæр цæстытæй акæсын мæ цардмæ.

Ызнæт кæнынц мæ туг æмæ мæ зонд
Ныхмæлæуурæг æнкъарæнтæ æдзухæй.
Ысвæййы уд гуырысхоты нывонд,
Уысмы бæрц дæр æй нал фæуадзынц цухæй.

Куы – фестын æз æрвон цинтæм тырнæг,
Куы та æрхæндæг зæрдæйы ныссæйы.
Æмæ ысвæййын хатгай æз уырнæг...
Æмæ æз хатгай атеист ысвæййын...

* * *

Æз дын куы радзурин мæ цард,
Æз дын куы раргом кæнин зæрдæ,
Уæд фенис, уалдзыгон изæрты
Куыд вæййын тыхст æмæ æнкъард.

Цъæх кæттагыл куы 'рцæуынц змæст
Æврæгътæ, хурныгуылæн иумæ, –
Изæрмилтæ ныххизынц риумæ,
Æнахуыр сагъæстæй æфсæст.

Нæ кæнын ивгъуыдыл фæсмон,
Кæддæры сонт бæллиц – мæ хъузон,
Уыд йемæ цард æхцон, æнцон.

Мæйдар уа фидæн æви рухс сом –
Æрцæуы алцæмæн кæрон,
Æрмæст изæрмилтæ – æнусон...

## ФЫДÆЛТЫ ЗÆХХ

Нæ дзуæртты бадæн Иры зæхх, нæ дарæг,
Ныййарæг мадау иунæг дæ, зынаргъ.
Нæ Ирыстон, нæ цины сæр, нæ зарæг,
Нæ хæзнадон, зæххыл кæмæн нæй аргъ.

Кæд райгуырæн бæстæ зæрдæйæ уарзыс,
Йæ кадыл ма уæд ноджы бафтау кад.
Фыдæлты зæхх – нæ цыт æмæ нæ намыс,
Фыдæлты зæхх – нæ адджындæр бынат.

Кæрдзындæттон нæртон адæм, ирæттæ,
Нæ фидæнмæ хæссæм нæ ном фæрнæй,
Нæ фыдæлты зæхх фидауы æгъдæуттæй,
Нæ фыдæлты зæхх фидауы лæгтæй.

Нæ гыццыл Ир Хуыцауы стыр лæвар у,
Æмæ ирон уд цалынмæ цæра,
Фыдæлты зæхх уыдзæн нæ ныфс, нæ хъару,
Фыдæй фыртмæ æнæивгæ хæзна.

Зындзинад макуы бавзарæд нæ бæстæ,
Хуыцау нын уыцы хорздзинад зæгъæд!
Нæ ирон номæй уæм æдзух сæрыстыр,
Ирон дзыллæ Хуыцауы фæдзæхст уæд!

## АМАЗОНКÆ

Æрвон тыгъдадау быдыртæ – уæрæх,
Сæрибаруарзаг зæрдæйæн – дзæбæх, –
Æз амазонкæ дæн!
Ыскъæфы мæ мæ уадæмдзу, мæ бæх,
Йæ сæфтджыты бын ризы, скъуыйы зæхх, –
Æз амазонкæ дæн!

Æхсæв уа, бон – хъазуатмæ у мæ дугъ,
Ныфсæй, хъаруйæ никуы вæййын цух, –
Æз амазонкæ дæн!
Мæ фат æмæ æрдын – цæттæ æдзух,
Нæ зоны тасын тохы бон мæ къух, –
Æз амазонкæ дæн!
Нæ зонын æз тæригъæд, йе фæсмон,
Мæ зæрдæ тохты фестадис æндон, –
Æз амазонкæ дæн!

Мæ кардæн цыргъ, фæрсыссад у йæ ком,
Дæрдтыл нæрынц мæ намыс æмæ ном, –
Æз амазонкæ дæн!

Нæлгоймагау хъæбатыр дæн, цæрдæг,
Нæ ныббардзынæн ме знæгтæн æфхæрд, –
Æз амазонкæ дæн!
Уадз, аскъуынæд мын ме ‘взонг цард мæлæт,
Ныууадздзынæн историйы мæ фæд...
Æз амазонкæ дæн!

Бæстæйы уавæр банывыл кæнынæн цыфыддæр знæгтæ сты, йæ рæзты авналæнтæм ын чи ныхилы, мæнгтæ чи дзуры, галиу æнæзакъон митæ чи кæны, сауызгæ коррупцийы чи нынныхст æмæ гæртæмттæ чи хæры, уыдон.

* * *

Нæ хæс у Уæрæсейæ æрыгон æмæ размæ тырнæг бæстæ скæнын. Уый рынчын æмæ æнахуыргонд адæмы бон нæу.

***Владимир Путин***

*АБАЙТЫ Арбилянæ*

# ФАРН ÆМÆ ФЫДÆХ

*Миниатюрæтæ*

* * *

Æвзæрстытæ, æркæстытæ, æнæсæрфат тæрхæттæ... Акæс, уæд «адæмæн лæггад кæныны» охыл цæуы мæлæтдзаг тох.

Цыбæйлаг фæлмæн къæлæтджын, цы тых, цы кæлæн ис дæ мидæг?!

Æз та паддзахæн равзæрстон хуымæтæг ирон дзырд.

* * *

Зæрдæ фæстæмæ кæсы, нæ комы фæхицæн кæнын райгуырæн уæзæгæй. Афæлгæсыд-ма иу хатт.

Амы дуне – йæ фыццагон сконды, арв – бæрзонд, æнæкæрон. Нæ йыл æххæссы цæст.

Стыр сахары та арвы къуырф – армы дзаг, бакъуындæг бирæуæладзыгджын хæдзæрттæй. Йæ базыртæ дзы фæйнæрдæм парахатæй кæм айтындза иу цæргæс уæд та? Уый фаг дæр нæ кæны.

У афтæ, цыма сæрибарахуыр удæн горæтаг арв – къуындæг æмæ æцæгæлон.

Хъæуы алфамбылай фæззыгон хъæд ныббур, ныссырх, ныцъцъæх, лæууы уæзданæй, – абон хур у йæ хæлар. Йæ зæрин хыз рæдауæй æрытыдта хъæдыл, æмæ сæ бакаст-сæ уындæй цæст рæвдауынц. Сыгъзæриндонытылд ахорæнтæ кæрæдзи хуыз

исынц, ærттивынц, цин кæнынц, мæстæй марынц сæ алæмæты рæсугъдæй.

Кæд ис дзæнæт, уæд æнæмæнгæй хæлæг кæны хур, арв æмæ фæззыгон хъæды цæдисмæ...

Фæззыгон æрдз – зæххы фидауц, иу нывгæнæг дæр нæ уыд æмæ нæ уыдзæн уымæй дæсныдæр...

* * *

Ме 'фсымæртæ, кæрæдзи уарзгæйæ, дам, цæрут!

Хуымæтæг ныхæстæ – зæххыл фарнимæ æмдзæринæн. Загътаид сæ, йæ зæрдæ хурбæстæ кæмæн уыд, уарзтæй дзаг, æрмæст ахæм гуырд.

Къоста – нæ дзыллæйы Пехуымпар. Йæ фæдзæхстытæ, йæ уаз дзырдтæ баззадысты чиныджы фыстæй, нæ сæ райстам удхосæн.

Куыд сæ æххæст кæной, куыд, йæ уд кæфхъуындарæн чи саккаг кодта, уыдон? Æмæ уыйадыл «Ирон фæндыры» бæсты дзырды бар райстой фыдлæг æмæ фыдæх.

* * *

Нæ, афтæ нæ зæгъын, æмæ фæндаг айгæрдæм дугты арфмæ нæ фæд-фæд, фыдæлы фарн агурæг. Фæлæ нын размæ цæуын дæр æппын куы нал æнтысы, кæйдæр фæсарц кæйдæр зарджытæ кæнгæйæ. Нæртон хъисфæндыр баззад ирон туг ферввæзынгæнæг хæхты, дзæгъæл хæдзары саст тæрхæгыл рохуаты – æд кад, æд рад...

Хур уыдзæн йæ бынаты, мæй уый рухсæй æрттивдзæн, зилдзæн йæ зилæнты. Фæлæ нæ мидæг куы нал тæлфа нæ ивгъуыды зæрдæ, уæд бамыр уыдзæн иры хъæлæс. Æмæ ма уæд цæй адæм, цæй æндæр...

* * *

Фыдæх куы схицау вæййы зæххыл, арвмæ куы сæххæссы, уæд æнцой нал фæары рæстаг лæджы зæрдæ, басгуыхы фидиуæг. Æнхъæл вæййы, ничи йæ хъусы, никæмæ хъары йæ фæдис, уæддæр йæ рисгæ уд фесты дзæнгæрæг. Фæсте йыл дуртæ фехсынц, фæдзурынц: ацы æнамонд йæхи кæдæм рабæлццон кодта, иннæтæй уæлдай цы агуры?

Уадз æмæ алывыд калой, уадз æмæ 'хсой дуртæ, уыдоны бон –

райсомæй изæрмæ, дæ бон та – æнусæй æнусмæ. Дзæгъæлы нæ цæгъдыс дæ удæй арт. Уый гæнæн нæй, æмæ иунæгæй баззайай дæ рыстимæ, дæ фарсмæ цæдисон ма æрлæууа. Искæмæн ныфсы хос уыдзæн дæ дзырд, искæй зæрдæмæ дзы бакæлдзæн рухсы æртау.

## Ирон дзырд цæра!

«*Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин, куы бафидин искуы мæ хæс...*» Æвæццæгæн, Ирus лæгтæй йæхи хæсджын ничиуал хоны, нæ бæсты Къоста æппæт хæстæ дæр бафыста, зæгъгæ.

Афтæ куынæ уаид, уæд, нæ дзыллæйæн хицæн адæмы ном цы ирон æвзаг радта, фыдæлтæ цæхæрау кæй норстой æмæ кæй фæдзæхстой цæстыгагуыйау хъахъхъæнын фæлтæрæй фæлтæрмæ, уый абон къулбæрзæйæ нæ лæууид цæрæццаг æвзæгты рæнхъы.

Мадæлон æвзаг йæ уды рæбинаг кæмæн нæу, уый йын нæ хъусы йæ сыгъзæрин хъæлæс, æмыр ын сты ирон ныхасы хъуытаз зæлтæ, йæ зæрдæ æвдæлон у бæрзонд поэзийы тæмæнæй.

Цавæр стут, иры фæсивæд, цавæр? Цæмæн фестырзæрдæ стут нæ мадæлон æвзагыл? Сымах куы стут йæ зæрдæйы уидаг, йæ уд, йæ цæст, йе 'нхъæлцаутæ! Уæ чъылдыммæ кæсгæйæ, судзгæ цæссыг куы калы...

Кæд, мыййаг, уæ туг баивтат, уæ зæрдæ хъуына сæвæрдта, æмæ уын уымæн ссис æцæгæлон ирон мыр? Уæд дзыназдзæн, йæ цот æвæгæсæгæй кæй ныууагътой, ахæм æнæбон ныййарæгау...

* * *

Æнусон цардæй æнусон кад хуыздæр, – загътой нартæ. Æмæ кæм ис æнусон кад? Зæрдæ ма йæхи хъал кæны фыдæлты номæй, æндæра цавæр кад фæлæудзæн æнæсæрфат рæстæджы ныхмæ? Цавæр рад у рохæй тыхджындæр? Кæм сты абоны царды фыдæлты намыс хъахъхъæнæг хъуыддæгтæ? Иуæй-иу къæрцъхъустæ ма сæ æрымысынц, хъусынц сын сæ мынæг хъæрзын. Æмæ уыцы сагъæсæнгас гуырдтæн царды фæндæгтыл семæ æмдзу кæны æнахуыр æрхæндæг. Фæсмонæй райгуыргæ...

* * *

Куы уаид рæстæджы къуыбылойæн æрцахсæн, уæд æй рай-

хал бонгай, мæйгай, æнусгай, æмæ сраст кæн царды рæдыдтытæ, сыхал ын йæ куырмæлхынцъытæ.

* * *

Ацы фыдбон æмæ фыдлæгты дуджы – уæ, Хуыцау – уæлахиз уæнт, уарзт йæ зæрдæйы кæмæн цæры, рæстдзинады сæрыл чи дзуры, уыдон!

## Чызгимæ æргом ныхас

Фæрсдзынæ мæ, цы федтон царды, цы зынтæ бавзæрстон? Бавзæрстон фагæй фылдæр – уыдонæй адæймагæн фæхицæнуæвæн нæй, йæ рифтаджы æвæрд сты. Æнæрцæф та у æрмæстдæр дымгæ... Æрдумæ дæр нæ дары царды хъомыс, йæ хивæнд æмæ тæргæйттæ. Нæй йæ къæлæтты дарæн, нæй йыл сахсæн бакæнæн. Гъе, уый дын хъайтар хæстон!..

Куы мæ бафæрсис ноджы хъысмæты тæрхонæй, уæд дын зæгъин: рухс дунейы цæргæйæ, цух уыдтæн йæ цинæй, бирæ мæ фæдардта сау хъыджы: цардæн йæ кæрæтты цыдтæн.

Фæлæ мæ зæрдæйы табуйагæй цы сурæт дардтон, уый не 'рмынæг, фæйлауы бæрзонд рындзыл сагъд тырысайау.

Уымæ уыд мæ рыст уды каст, ууыл лæууыд мæ саби зæрдæ.

Иуырдыгæй – ды, иннæрдыгæй – тызмæг æцæгдзинад. Бафæраздзынæ ахæм ныхмæлæууæгæн?

Хуымæтæг ерыс нæу, фæлæ дзы дæуыл ницы хæс æвæрын. ДЫ МЫН ÆРМÆСТДÆР У, иннæ фæлварæнтæ иууыл – мæ бар.

Бæлвырдæй, царды фаг ма баззад дунейы рухсæй домд зæрдæйæ, – дзаг та у уæлмонцæй. Æмæ мын бузныгæн – демæ фембæлд.

Æмæ ныр мæ уд æнæхъæнæй дæу у, фæстаг æртахы онг. Дæу у – абонæй æнустæм. Хуыцау мын мин уды куы радтаид, уæддæр – дæуæн нывондæн.

Дæ зæрдæйы цæры мæ уд. Æмæ куы бахудыс, уæд уый дæр цæхæртæ скалы, зæды базыртау.

Æрæнкъард дæ, – уæд доны разилынц мæ уды тарæнгас цæстытæ.

Кæныс цин, уæд æм байхъус – уый дæр кæл-кæлæй худы, зарæг дын нывæнды.

Уыдтæн рæстуд адæм æмæ Хуыцауы раз – сыгъдæг. Кæд мын уый тыххæй бацамыдта фæндаг дæумæ, мæнæй дæ удмæ.

Зоны йæ мæ зæрдæ: нæ фембæлд уыд уæларвонты цæстуарзон лæвар...

Диссаг у, куыд сæ рантысти ацы хатт, куыд фæрæдыдис æлгъин амонд? Куы фестадтæн æнæхъæнæй дæр уарзæгой уд!

Уæдæ цы у мæ буар та? Ис æви нæй? Нæ зонын, раст зæгъгæйæ...

У туг æмæ стæгæй конд. Цæры, цæуы, æнкъары. Фæсудзы хурмæ, дымгæ йæ фæхойы. Фæкæсы арвмæ, уарзы хæхтæ, денджыз. Æмæ ис иугæр, уæд дæуæн нывонд у уый дæр. Дæ æнувыд фæсдзæуин. Дæ сæрибар хъæлдзæгзæрдæ цагъайраг...

Мæ фæндæй дын мæ буар фестæд хур – къæвда боны, æнтæфы та – фæлмæн уарын, бæрзондæй æрвыст райгæ-уаргæ цин.

Фестæд дын хæххон сыгъдæг уæлдæф... Уæд алы ран дæ алфамбылай, дæ фарсмæ... Дæ Бонвæрнон. Зынтæ сурæг. Дæ цæуæнтыл – зæлдаг кæрдæгæй гауыз...

Мæ уд дын фестæд фурд – æнæкæрон, цъæх-цъæхид, хъарм, рæвдауаг. Куыд судзой хурмæ йе 'ртæхтæ дæ буарыл, налхъуыт-налмасау... Йæ уылæнтæ згъордзысты дæ фæдыл æмæ 'мбæхсдзысты дæ зынаргъ фæдтæ змисы.

Цы ма хъæуы зæххон дзæнæты 'ндæр? Уыдзыстæм иу: æз æмæ ды, бæрзонд арв æмæ денджыз...

Мæ уд – дæ уды, д' арм – мæ армы, афтæмæй цæуæм æнус, нæ царды фæстаг бонмæ...

Разы дæ?

* * *

Æхсæвæн æнæфæугæ нæй, уалдзæгæн – æнæрцæугæ. Батайдзысты митхъæпæнтæ, æртæхдзысты мæргътæ хъарм бæстæй, æмæ та дун-дунетæ байдзаг уыдзысты се 'нæхæрам удты цинæй.

Афтæ æрыздæхтæ ды дæр, æмæ мæ зæрдæ райы, батавта йæ дæ цæстæнгас. Дæ цæстытæ – мæ уды хъарм бæстæ.

* * *

Зонын æй, дæ сурæт у мæ уды монцтæй конд, мæ рухс бæллицтæй. Зонын æй, бæстырæсугъд дæ скодтой мæ цæстытæ...

Фæлæ нæу æрымысæггаг, дæу фенгæйæ, дæ хъæлæс айхъусгæйæ, цы амонд банкъарын, уый у æцæгæй ноджы æцæгдæр.

Æмæ зæрдæбынæй курын уæлæрвтæй: макуы нын уæд фæхицæнгæнæн, уымæн æмæ мæ æнæ дæу ацы зæххыл иу боны цард дæр нæ хъæуы...

* * *

Мæ удлæууæн куы уаис, уæд мæ цæстытæ нæ зониккой æрцъынд, æхсæвæй бонмæ стъалытæ нымаин, дæу мысгæйæ. Ныдджджих-иу уаин фæндагмæ, кæд, мыййаг, æрбацæуыс, уый æнхъæлæй.

Мæхи æууæндын кæнин: дæ бæллицтæ иууылдæр баст сты мæнимæ, дæ цинты цин – мæ фенд. Мæ сæнттæ зиликкой дæ фæд-фæд, тындзиккой иудадзыг дæумæ. Афтæ уаис мæ зæрдæйыл ныхæст, афтæ, æмæ дæм суанг мæхæдæг дæр тæхуды кæнин.

Фæлæ цы гæнæн ис? Мæ зарæг нæу дæуыл, мæ хъуыдытæн се 'мгæрон дæр нæ лæууыс, æмæ дæ курын уый тыххæй хатыр.

* * *

Æлгъин амондæй базыдтон мæ бон – сты хъузæттæ хъысмæтимæ. Æмæ цæуæд хивæнд æмæ чъынды амонд йæ бæрæг хаххыл. Ницæмæуал æм кæсын æнхъæлмæ...

Судзут, мæ сонт фæндтæ, фæсмоны арты! Зынгæй уæм фæкæсдзынæн мæхæдæг.

Фæлæ кæй хъомыс, кæй бар цæуы мæ бæллицтыл та арвæй зæххы 'хсæн?

* * *

Цы пехуымпар, цы зæд дæ,  
Æрцу-ма æмæ зæгъ,  
Цæмæн у фарн рæстæгмæ,  
Æнусон та – фыдæх?

*2014 аз*

# НОГ НОМ



***Мæргъиты Алим*** у Цхинвалы дыккæгæм астæуккаг скъолайы ахуырдзау. 10 азы йеддæмæ йыл нæма цæуы, фæлæ йæм уыйбæрц сюжеттæ райгуыры, æмæ сæ йæ бон фыссын уаид æнæсцухæй. Цыдæриддæр ныффыссы, уыдонæн вæййы зондамонæн нысаниуæг.

Нæ зæрдæ йын зæгъы, æнæнизæй куыд байрæза æмæ нæ разагъды хистæрты фарнæй хайджын куыд фæуа, уый.

*МÆРГЪИТЫ Алим*

# МИНИАТЮРÆТÆ

## ИРОН ÆВЗАГ

Батрадз ахуыр кодта цыппæрæм къласы. Иу бон сæм уыди контролон куыст ирон æвзагæй. Фæлæ уый ирон ахуыртæ æппындæр нæ уарзта. Уæд райдыдта хъуыды кæнын, куыд дзы аирвæза, ууыл. Æмæ йæм æрцыди ахæм фæнд: фæдзырдта гыццимæ æмæ йын загъта, бавзæр дæн, мæ тæвд мын сбар, зæгъгæ.

– Ныртæккæ, мæ лæппу, ныртæккæ! – батыхсти мад. Рахаста тæвдбарæн æмæ йын æй йæ дæларм бавæрдта. Уæд Батрадз дзуры:

– Гыцци, уæртæ стыр цæргæс!

– Кæм? – загъта мад æмæ рудзынгæй кæсынтыл фæци.

Уыцы рæстæджы нæ «рынчын» тæвдбарæн пецмæ æввахс бадардта, æмæ йæ хахх цыппор иумæ схызт.

– Кæм и цæргæс? – фæрсы та йæ мад.

– Æвæццæгæн, атахти... – загъта Батрадз.

– Æри-ма, мæ лæппу, тæвдбарæн, – æргуыбыр кодта мад йæ лæппумæ. Куы йæм æркаст, уæд тарстхуызæй тагъд æхххуысмæ фæсидт. Цалынмæ дохтыр хæццæ кодта, уæдмæ Батрадз тæвдбарæн æрцагъта, æмæ йæ хахх бынмæ æрхауд. Уæдмæ дохтыр дæр æрбацыд, ацæттæ кодта судзин æмæ Батрадзмæ хæстæг балæууыд.

Батрадз æнхъæлдта, ныр æй рынчын-

донмæ ласдзысты, зæгъгæ, æмæ йын афтæ:
– Нæй мæм тæвд.
– Уæдæ мæм цæмæн фæдзырдтат?! – фæдисау ис дохтыр æмæ уайдзæфгæнæгау бакасти мадмæ.
– Уый аххос нæ уыд, æвæццæгæн æм дзæбæх не ‘ркаст...
Уæд Батрадз бамбæрста, сайын хорз кæй нæу, æмæ йæхимидæг загъта: «Фæлтау ирон æвзаг æрвылбон дæр ахуыр кæндзынæн...»

## СОСЛАН – САЙÆГОЙ

Батрадз æмæ Сослан уыдысты æмбæлттæ. Иумæ цыдысты нывгæнджыты къордмæ дæр. Иу бон та уым сныв кодтой бæлас. Нæ сын рауад ныв, уæлдайдæр та Сосланæн, фæлæ уæддæр йæхицæй æппæлы:
– Æз æй барæй афтæ сныв кодтон, цæмæй ды, Батрадз, ма фенкъард уай. Æнæуи та тынг хорз ныв кæнын.
– Уæдæ ма нывгæнджытæм цæмæн цæуыс?! – дисхуызæй йæ фæрсы Батрадз.
– Афтæ, ме ‘мбал дæ æмæ дæу тыххæй цæуын... – йæ сæр æруагъта Сослан. – Кæд дæ нæ уырны, уæд райсоммæ скæнæм лæджы нывтæ.
Батрадз сразы ис. Дыккаг бон сæ дыууæ дæр æрбахастой лæджы нывтæ. Батрадз цы ныв скодта, уый уыди фыдуынд, лæджы къухтæ хъилты хуызæн, йæ фындз – хуыйы бырынкъ. Сосланы ныв та уыд æцæг лæджы хуызæн. Сослан Батрадзы нывыл худт:
– Мæнæн хуыздæр у, ха-ха-ха!
Батрадз мæстæйдзагæй хæдзармæ ацыд. Йæ фæндаг уыди Сосланты хæдзары рæзты. Кæсы, æмæ дын Сосланы фыд уынджы бады æмæ диссаджы нывтæ кæны.
Лæппутæ дыккаг бон нывгæнджыты къордмæ куы ‘рбацыдысты, уæд йе ‘мбалæн Батрадз карзæй загъта:
– Афтæ куы дзурыс, дæуæй хуыздæр ныв кæнын, зæгъгæ. Цæй-ма тæккæ ацы ран ныв кæнын райдайæм ногæй!
Сосланæн ницыуал гæнæн уыд æмæ басаст, йæ фыд ын кæй скодта лæджы ныв, ууыл.
Уæд ын Батрадз зæгъы:
– Ныр ды мæн нæ фæсайдтай, фæлæ – дæхи!

# ФЫДДЖЫН ГУЫЛТÆ

Иу бон æртæ æмбалы, Сослан, Батрадз æмæ Махар горæты уынгты фæцæйцыдысты. Сæ разы уыди дукани. Сæ дзыппытæ асгæрстой. Батрадзмæ – ницы, Махармæ – дыууæ сомы, Сосланмæ – фондз туманы.

– Ам мæм фæлæуут, – загъта Сослан. Бацыди дуканимæ æмæ дзы балхæдта фыдджын гуылтæ. Фыдджынты тæф лæппуты фындзтыл ауад.

– Дæттыс нын дзы? – бафарста Батрадз Сосланы.

– Нæ, мæ бон нæу. Мæ мад мын бафæдзæхста, макæмæн мацы дæтт, зæгъгæ.

– Уæдæ фендзыстæм, – мæстыйæ загътой йе 'мбæлттæ, Сосланы уым фæуагътой æмæ дарддæр ацыдысты.

– Гъемæ ацæут! – сæ фæстæ ахъæр кодта Сослан. Сæхимæ куы бахæццæ, уæд къулыл федта, йе 'мбæлттимæ кæддæр цы къам систа, уый, æмæ йæ зæрдæ хæрын нал бакуымдта. Уæд райста гæххæтты гæбаз æмæ йыл ныффыста: «Афтæ никуыуал бакæндзынæн!» Фыдджын гуылтæй дыууæ батыхта æмæ араст и Батрадзты хæдзармæ – зыдта йæ, дыууæ лæппуйы ныр иумæ кæй сты. Куы бахæццæ, уæд фыдджын гуылтæ æмæ уыцы гæххætты гæбаз асиныл авæрдта, стæй дуар бахоста æмæ алыгъд. Хæдзармæ куы 'рбаздæхт, уæд æм ногæй хæрын æрцыд æмæ загъта йæхинымæры: «Афтæ хуыздæр уыдзæн. Иу гуылæй дæр бафсæддзынæн. Нырæй фæстæмæ ме 'мбæлттимæ алцыдæр дих кæндзынæн».

# ШАХМÆТТÆЙ ХЪАЗДЖЫТÆ

Таму æмæ Аслан хъазыдысты пуртийæ Батрадзты хæдзары раз. Цасдæр рæстæджы фæстæ сæм рудзынгæй ракасти Батрадз.

– Рацæут махмæ.

– Нæ, ды рацу æмæ немæ ахъаз пуртийæ.

– Нæ мæ уадзы мæ мад, – загъта Батрадз.

– Уæд мах дæумæ бацæудзыстæм, – загътой лæппутæ æмæ уайтагъд дуаргæрон алæууыдысты. Батрадз сæ бахуыдта мидæмæ, бахæрын сын кодта, æмæ сæ æрфæндыди шахмæттæй хъазын. Фыццаг уал ахъазыдысты Батрадз æмæ Таму. Батрадз æй амбылдта. Стæй Батрадз ахъазыд Асланимæ, æмæ та уый

дæр амбылдта. Уый фæстæ ахъазыдысты Аслан æмæ Таму – амбылдта Таму.

– Ды раст нæ хъазыдтæ! – фæтæргай Аслан.

– Уый ды нæ хъазыс раст! – нæ басасти Таму.

Сæ хылмæ Батрадз æрбауад æддаг уатæй:

– Цæуыл хыл кæнут, хъазт йеддæмæ ма исты у?

– Мæнæ Таму хæрæмттæ кодта! – смæсты Аслан.

Афтæ кæрæдзи фæратон-батон кодтой æмæ ацыдысты. Батрадз шахмæттæ бафснайдта æмæ хъуыды кæны: «Ныр адон æмбæлттæ сты?! Хъазты тыххæй фæхыл у!..»

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

# ÆРÆДЖИАУЫ МАЛУСÆГ

## УАЛДЗЫГОН КÆЛÆНТÆ

Фæзынди та мæ цъæхбазыр, мæ буц уалдзæг,
Нæ раттæг æрдз фæхицæн и йæ уаз фынтæй.
Сырхмæтæгæн та райхæлди йæ дидинæг, –
Цы ма бафсаддзæн булæмæргъы зарынæй!

Цъæх гауызæмбæрзт фæзтæ æмæ быдыртæ...
Ныццавта зæххæн уæлæрвтæм йæ комытæф...
Лæууы бæрз бæлас урс хызы быны чындзау,
Йæ алыварс ыл баузæлы рог уддзæф.

Йæ зæнгыл ризы рог дымгæмæ дидинæг,
Сырх гæлæбу йыл байтыгъта йæ базыртæ.
Æвæццæгæн ын дзуры уый: «Мæ удлæууæн,
Мæ буц дидинæг, бирæ, бирæ уарзын дæ...»

Сæууон æртæхтæ дидинкъусæй баныztон,
Къуымæлдзæфау ысдæн цыдæр зæрдæхъæлдзæг.
Рæууон монцтæ мæ удрæбынæй сабузтой,
Ныккодта йыл кæд уарзты хос кæлæнгæнæг.

Æрбакалдтай мыл – уарзтифтыгъд – дæ цæссыгтæ,
Нæ рухс дунемæ дзаг цæстæй куы ракастæн.
Вæййы ма афтæ хъулонбазыр аргъауы –
Мæрдфынæйæ фæстæмæ, цыма, райгас дæн.

Цыма мæм раздæхт дард кæцæйдæр ме ʻвзонгад,
Мæ зæрыбонты хал мæхицæй асырдтон.
Цæрæнбонтæм нæ бафсæдин æз зарынæй:
«Зæрдæйы цин дæ, буц дидинæг, уалдзыгон!»

## ÆРÆДЖИАУЫ МАЛУСÆГ

Æнкъары зæрдæ рагуалдзæджы комулæфт,
Фæлæ мæ уд цыдæр сагъæсы бацыди, –
Нæма фæзынди буц дидинæг – малусæг,
Мыййаг, æдзардæй хъæпæны бын басыди.

Йæ агурæг æз къахвæндагыл араст дæн,
Йæ уаз цæсгом ын хъæдрæбынты агуырдтон.
«Нæма фæзынди рагуалдзæджы фидиуæг?» –
Тæгæр бæласмæ саст хъæлæсæй бадзырдтон.

Йæ миттæй йæ ыссыгъдæг кæнин ме 'нгуылдзтæй,
Мæ комулæфтæй малусæджы батавин,
Сывæллонау ын азарин æз «а-лол-лай»,
Мæрдон фынтæй йæ цардмæ ногæй раздахин.

Æрбахызтæн æз хъæдрæбынæй быдырмæ.
Цы уынын мæнæ!.. Къутæрты бын – малусæг:
«Цы загъдæуа дæ удылхæцæг уалдзæгæн,
Кæм нæ фæзылдтæн æз, гормон, дæу агурæг!»

Æрцыди мыл Хуыцауы хорзæх, раст цыма,
Мæ цæссыгтæ йæ дидинсыфтыл тагъдысты,
Фырцинæй мæ сæ фенд уæддæр нæ уырныдта, –
Йæ уаз сыфтæ мæ цæстытыл кæд уадысты?!.

## РАГУАЛДЗÆГ

Йæ урс бæхыл та афардæг и зымæг,
Кæны та æрдз дæр цадæггай цæрдуд.
Æрлæууыди та рагуалдзæг йæ рады, –
Мæ рæумонцтæ, мæ уаз бæллицты дуг.

Куы фенын æз фæстаг миты фæзгъæртæ
Кæмдæр, гæзæмæ, хъæдрæбынты, уæд
Мæхинымæр зæрдæрайгæ фæзæгъын:
«Цъæхбазыр уалдзæг а зæххыл нæрæд!»

Ысдæн та ногæй цардбæллон, цæрæццаг, –
Зæххыл нæй ницы уалдзæгæй хуыздæр.
Тæхуды, ‘мæ дæ зæрдæйы фæндиаг
Рæумонцтæ æмæ рухс фæндтимæ цæр!..

Цæмæй сæ бынæттæ цыфæндыйæ дæр бахъахъхъæной, уый сæрвæлтау политиктæй бирæтæ, сæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, канд тæбæгътæ не сдæрдзысты.

*«Новый Вторник»,*
*2013, № 41*

*АБОЙТЫ Зарæ*

## ÆРДЗ

Мæн сайы æрдз сывæллонау йæхимæ?
Йæ цъæх нæууыл мыдыбындзау тæхын.
Мæн дæр фæфæнды уыцы бындзау царды
Фæллойы мыд нæ чыргъæдмæ хæссын.

Мæн сайы æрдз сывæллонау йæхимæ, –
Нæ хæхтæ сты æнусыккон, бæрзонд,
Сæ сæртæ – халас – урс æмгæрттау,
Лæууынц æнгом, чи – къаддæр, чи – бæрзонд.

# РАЗАГЪДЫ ЛÆГТÆ

*БДАЙЦИАТЫ Хъазыбег*

## ДЫУУÆ ХАТТЫ ХЪÆБАТЫР

Æлбегаты Габоцийы фырт Батраз Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ ацыд йæ тæккæ райдайæны. Фыдызнаджы ныхмæ фæхæцыд хæсты кæронмæ. Дыууæ хатты йын йæ лæгдзинады тыххæй лæвæрд æрцыди Советон Цæдисы Хъæбатыры ном.

Фыццаг хатт уыцы ном райста украинаг горæт Мелитополыл хæсты, дыккаг хатт та, Киев немыцаг тугдзыхтæй куы хъахъхъæдтой, уæд. Хъыгагæн, немыцмæ уацары бахаудта æмæ цасдæр рæстæг фæцис концлагеры. Алыгъд уацарæй æмæ Францы зæххыл партизантимæ тох кодта немыцаг æфсæдты ныхмæ.

Цыбырæй радзуринаг дæн Батразы фыццаг сгуыхты тыххæй. Советон æфсады размæ уыди хæс æвæрд, цæмæй, немыц цы фидæрттæ саразтой, уыдон батоной æмæ бацахсой бæрзæндтæ. Фæлæ та-иу не ‘фсæдтæ размæ куы абырстой, уæд-иу сæ бырст фæсыкк ис. Сæ размæ уыди фидар дзот, æмæ та-иу пулеметы тыхджын æхстæй æфсæдтæ фæстæмæ раздæхтысты, бирæ хæстонтæ-иу фæмард сты, кæнæ фæцæфтæ сты, афтæмæй. Фæд-фæдыл-иу арвыстой иу цалдæр æфсæддон къорды, цæмæй дзот срæмудзой, уый тыххæй, фæлæ сæ-иу фæстæмæ ничиуал раздæхти – немыц сæ-иу ныццагътой.

Иу рæстæджы командæгæнæг Иванов



*Ælбегаты Батраз 1995 азы.*



*Батрадз йæ мад Даураты Дади сæ кæстæр Ælбегаты Фатимæимæ.*

*Батраз йæ цоты цот Таймуразимæ.*





*Батраз йæ чызджытæ Фатимæ æмæ Азæ, сæ кæстæртæ – Земоритæ æмæ Таймураз.*

фæдзырдта Æлбеджы-фыртмæ æмæ йын йæ разы хæс сæвæрдта, цæмæй йæхицæн æмбæлттæ равзара æмæ немыцы фидар срæмудза.

Батраз командæгæнæгæн цыбырæй бамбарын кодта, йæ бардзырд сæххæст кæнынмæ цæттæ кæй у, уый. Фæлæ, дам, курын, æмæ мæ иунæгæй ауадз.

Иванов лæмбынæг ныккасти Батразы цæстытæм æмæ бамбæрста, хæстон йæ хæсыл зæрдиагæй кæй ахъуыды кодта, уый, фæлæ уæддæр не сразы Æлбеджы-фырты фæндыл æмæ йæм дзуры: «Æнæ æмбæлттæй дæ мæ бон ауадзын нæу. Фæлтау æндæр къорд арвитдзынæн». Дыууæ къорды та арвыста командæгæнæг, æмæ та сæ ничиуал раздæхт. Уæд та Иванов фæдзырдта Батразмæ æмæ йæ фæрсы, иунæгæй дæ цæмæн фæнды ацы вазыгджын хъуыддаг бакæнын, зæгъгæ. Æлбеджы-фырт ын йæ хъуыды бамбарын кодта: «Æмбал командæгæнæг, къордтæ кæй арвитыс, уый раст нæу. Æфсæддонтæ иууылдæр æмхуызон не сты æмæ сæ, хæслæвæрд æххæст кæнгæйæ, чи фæтæрсы, чи та хъæрæй сныхас кæны, æмæ сæ знæгтæ бындзагъд ныккæнынц. Æз иунæгæй куы ацæуон, уæд æй зондзынæн, кæд æмæ кæдæм хуыздæр уыдзæн мæ фæндаг. Кæнæ – мæлгæ, кæнæ – цæргæ, фæлæ мæ хæс сæххæст кæндзынæн».

Гæнæн нал уыдис æмæ Æлбеджы-фыртæн танкты ныхмæ гранатты баст радтой æмæ йæ арвыстой.

Уыдис талынг æхсæв, цæсты къух фæтъыссæн нæ уыд. Батраз йæ ных сарæзта дзотмæ. Йæ амондæн немыцаг салдæттæ хъæрæй ныхас кодтой. Æмæ Æлбеджы-фырт фæсвæдты йæ гуыбыны цъарыл быргæ бахæстæг дзотмæ – хъуыдис ма йæ ссæдз метры бæрц. Æмæ ахъуыды кодта: ныр ардыгæй гранатты баст фехсин дзотыл, æмæ йын куы ницы уа, уæд мæ амардзысты. Ноджы хæстæгдæр бабырыд æмæ гранатты баст базыввытт ласта дзоты рудзынгæй. Уыйадыл иуцасдæр ницыуал бамбæрста. Куы æрчъицыдта, уæд фыццаг ахъуыды кодта, дзот ныппырх, æви нæ? Æмæ кæд йæ хъустæ зæлланг кодтой, йæ цæстытæй цæхæртæ калди, уæддæр æрæмбæрста, æгас кæй у æмæ йæ хæс дæр кæй сæххæст кодта, уый. Срæмыгъды фæстæ йæ хæдфарсмæ ауыдта ставд хъæды лыггæгтæ – дзоты хæлддзæгтæй. Йæхæдæг та астæуæй дæлæмæ уыди змисы бын. Батраз тагъд-тагъд йæхи æрысгæрстытæ кодта æмæ куы базыдта, йæ буар цæф нæу, уæд змисы бынæй рабырыд æмæ нæхи æфсæдтырдæм ратындзыдта.

Дзоты срæмыгъды фæстæ дыууæ фыдызнаг къорды сæ кæрæдзиуыл сæхи ныццавтой, æмæ хæст стынг ис. Æлбеджы-фырт кæм быргæ, кæм згъоргæ, дыууæ æфсады æхсæн бахаудта, æмæ-иу хæст куы стынг, уæд-иу цъымарайы ныххуыссыд. Цъымарайы хуысгæйæ уыдта, нæмгуытæ йæ алывæрсты ихуарæгау куыд кодтой, уый. Тыхтæ-амæлттæй æрбахæццæ йе 'мбæлттæм. Йæ улæфт йæхимæ нæма æрцыдис, афтæ айхъуыста Ивановы ныхас: «Тынг æвгъау уыдис Æлбеджы-фырт мæлынмæ, кæд стыр лæгдзинад равдыста, уæддæр. Хъæбатыры номмæ йæ бавдисын хъæуы».

Батразæй йæ рыстытæ ферох сты. Бацыд Ивановы размæ æмæ, йæ къух йæ къæмисæныл авæргæйæ, загъта, йæ бардзырд ын кæй сæххæст кодта, уый.

Иванов æм кæронмæ дæр нал байхъуыста, йæ хъæбысы йæ ныккодта, йæ цæстыты сыг дæр ма фырцинæй æркалдис...

Советон æфсæдтæ атакæйы абырстой, се 'мрæнхъ – Батраз дæр.

Дыккаг хъæбатыры ном та йын радтой Украинæйы сæйраг горæт Киев хъахъхъæнгæйæ.

Немыц стыр тыхтæ æрæмбырд кодтой æмæ сæхи ныццавтой Киевыл.

Æлбеджы-фырты æфсæддон хайады хæс уыдис, цæмæй размæ абырса æмæ ахсджиаг бæрзæндтæ бацахса. Фæлæ немыц цы фидæрттæ сарæзтой, уыдонæн æнцонтæй нæ уыди райсæн – бетонæй конд уыдысты.

Командæгæнæг фæдзырдта Æлбеджы-фыртмæ йе 'мбæлттимæ: «Ацæут æмæ знаджы фидæрттæ сбæлвырд кæнут, кæд гæнæн уа, уæд æнæ æхсгæйæ, кæннод та, уавæр куыд амона, афтæ кæнут». Къорд хъавгæ-хъавгæ цæуы хъæды астæуыты. Иуафон иу æфсæддон йæ къухæй ацамыдта, разæй знаг ис, зæгъгæ. Батразæн хæс радтой знаджы бынæттæ басгарын. Сабыргай бæласæй бæласмæ хъавгæ цæуы размæ. Иуафон æрлæууыд стыр бæласы аууон йæ фæллад суадзынмæ. Чысыл йæ улæфт куы 'рсабыр, уæд райста йæ гæрзтæ æмæ, ныр ахизон, зæгъгæ, афтæ йæ бæласы фæстæйæ немыцаг æрбахста. Йæ амондæн ын нæмыг йе уæхсчы цъар гыццыл ахаста йæ пъагонимæ. Батраз фæстæмæ æрæмбæхст бæласы ауон. Æрцæттæ кодта танкты ныхмæ гранатты баст. Лæмбынæг акæстытæ кодта знаджырдæм æмæ куы базыдта, йæ размæ бетон къæйтæй конд фидар ис, уый, уæд ыл

йæ тых, йæ бонæй гранатты баст базыввытт ласта. Срæмыгъд фæйнæрдæм фæхаста знаджы фидар. Уæдмæ йе 'мбæлттæ дæр фæзындысты иннæ æфсæддонтимæ.

Уый фæстæ куыд рабæрæг ис, афтæмæй уыцы срæмыгъдæй фæмард сты æппынкъаддæр дæс æмæ дыууиссæдз немыцаджы.

Батразæн йæ хъæбатырдзинады тыххæй ныр дыккаг хатт саккаг кодтой Хъæбатыры ном.

Фæлæ алцæмæн дæр амонд хъæуы. Горæт Киев немыц бацахстой, æмæ хæстон архивтæ судзын бахъуыдис. Уыдонимæ сыгъд æрцыдысты Батразы гæххæттытæ дæр.

Бирæ хæстыты ма архайдта хъæбатырæй Æлбеджы-фырт. Фæлæ немыцмæ уацары кæй бахаудта, уый тыххæй йын хæсты фæстæ рахастой тæрхон æмæ дæс азы Комийы республикæйы хъæды куыст фæкодта.

Фæлæ уæддæр йæ зæрдæ никуы сивта йæ райгуырæн бæстæйыл.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты – **Вильям Шекспиры** рæстæджы сылгоймæгты сурæттæ.*





























# УИДÆГТÆ

*МАМИАТЫ Таймураз*

## УЫЙ ИУАНЕ УЫДИ

XIV æнусы къуылых, тугмондаг Тимур ирон адæмы рагфыдæлты бынысккъуыд куы кодта, уæд ма дзы цы æнæбары муртæ аирвæзт, уыдонæй кæмæн куыд йæ фадат уыд, афтæ лыгъдысты хохмæ. Ирон адæм алы кæмтты куы ныппырх сты, уæд сын кæрæдзиимæ сæ бастдзинад дæр фехæлд. Æрмæст ма, цы кæмттæм баирвæзтысты, уым тых-тухитæ кодтой.

Ирон адæмæн ма XIV æнусы сæ нымæц цас уыдис, уый, æвæццæгæн, бæлвырд ничиуал зоны. Ирон лæг зынтæн быхсон у, хæххон æвадат уавæрты дæр та ныффæрæзтой, сæхиуыл фæхæцыдысты, сæ буары æмæ зæрдæйы хъæдгæмттæ байгас сты. Цард та сын бацайдагъ, адæм фылдæрæй-фылдæр кæнын байдыдтой. Фæлæ та сын хъысмæт цæттæ кодта ног фыдæвзарæнтæ. XVIII æнусы кæрон æмæ суанг XIX æнусы райдианмæ ирон адæмыл стых æвирхъау халер. Бындзыты цагъд кодтой. Сæ мæрдты ныгæнын дæр нал фæрæзтой, сæ хæдзæрттæй сæ зæппæдзтæ фæфылдæр сты.

Мæнæ куыд зæгъынц нæ историктæ: «О численности осетин в XVIII в. точных данных нет. Первые сведения о демографическом состоянии относятся к 1742 году. Осетин по исчислению обоих полов более 200 тыс. человек, называли Осетию многолюдственным краем. Эти данные, возможно, несколько завышены, тем не менее, по ним можно судить, что еще в середине XVIII в. сравнительно небольшая территория Северной Осетии была населена довольно густо. В дальнейшем произошло резкое сокращение ее населения. Главным образом, это явилось следствием губительной эпидемии чумы, свирепствовавшей в Осетии с конца XVIII в. Согласно документам, «моровая язва» продолжалась на Северном Кавказе до 20-х гг. XIX века. Исторические памятники того времени свидетельствуют о том, что в этот период осетинам пришлось строить больше могильников, чем домов, и порой осетинские кладбища по сво-

ей площади превосходили аулы. В результате начавшейся в конце XVIII века демографической катастрофы происходило резкое сокращение населения Северной Осетии». *(М. М. Блиев. История Северной Осетии, т. 1, с. 169).*

Уыцы ӕгъатыр халер, кӕй загъын ӕй хъӕуы Туалгомы Нармӕ дӕр бахӕццӕ. Ам, Нары зылды, Фаллагкомы, Мамиаты-Мамиты уидаг кӕцӕй рацыд, уыцы хъӕу, Сауыбыны ма иу бинонтӕй ӕгъатыр мӕлӕтӕй аирвӕзт иунӕг дзидзидай сывӕллон, йӕ ном Сослан, загъгӕ. Раст уыцы тӕссаг ӕмӕ уӕззау рӕстӕг Нармӕ ӕрӕфтыд Гӕбӕратӕй иу сауджын. Уый Фаллагкомы уыцы ӕвирхъау, зӕрдӕуынгӕггӕнӕн хабӕрттӕ куы федта, уӕлдайдӕр ӕнахъом саби «ихы сӕрыл баззад», уӕд ӕм йӕ Хуыцауыуарзон зӕрдӕ сдзырдта: «Ацы ӕнахъомы, Хуыцауы хъӕбулы, ӕгъатыр мӕлӕты дзӕмбытӕй ратонын хъӕуы. Ам куы баззайа, халерӕй куы аирвӕза, уӕддӕр ӕвӕгӕсӕгӕй фесӕфдзӕн». Хӕстӕг, хион ма йын чи баззад, уыдонмӕ ӕрхатыд, цӕмӕй йын раттой мӕгуыр сидзӕры. Схъомыл ӕй кӕндзӕн ӕмӕ куы ралӕг уа, уӕд ӕй фӕстӕмӕ ӕркӕндзӕн йӕ райгуырӕн бӕстӕм. Хиуӕттӕ сразы сты Гӕбӕраты сауджыны фӕндоныл ӕмӕ рахаста ӕнахъом Сосланы Хуссар Ирмӕ.

Чи уыди уыцы Гӕбӕраты сауджын, стӕй хъысмӕт цы тӕрхон скодта уыцы ӕнахъом сидзӕрӕн?

Ам уал рагон историон цаутӕ фӕсвӕд фӕуадзӕм ӕмӕ хӕстӕгдӕр цаутӕм ӕркӕсӕм. Цӕвиттон, Хуссар Ирыстоны ис иу хъӕу – Мамитыхъӕу. Ацы хъӕуӕй рацӕуӕг цыппарыссӕдзаздзыд Мамиты Оля йӕ райгуырӕн хъӕуы равзӕрд ӕмӕ йӕ адӕмы истори йӕ хистӕртӕй куыд хъуыста, афтӕ сӕ йӕ мысинӕгты фыссы. Иннӕ таурӕгъгӕнӕг та – Гӕбӕраты Ефимы фырт Рубен. Дыууӕ таурӕгъгӕнӕджы ныхӕсты кӕд гыццыл хицӕндзинӕдтыл фембӕлӕн вӕййы, уӕддӕр сӕ апп ӕмӕ мидис нӕ ивынц.

Цӕвиттон, Мамитыхъӕу ис Хуссар Ирыстоны, Цхинвалы районы, цӕугӕдон Леуахийы галиу фарс. Цхинвалӕй у фондз километры ӕддӕдӕр. Таурӕгътӕ куыд дзурынц, афтӕмӕй, цалынмӕ ацы хъӕуы Мамитӕ ӕрцардысты, уӕдмӕ дзы цардысты Къӕбыстӕ ӕмӕ, дам, цыдӕр низӕй амардысты. Сӕ уӕлмӕрдты бынат ма абон дӕр у бӕрӕг. Уӕдӕ кӕцӕй ӕрхаудтой Мамитӕ ацы хъӕумӕ? Гӕбӕратӕй иу лӕг уыдис сауджын, Зӕлдайӕ. Уый раджы кӕддӕр ӕрӕфтыд Нармӕ. Уыцы заман та амы адӕм цавӕрдӕр низӕй цагъды кодтой ӕмӕ дзы иу ӕнахъом дзидзи-

дай саби бынтон сидзæрæй баззад. Гæбæраты зæрдæхалæр сауджын æй æрхаста Зæлдамæ, Хуссар Ирмæ. Схъомыл æй кодтой Гæбæраты мыггаг, сæхицæй йын чызг радтой, зæххы хай йын радих кодтой Зæлдайæ 2 километры æддæдæр, Рагъы (афтæ хуынди ацы бынат). Ам цæргæйæ баззад, цот ын рацыд æртæ фырты. Фырттæ рахъомыл сты, уыдон дæр бинонты хъуыддæгтæ бакодтой, зæхх нал фаг кодта æмæ уæд дæлдæр зæххытæ балхæдтой æмæ сæ ног бынатмæ æривтой.

Ныр та уал æркæсæм Гæбæраты Иуанейы (Ялгъузидзейы) цардвæндагмæ. Бæлвырд куыд у, афтæмæй Иуане райгуырд 1775 азы æмæ йæ цардæй ахицæн 1830 азы. Бынтон цыбыр цард, фæлæ йын бантыст саразын æмæ йæ раттæг адæмæн балæггад кæныны хъуыддаджы тынг бирæ.

Цыбырты Людвиг йæ чиныг «У истоков осетинского просвещения»-йы, фыссы: «В 1815 г. И. Габараев поступил на службу в Осетинскую духовную комиссию. Официально он оформился как переводчик, но принимал участие в миссионерской деятельности по распространению христианства. Его трехлетняя миссионерская деятельность оказалась настолько плодотворной и успешной, что, как отмечено выше, ему был присвоен чин губернского секретаря и был удостоен ордена св. Анны *(ЦГИА, ф. 796, оп. 2, д. 8804, л. 26)*». Уымæй уæлдай ма Людвиг фыссы, Туалгоммæ дæр кæй æфтыди, хъæутыл кæй зылди æмæ дзы зæрдæргъæвд сывæллæттæ кæй агуырдта æмæ сæ йæхæдæг кæй ласта Калакмæ, æмæ-иу сæ ахуырмæ кæй радта.

Дарддæр Людвиг фыссы: «Для выполнения своей миссии Ялгузидзе пришлось перейти через снежные горы, покрытые вечным льдом, к жителям Закинского, Нарского, Зарамагского ущелий, тем самым подвергая свою жизнь опасности *(И.О.П., стр. 29)*». Ам ма зæгъын хъæуы уый дæр æмæ, сæйрагдæр, ахуырмæ-иу кæй æрбакодта, уыцы сывæллæттæ цардысты Иуанемæ, кæд йæхицæн къуындæг уавæртæ уыд, уæддæр. Ахуыр-иу куы фесты фæсивæд, уæд та æрвыст цыдысты кусынмæ фæстæмæ сæ цæрæнбынæттæм, уый дæр та Иуанейы фæндæй.

Ныр та кæрæдзийы фарсмæ æрæвæрæм архивты æрмæджытæ, Оля æмæ Рутены мысинæгтæ æмæ таурæгътæ. Уыдоны бындурыл нын зæгъыны бар ис: фыццаджыдæр, Иуане кусынмæ куы бацыд ирон дины къамисмæ, уæд ыл цыди 40 азы, ома уыд йæ тæккæ лæджы кары. Дыккаджы та уый, æмæ халер адæмы цагъта

1820 азы онг, Иуане та уыцы къамисы тæлмацгæнæгæй кусын райдыдта 1815 азы æмæ дзы фæкуыста æртæ азы, ома 1818 азмæ. Ацы бæлвырд хабæрттæ та нын дæттынц ахæм хатдзæгтæ скæныны бар.

Гæбæраты сауджын (ныр æй æргом æмæ бæлвырд дзурдзыстæм) – Иуане ирон дины къамисы кусгæйæ, Нармæ æрæфтыд, æвæццæгæн, 1816–1817 азты. Æнахъом сидзæр Сосланы дæр æрхаста Зæлдамæ уыцы рæстæг. Уый æцæгæй дæр Гæбæраты Иуане (Ялгузидзе) кæй уыди, уый мæ бон фидарæй зæгъын у, уæлдæр цы дæнцæгтæ æрхастон, уыдон бындурыл. Таурæгътæ æмæ историон цаутæ кæрæдзиуыл иттæг хорз бадынц.

Иннæ бæлвырдгæнинаг фарста – æнахъом сидзæр Сосланы хъысмæт. Уый йæ дарддæры царды хъысмæтæй æфхæрд нал баййæфта. Загътон ма йæ: Гæбæраты мыггаг æй схъомыл кодта, сæхи мыггагæй йын чызг радтой, ссæдз азы йыл куы сæххæст, уæд ын зæххы хай радих кодтой. Уый уыдаид, æвæццæгæн, 1835 азы кæнæ цъус фæстæдæр.

Оляйы нымадмæ гæсгæ 1991 азы онг Мамитыхъæуы царди 29 хæдзары. Уыдонæй: Мамитæй – 21, Гæбæратæй – 3, Гæззатæй – 3, Тедетæй – 1, Козатæй – 1. Ацы 21 хæдзары Мамитæн сæрыстырæй сæ бон у зæгъын: зындгонд ирон ахуыргонд, рухстауæг, ирон адæмæн сæ талынг царды цырагъдарæг, дипломат Гæбæраты Иуане (Ялгузидзе) кæй уыд сæ кæнгæ фыд æмæ сæ райгуырæн хъæу, сæ фыды уæзæг Мамитыхъæуы бындурæвæрæг. Мамитыхъæуæн йæ алыварс иууылдæр гуырдзиаг хъæутæ уыдисты.

Мамитыхъæуы алыварс цы гуырдзиæгтæ царди, уыдон Мамиты хуыдтой Мамионтæ, кæнæ та Хъарадзауонтæ. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, 1787 азы Уырысы паддзах Екатеринæ Дыккæгæмимæ чи фембæлд Хъырымы, уыцы Хъарадзау уыди. Фæлæ куыдæй бахæццæ йæ ном, йæ кой гуырдзиаг хъæутæм? Ам мæм фæзынди дыууæ версийы:

Фыццаг: Иуане æнахъом Сосланы куы хаста Зæлдамæ, уæд ын йæ хиуæттæн ныфс бавæрдта, куы рахъомыл уа, уæд æй фæстæмæ йæ фыды уæзæгмæ кæй æркæндзæн. Чи зоны, Иуане йæ дзырд сæххæст кодта æмæ уæд фехъуыстаид Хъарадзауы хабæрттæ.

Дыккаг: Иуане, ахуыргонд уæвгæйæ, йæ куысты фæдыл æмбæлд Туалгомы бирæ хъæуты, уыимæ Сауыбын дæр, гыццыл Сосланы кæцæй ахаста, уым. Хъарадзауимæ лæгæй-лæгмæ фембæлд кæд

зæрдæхсаинаг у, уæддæр ын йæ кой, йæ хабæрттæ хъуыстаид. Уымæн æмæ уыцы заманты ахуыргонд лæгтæ уыдысты бынтон иугæйттæ, æмæ сæ адæм Ирыстоны алы къуымы дæр зыдтой. Иннæмæй та Хъарадзау дæр ирон дины къамисы кусæг уыд, æцæг Иуанейæ раздæр. Дыууæ дæр цардысты иу дуджы.

Бирæ æфхæрдтæ баййæфтой гуырдзиаг националисттæй ирон адæмы Хуссар хайы цæрджытæ, уыимæ Мамитæ дæр: 1920 азы сын гуырдзиаг меньшевик Жорданийы лæгхортæ сæ хъæу зынджы хай бакодтой. Советон Хицауад Гуырдзыстоны дæр куы ‘рфидар, уæд та Мамитыхъæуы цæрджытæ фæстæмæ здæхын байдыдтой æмæ сæ хæлд хæдзæрттæ сæ къæхтыл слæууын кодтой. Фæллойуарзаг адæммæ цард йæ мидбылты худти, фæлæ та сын хъысмæт цæттæ кодта ног фыдæвзарæнтæ. 1991 азы та сын Гамсахурдиайы бандиттæ ногæй сæ хъæуыл арт бафтыдтой, сæ бирæ азты тугвæллой сын фæхæлæттаг кодтой, адæм алырдæмты фæлыгъдысты.

2000 азы Гуырдзыйы бирæгъты лæбурдтытæ фæхъусгомау сты, сабырдзинад цыма фæфидар, афтæ касти адæммæ æмæ та хъæуы цæрджытæ фæстæмæ здæхын байдыдтой сæ уарзон къонатæм. Фæлæ та сæ цин бирæ нæ ахаста. Гуырдзыйы хицауады сæргъы фæзынд ног дыкъахыг сырд – Саакашвили. Уый домдта: «Гуырдзыстон æрмæстдæр гуырдзиæгтæн». Саакашвилийы лæгсырдтæ та ирæтты æрдæгарæзт хæдзæрттыл арт бандзæрстой.

Адæмы фарн бирæ æмæ тыхджын у, фыды уæзæг та – адджын æмæ зынаргъ, йæхимæ æлвасы адæймаджы. Мамитыхъæуы чи цард, ахæмæй фехъуыстон фарон, чидæртæ, дам, æрбаздæхтысты сæ райгуырæн къонамæ, сæ хæлд æмæ сыгъд хæдзæрттæ бындуронæй цалцæг кæнынмæ бавнæлдтой. Хуыцау æмæ сын бæсты фарн сæ ахсджиаг хъуыддæгты æххуысгæнæг фæуæд! Ме ‘фсымæртæн, æппæт Мамитыхъæуы цæрджытæн, мæ зæрдæ зæгъы стыр æнтыстытæ. Уæ уарзон къонаты зынг хуыссын кæнын ма бауадзут. Мæрдты арфæ æмæ, дам, зæдты арфæ æмдых-æмсæртæ сты, æмæ уыл уæ рагфыдæл Сослан æмæ уæ кæнгæ фыд Иуане хæрзаудæн кæнæнт.

# АХУЫРГӔНӔГӔН ӔХХУЫСӔН

*МЗОКТЫ Аслæнбег*

## «МÆ ИРЫСТОН! ДÆ НОМÆЙ БОНДЖЫН ДÆН...»[1]

### 11-æм къълас

Урочы темæ. **Малиты Васо. Æмдзæвгæтæ «Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг...», «Мæ Ирыстон!», «Нæ фыдæлты кадæг», «Фæстаг æмдзæвгæ», «Стыр Бæлас».** (1сах.)

Малиты Васойы сфæлдыстадон фæндаг. Йæ прозæйыл афæлгæст. Йæ поэзийы романтикон ахаст.

**«Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг...».** Поэзийы «хуымгæнд» – фæллойгæнæг адæмы цард æмæ тырнæнтæ. Абстрактон идеалтæй «уидæгтæм» раздæхыны темæ. Æмдзæвгæйы романтикон сконд æмæ интонации.

**«Мæ Ирыстон!».** Адæймаг æмæ Райгуырæн бæстæйы иудзинад. Поэты карз сомыты мидис.

**«Нæ фыдæлты кадæг».** Ирыстоны историон хъысмæт, адæмы тох сæрибар æмæ Фыдызæххы сæраппонд. Уацмысы таурæгъон бындур. Йæ композицион арæзт.

**«Фæстаг æмдзæвгæ».** Æрдзон курдиаты бæрзонд нысан æмæ бæрн. Аллегорион фæлгонцад æмæ кæронбæттæны поэтикæ.

**«Стыр Бæлас»** Æбузн æхсæнады аргъ сгуыхтæн. Васойы æм-дзæвгæты таурæгъон мидис. Базырджын ныхасы хъæздыг гæ-нæнтæ.

Литературæйы теори. Таурæгъон æмбисонд.

Бархийæ кæсынæн: Малиты Васойы роман *«Сурмейы хæдзар».*

Иуæндæсæм къласы ахуырдзаутæ Васойы сфæлдыстадыл бæстонæй æрдзурынц ирон литературæйы программæйы ахæм хайы – *«Ирон литературæ 70-æм æмæ 80-æм азты фыццаг æмбисы».* Сæрмагондæй дзы цæуы ныхас йæ поэзи æмæ роман «Сурмейы

[1] Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2-аг номыры.

хæдзар»-ы тыххæй. Темæ *«Малиты Васо. Лирикæ»*-йæн программæ радих кодта дыууæ сахаты. Уыдон фаг не сты, цæмæй ахуыргæнæг бакæса æмæ сахуыр кæна скъоладзаутимæ Васойы хуыздæр фондз æмдзæвгæйы æмæ æрдзура фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадон фæндагыл, цыбырæй афæлгæса йæ прозæйыл, бамбарын кæна æмдзæвгæты хицæндзинæдтæ. Цæмæй ахæм урок фæрæстмæ уа, уый тыххæй хъæуы бирæ бакусын ахуыргæнæджы дæр æмæ ахуырдзауты дæр. Бацæттæ кæнын хъæуы скъоладзауты аив кæсынмæ.

***Урок-презентаци Малиты Васойы цард æмæ сфæлдыстадæй***

Урочы темæ. **«Мæ Ирыстон! Дæ номæй бонджын дæн...»**

Урочы эпиграф –

*Æз бонджын дæн*
*Дæхи ис æмæ бонæй.*
*Фырты лæггад*
*Куыд ахада цæсты,*
*Кæд мады хæрзтæ*
*Фидинаг ысты?*

***Васо***

I. Компьютеры экраныл – урок-презентацийы темæ, эпиграф, пълан æмæ фысджыты ныхæстæ Малиты Васойы сфæлдыстады тыххæй. Ахуыргæнæг куы бакæса уыцы ныхæстæ, уæд ахуырдзаутæ экраныл уынынц презентаци Васойы цардимæ баст нывтæй: къамтæ, чингуыты нывтæ æмæ æндæр æрмæг.

***Урок – презентацийы пълан***

1. Малиты Васо – ирон романтикон поэзийы зæрингуырды фæдон. Фыд æмæ фырты хъысмæт: æмдзæвгæ *«Мæ фыдмæ»*, *«Фыды фарн»* *(ахуырдзауы радзырд).*

2. Васойы цард æмæ сфæлдыстадон фæндаг *(ахуырдзауы цыбыр афæлгæст – презентаци).*

3. Аив дзырды рухс поэтикон чиныг *«Фат æмæ æрдын»*-ы. Чиныджы номы мидис. Æмдзæвгæ *«Мæ рагбонтæ мæм аргъауау кæсынц...»* *(ахуырдзауы реферат).*

4. Хъысмæтыл сагъæс, лæджы царды философи Васойы лирикæйы *(ахуырдзауы реферат).*

5. Цард æмæ сфæлдыстады концепци Васойы уацмыс *«Фæстаг æмдзæвгæ»*-йы *(ахуырдзауы доклад).*

6. Ирон адæмы историон хъысмæтыл сагъæс Васойы æмдзæвгæты *«Мæ Ирыстон!»* æмæ *«Нæ фыдæлты кадæджы»* *(ахуырдзауы реферат).*

7. «Мæ бæхы ном та уыд Поэзи»: аллегорион фæлгонцад æмæ кæронбæттæны поэтикæ *«Фæстаг æмдзæвгæ»*-йы *(ахуырдзауы радзырд).*

8. Фæтк æвæрыны агурæнтæ Васойы роман *«Сурмейы хæдзар»*-ы *(ахуырдзауы реферат).*

9. Васойы лирикæйы хицæндзинæдтæ: поэтикон уынынад æмæ æнкъарынад, аивадон æвзаг *(ахуырдзауы радзырд).*

10. Васойы поэтикон уацмысты таурæгъон бындур æмæ йæ таурæгъон æмбисæндты мидис. Æмдзæвгæ *«Стыр Бæлас»* *(ахуырдзауы афæлгæст).*

11. Цæмæй мын сты зынаргъ Васойы поэтикон уацмыстæ? *(Ахуырдзауы радзырд).*

12. Урок-презентацийы хатдзæгтæ *(скæндзæн сæ ахуырдзау).*

<u>Урочы æрмæг</u>: поэты портрет, йæ хуызистытæ йæ царды алы рæстæджы æмæ кары; поэты чингуыты равдыст тæрхæгыл. Урочы рæстæг хъуысдзæн поэты хъæлæс аудиодискыл фыстæй.

### II. **Фысджытæ Малиты Васойы сфæлдыстады тыххæй:**

* * *

Йæ дзырд – æфсæрмдзаст æмæ уæздан, поэтикон темперамент æмæ нывгæнæджы фантазийæ – æххæст, хъуыдытæ – æлвæст, æрдынбосау, йæ дзырдтæ – уырзæй æвзæрст, йæ ныхасы æвæрæнтæ – хъæздыг æмæ хуызджын, æнкъарæнтæ – тыхджын. Æппæт уыдон æцæг курдиаты миниуджытæ сты, зæрдæ кæмæй барухс уа, ахæм миниуджытæ.

***Джусойты Нафи***

* * *

Малиты Васо... Ацы мыггаг æмæ ном фехъусгæйæ, адæймаджы цæстытыл канд фыссæджы сурæт нæ ауайы, фæлæ ма йæ хæдбындур сфæлдыстад дæр. Нæ лириктæй – æз сæйрагдæр ирон литературæйы астæуккаг фæлтæры кой кæнын – романтикон тæваг

æппæты тынгдæр Васомæ фæхæццæ. Йæ чысыл æмдзæвгæйæ райдай, æмæ йæ гуырахстджын поэмæйæ фæу – романтикон базыртыл æнцайынц, уæлтæмæнады комулæфт дзы тæлфы. Йæ рæнхъытæ æнцонæй гуырынц, тыхмийы фæд сыл нæ зыны. Йæ бон у хъуыдыйы арфмæ ныххизын æмæ йæ дунемæ равдисын. Арæхсы хуымæтæджы дзырдтæй вазыгджын хъуыдытæ зæгъынмæ, уадзæндзырды тых сын раттынмæ.

***Дзасохты Музафер***

* * *

Малиты Васойы курдиат æрдзон у. Йæхи хизы тыхарæзт, ницæуыл дзурæг ныхасæй. Тырны чиныгкæсæгимæ хъуыдыджын, хъуыддаджы фæлгонц ныхас кæнынмæ. Æмæ уый йæ къухы æфты йæ курдиаты фæрцы.

Йæ кадæг «Рохсанæ» комкоммæ у рухс, уарзт, фарнхæссæг уацмыс. Иудзырдæй, Васо у нæ ирон æлвæст, зæлланггæнаг æмæ аивамад æмдзæвгæйы æцæг дæсны.

***Хъазиты Мелитон***

* * *

Малиты Васо у номдзыд дыгурон поэт Малиты Геуæргийы фырт. Васойы поэзийæн ис романтикон ахаст, йæ лирикон геройы уд иудадзыг тырны сæрибармæ, æрвон дунейы æгæрон тыгъдæдтæм, æнæбын æрфытæм, æрдзон тыхты сусæгтæм фæндаг ссарын у йе 'нусон бæллиц. Тыхджын æнкъарæнтæй, цардцыбæл фæндтæй дзаг у авторы зæрдæ, зæххон царды цы бирæ æнæраст хъуыддæгтæ ис, уыдон ын стыр масты хос сты. Поэт иттæг хорз арæхсы адæймаджы мидуавæр, дунеуынынад æмæ психологи иртасынмæ, уды кæнонтæ æрдзы æмæ дунейы змæлдимæ æнгом бастæй ныв кæнынмæ.

***Хъодзаты Æхсар***

* * *

Бирæ ныффыста Васо – радзырдтæ, уацаутæ, æмдзæвгæтæ, поэмæтæ, пьесæтæ, роман... Æмæ сæ иу дæр дзæгъæлы гæрах нæ фæци, алчидæр сæ йæхицæн бæлвырд бынат ссардта ирон литературæйы. Васо литературæмæ бирæтау къæдз-мæдзы фæндæгтыл нæ фæцыди – бацыди йæм комкоммæ, æмæ йæм кæсгæйæ баззадысты, уый размæ чи бацыд литературæмæ,

уыдон дæр, æмæ йæм нырма бацæуинаг чи уыди, уыдон дæр. Диссаджы чиныг уыдис «Фат æмæ æрдын». Алкæй дæр фæндыди бæлццоны «фат æмæ ардын»-мæ бавналын, йе 'рдынбос куыд зыланг кæны, уымæ байхъусын, йæ фаты базыртыл арм æруадзын. Васойæн йæ курдиат æмæ йæ зæрдæ иухуызон сыгъдæг сты, йæ курдиат куыд хæдбындур у, афтæ хæдбындур у лæгæй дæр.

***Хуыгаты Сергей***

* * *

Васойы фыццаг уацмыстæ арвау бæрæг дардтой кæнд сæ арф хъуыдыйæ нæ, фæлæ мидис æмæ формæйы æмфидауцæй, æвзонг романтикæйæ, абухгæ æнкъарæнтæй. Литературæйы уарзджытæ уæлдай тынгдæр сæ цæст æрæвæрдтой Малийы – фырты лиро-эпикон уацмысыл – «Фыдæлты кадæг», уый у гимн дæр æмæ хъарæг дæр йæ рагфыдæлты хъысмæтыл.

Абон Малиты Васо у ирон аив дзырды курдиатджындæр зæрингуырдтæй иу. Поэзийы, прозæйы, драматургийы жанрты цы уацмыстæ сфæлдыста, уыдон бæлвырд фæхъæздыгдæр кодтой ирон литературæ.

***Ходы Камал***

* * *

Васо æй, куд кусти, куд бийнонти хецау, куд æхсæнадон архайæг, уотæ, – бафæнзун ке æмбæлуй царди, уæхæн адæймаг. Еци минеугутæ ку нæ уонцæ адæймагмæ, уæлдайдæр ба сфæлдистадон архайдбæл лæуд адæймагмæ, уæд цийфæндий зундамонæн финститæ ку никкæнай, уæддæр неци давунцæ. Финсæгæн гъæуама æ культурæ æхе хæдзарæй райдайа.

***Колити Витали***

* * *

Куы нæ дæ æвæрон ныфс (цæстмæхъус ныхасмæ мын æй ма айс, мæ зæрдæ ме – 'вдисæн), дæ «Фат æмæ æрдын» у нæртон курдиаты æвдисæндæр – æндыгъд у образтæй, хъуыдытæй. Никæй къухы ма бафтыд ахæм чиныг ныффыссын.

***Скифирон (Тедеты Рюрик)***

III. Йæ бацæуæн ныхасы ахуыргæнæг æрдзурдзæн, ивгъуыд æнусы æхсайæм азты ирон литературæмæ цы æрыгон фысджыты фæлтæр «æрбагуылф» кодта, уыдоны аивадон æрмдзæфы тыххæй. Уыдоны 'хсæн йæ фыццаг къахдзæфтæ акодта ирон литературæйы дæсны, зынгонд поэт æмæ тæлмацгæнæг Малиты Геуæргийы фырт Васо дæр. Æмæ абон нæ урок – презентаци уыдзæн уый сфæлдыстадон фæндаджы, йæ лирикæйы æвзаджы æмæ аивадон хицæндзинæдты тыххæй.

Дарддæр нæ урок-презентацийæн йæ куыст цæудзæн, уæлдæр цы пълан радтам ахуыргæнæгæн, уымæ гæсгæ. Ахуырдзауты презентацитæ – рефератты, докладты, афæлгæстыты рæстæг цæудзæн иртасæн куыст поэты æмдзæвгæты мидис æмæ æвзаджы фæрæзтыл. Хицæн скъоладзаутæ кæсдзысты чиныгмæ æнæ кæсгæйæ программæмæ хаст Васойы æмдзæвгæтæ. Дæлдæр дæттæм æрмæг (фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ) уыцы аивадон уацмыстæм.

IV. Фыццаг ахуырдзау. Æмдзæвгæ **«Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг...»**

Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын,
Сахуыр мæ кæн хоры гага ауæдзы æппарын,
Сау лæппумæ азым хæсгæ тар æрфыгæй ма кæс,
Рагвæззæджы рагуазалтау – сонт зæрдæйы сагъæс.
Мæн мæ сонты бонты зилдух горæтмæ фæхаста,
Аныгъуылди райгуырæн хъæу арвгæроны фæстæ.
Нал æппæрстон зады нæмыг куыройы фæлгуыры,
Нал хъуыстон хуымонты зарæг рагуалдзæг быдыры...
Охх æбæрæг, охх æнæсгæрст
мигъæмбæрзт бæрзæндтæ,
Агуырдтон уæ кадæнхъæлæй,
агуырдтон мæ сæнтты...
Гъе, фæлæ æрдæгфæндагæй раздæхтæн фæстæмæ, –
Арвы цъæхы ничи тæхы цæргæстæй фæстæмæ.
Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын,
Сахуыр мæ кæн хоры гага ауæдзы æппарын.

*Мыхуыргонд цæуы чиныгæй:*
*Малиты В. Рохсанæ. Орджоникидзе: Ир, 1988.*

### Дзырдуат æмдзæвгæмæ:

**Хоры гага** – нæмыг.
**Ауæдз** – хуымгæнгæйæ гутоны фæстæ цы дзыхъхъ аззайы, уый.
**Куыройы фæлгуыр** – куыройы асыкк лæхуырст ссадæн.
**Тар æрфыгæй кæсын** – тызмæгæй кæсын.
**Зады нæмыг** – солод.

### Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:

1. Цæуыл дзуры йæ æмдзæвгæйы поэт? Цæмæн зæгъы:
*«Сахуыр мæ кæн, о хуымгæнæг, хоры кæндыл зарын,*
*Сахуыр мæ кæн хоры гага ауæдзы æппарын...»*?
Ис ссарæн поэтæн æмæ адæймагæн æнæ зæххæй хи бынат æмæ зæрдæнцой?

2. Цы хъæуы адæймаджы бакæнын, куы йæ фæнда цард саразын, уæд? *(Тала ныссадзын, хæдзар скæнын, саби схъомыл кæнын).*

3. Цæуыл дзурæг сты æмдзæвгæйы ацы рæнхъытæ:
*«Сау лæппумæ азым хæсгæ тар æрфыгæй ма кæс,*
*Рагвæззæджы рагуазалтау – сонт зæрдæйы сагъæс»*?
Æмдзæвгæйы лирикон хъайтар æмбары йæ рæдыд? Кæм æй бамбæрста? *(«Мæн мæ сонты бонты зилдух горæтмæ фæхаста...»)*

4. Цæмæн фæрсы йæхи лирикон хъайтар, *«æрдæгфæндагæй раздæхтæн фæстæмæ»,* зæгъгæ?

5. Раргом кæнут æмдзæвгæйы ацы рæнхъы мидис: *«Арвы цъæхы ничи тæхы цæргæстæй фæстæмæ».* Куыд ис схонæн ацы поэтикон рæнхъæн? *(Афоризм).*

6. Куыд равдыста фыссæг лирикон хъайтары раздæхт абстрактон идеалтæй нæ царды «уидæгтæм»? Ссарут уыцы бынат тексты æмæ йæ лæмбынæг бакæсут. Цавæр хъуыдыйыл хæст у поэт? *(«æнæсгæрст мигъæмбæрзт бæрзæндтæ, / Агуырдтон уæ кадæнхъæлæй, агуырдтон мæ сæнтты...»).*

7. Ссарут æмдзæвгæйы аивадон фæрæзтæ *(сидæнтæ, эпитеттæ, фæлхатæнтæ, абарстытæ, метафорæ).*

8. Цавæр вазыгджын формæ равзæрста йе 'мдзæвгæйæн Васо? *(Сонет)*

9. Базонгæ ут Васойы иннæ сонеттимæ. Чиныг «Рохсанæ»-йы (Дзæуджыхъæу: Ир, 1988) бакæсут сонетты быд «Сонетæ».
Цавæр аивадон хицæндзинад бæтты сонетты цикл? *(Дыккаг сонет райдайы фыццаг сонеты фæстаг рæнхъæй æмæ афтæ иннæ сонетты дæр).*

10. Чи уыд, фыццаг хатт ирон поэзимæ сонеты формæ чи

ӕрбахаста, уый? *(Токаты Алихан).* Нырыккон поэттӕй ма арӕхдӕр чи фӕпайда кӕны сонетӕй? *(Хъодзаты Ӕхсар, Кокайты Тотрадз, Мамыкъаты Хъазыбег).*

V. Дыккаг ахуырдзау. Ӕмдзӕвгӕ **«Мӕ Ирыстон!»**

*Скъуыддзаг*

**I**

Мӕ Ирыстон!
Дӕ сау лӕппу цы зӕгъа?
Дӕ уагъд рӕгъы
Ыздыхт сыкъа нӕ систон.
Дӕ зад дыргъдонмӕ булӕмӕргъ ӕртӕха,
Фӕфыссой дыл
Сыгъдӕг сыгъзӕрин систӕ
Дӕ уарзт ӕмӕ дӕ сагъӕсты ӕмуагон
Цытджын кадӕг.
Ӕз та цы дзурон уӕгъды?
Ӕз дӕн мӕгуыр,
Фӕсусхъӕлӕс фӕндаггон.
Мӕ балц – цыбыр –
Дӕ дӕлвӕзтӕ,
Дӕ дӕгъты –
Йӕ кӕрон дӕр,
Йӕ райдайӕн дӕр –
Хӕхты.
Ӕз дӕн, мӕ Ир,
Дӕ бӕрзӕндтӕй дӕлдӕр,
Фӕлӕ дӕ номӕй
Бонджын дӕн уӕддӕр.

*Мыхуыргонд цӕуы чиныгӕй: Малиты В. Рохсанӕ. Орджоникидзе: Ир, 1988.*

**Дзырдуат ӕмдзӕвгӕмӕ:**

**Ӕлгъин** – чъынды, мӕрддзӕст.
**Болатдзагъд** – рагон ӕндоны мыггаг.
**Цӕсты ахадын** – цыт кӕнын, аргъ кӕнын.
**Дзӕнхъа дур** – хохаг дур гранит, горный хрусталь.

**Куы ныккæла дæхи дурæй дæ мæсыг** – хионы аххосæй бæллæх куы ‘рцæуа.

**Дæлвæзтæ** – лæнчытæ, тæрфытæ, атагъатæ.

**Æврæгътæ** – бæрзонд фæлурс мигътæ.

**Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Куыд ис схонæн ацы поэтикон уацмысæн? *(Уарзондзинады гимн Райгуырæн бæстæ Ирыстонæн).*

2. Куыд равдыста поэт адæймаг æмæ Райгуырæн бæстæйы иудзинад? Цæмæ сиды чиныгкæсæгмæ? *(Ирыстон уарзынмæ).*

3. Æркæсут æмдзæвгæмæ нывгæнæджы цæстæй æмæ, текстæй пайда кæнгæйæ, саразут нæ Райгуырæн бæстæйы нывфæлгонц *«Мæ Ирыстон».*

4. Цы зæгъæн ис лирикон геройы миддунейы тыххæй? Цæмæн зæгъы: *«Æз та цы дзурон уæгъды? /Æз дæн мæгуыр, /Фæсусхъæлæс фæндаггон; Æз дæн, мæ Ир, /Дæ бæрзæндтæй дæлдæр, /Фæлæ дæ номæй /Бонджын дæн уæддæр».* Цавæр адæймаджы хуызджер миниуджытæн сты æвдисæн ацы рæнхъытæ?

5. Цæмæн афтæ зынаргъ сты поэтæн Ирыстоны *«дæлвæзтæ»* æмæ *«æврæгътæ», «хæхтæ», «быдыры æнæнымæц рæгъæуттæ»*? Афтæ сæрыстыр цæмæн у фыссæг ирон зарджытæй, йæ хæхтæ æмæ арвæрттывдæй, йе ‘ппæт хъæздыгдзинæдтæй?

6. *«Ныббар мын, Ир! /Мæ рæуныхас, /Мæ сæнттæ...»* – куры хатыр фыссæг Ирыстонæй. Цæмæн? *(«Фырты лæггад / Куыд ахада цæсты, /Кæд мады хæрзтæ /Фидинаг ысты?»)*

7. Раргом кæнут поэты карз сомыйы мидис: *«Гъе уæд фæку, мæ Ирыстон! /Дæ цæссыг, /Дзанхъа дурау, /Нæ зæрдæты ныххауæд, /Æмæ нын зæххыл /Удыбæстæ ма уæд, /Куы ныккæла /Дæхи дурæй /Дæ мæсыг!»*

8. Ацы æмдзæвгæйæ Нафи афтæ загъта: *«Æнæкæрон уарзондзинадæй, ныййарæг адæмы раз стыр хæсæй улæфы «Мæ Ирыстон»-ы алы рæнхъ дæр. Цæхæр темперамент хъазы уацмысы уæнгты».* Разы дæ нæ ирон литературæйы классикимæ? Цы ма ис бафтауæн уый ныхæстæм?

9. Цавæр аивадон фæрæзтæй фæпайда кодта поэт, цæмæй сарæзтаид нæ Фыдыбæстæйы уарзон фæлгонц? Ранымайут сæ. *(Сидæнтæ, абарстытæ, метафорæ, эпитеттæ, риторикон фæрстытæ, хъæрон æмæ фарстон хъуыдыйæдтæ).*

10. Сахуыр кæнут уацмысæн йæ фыццаг дыууæ сæргонды наизусть.

VI. Æртыккаг ахуырдзау. Æмдзæвгæ **«Нæ фыдæлты кадæг»**

*(Скъуыддзаг)*

**1. Номарæн**

Нæ фыдæлтæ! Лæгæн йæ бартыл
Уæ цард кæд æвгъау кодтат, кæд?
Фæлæ-иу туджы ‘ртах уæ кардыл
Зырзыргæнгæ куы ‘рлæсти, уæд
Уыдтат: лæгдых æмæ æхсарæй
Нæй ссарæн ног цардмæ фæндаг,
Æмæ-иу цæстыты раз тарæй
Куы сыстад дард фидæны уаг...
Уæ зæрдæ уын гуырысхо ‘вдæрзта,
Уыди фæстагæттыл уæ мæт.
Æмæ куы не ‘руагътат уæ гæрзтæ,
Нæ зæххыл барджынæй уæ фæстæ
Рæстæг нæ ныммарзта уæ фæд:
Хуыздæр цы уыд уæ рухс сæнтты,
Уæ’ рæсугъд аргъæутты цы загъд и,
Уый агурæг лæджы хъуыды,
Тымыгъау тохмæ сидгæ стахти.
Мах хастам пиллон арт æрцытыл –
Сырх тырыса – æнусон кад.
Зæххыл цы стырдæр тох æрцыди,
Гъе уым ирон туг дæр ныккалд.
Хуыссут, нæ тохвæллад фыдæлтæ!
Нæ зæрдыл дардзыстæм уæ ном.
Фæлæ уæ рох кадæджы зæлтæ
Мæ хъисфæндырæн йе ‘лвæст тæнты
Æмбæхстæй дарын нæу мæ бон.

*Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Малиты В. Рохсанæ. Орджоникидзе: Ир, 1988.*

**Дзырдуат æмдзæвгæмæ:**

**Джебогъ** – цыргъаг, рæтъузæн хæцæнгарз.
**Нæ хъысмæтæй нæ кæнæм хъаст** – нæ цардæй разы стæм.

**Бæхы барц** – бæхы бæрзæйы хъистæ.

**Мæ ард фæсайдтон** – йæ ард фехæлдта, нæ йæ сæххæст кодта.

**Бæрзондыл бадæг** – Хуыцау, Дунесфæлдисæг.

**Авд дæлдзæх фæуын** – фесæфын, цæст æй куыд никæдуал фена, афтæ.

**Мæ фæнд фæбадт мæ хъуыры** – нæ мын бантыст.

**Ратт мын църд!** – кад, ном скæнын, стауын.

**Зинтæ** – дæлдзæхы цæрджытæ, дæлимонтæ, адæмæн хастой фыдох æмæ низтæ.

**Зондаби зæронд** – куырыхон, зонджын лæг.

**Раздæх хъæмæ** – раздæх хæдзармæ.

**Нæ сæфты хъæр** – нæ мæлæт, нæ фæстаг бон.

**Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ сæвзæрди уæ зæрдæты, «Нæ фыдæлты кадæг» куы бакастыстут, уæд? Уæ зæрдæмæ фæцыдис? Цæмæй?

2. Сымахмæ гæсгæ, цавæр æнкъарæнтæй рантыст рухсмæ ацы уацмыс? Цы зæгъы нæ фыдæлтæй поэт? Йæ бон у уыдонæй æхсарджын ныхас зæгъын æмæ сыл бæрзонд æмдзæвгæтæ фæлдисын?

3. Цæмæн пайда кæны Васо аивадон мадзал – *фæлхатæнæй*? Цы у зæгъинаг уый фæрцы? Цæмæн фæлхаты ацы рæнхъытæ поэт дыууæ хатты:

«О, бузныг, урс хæхтæ! Уæ сæрмæ
Кæддæриддæр æрттивæд арв:
Нæ фыдæлты нымбæхстат арф,
*Мамаймæ кастыстут дæлæмæ...*»?

4. Куыд равдыста поэт æмдзæвгæйы Ирыстоны историон хъысмæт, адæмы тох сæрибар æмæ Фыдызæххы сæраппонд? Цæмæн зæгъы:

«Зæххыл цы стырдæр тох æрцыди,
Гъе уым ирон туг дæр ныккалд.»?

5. Бантыст Мамай æмæ йæ мæлæтхæссæг æрдонгтæн нæ фыдæлты – аланты – басæттын? *(Алантæ тох кæнынц сæ удты сæрибарыл, уый сын сæхицæй зынаргъдæр у. Æнæ уымæй сын цард цард нæу.)*

6. Цæмæй сæрыстыр æмæ сæрбæрзонд сты алантæ? Куыд æмбарут ацы рæнхъыты мидис:

*«Фælæ хæссæм бæрзонд нæ сæртæ.*
*Нæ хъысмæтæй нæ кæнæм хъаст:*
*Зæххыл ис фесафæн алантæн,*
*Фælæ сын басæттæн куы нæй!»?*

7. Ацы рæнхъыты та цавæр аивадон мадзæлттæй фæпайда кодта поэт:

*«Цытджын паддзах! Дæ зæрдыл дар:*
*Тыхджын – сæ маст, тымыгъ – сæ бæхтæ,*
*Æмæ сæ хъахъхъæнынц сæ хæхтæ.»?*

*(Сидæн, удджын кæнын (олицетворени), метафорæ).*

8. Цавæр адæймаджы фæлгонцтæ сты ныхмæвæрд Васойы цымыдисаг уацмысы? *(Мамай – дуне басæттæг æмæ «Алан – дæсаздзыд Ос-Хъарадзау», мастисæг).* Цæмæн?

9. Цавæр поэтикон мадзæлттæй спайда кодта поэт ацы уацмысы?

10. Раргом кæнут поэты сагъæстæ аланты хъысмæтыл.

14. Æмдзæвгæйы хæйттæ аив кæсын сахуыр кæнут.

VII. Цыппæрæм ахуырдзау. Æмдзæвгæ **«Фæстаг æмдзæвгæ»**

Æрмæст æм иунæг уый уыди –
Йæ бæх –
Йæ ардбахæрд, йæ кæлæн,
Йæ бæх –
Йæ мулк æмæ йæ дин,
Йæ бæх –
Йæ цард æмæ йæ мæлæн.
Нæ йын уыд аргъ,
Нæ йын уыд саргъ,
Уыди æнæ цæфхад йæ сæфтæг.
Фæндаг –
Цыбыр у æви даргъ –
Æрмæст æй иунæг уый æндæвта.
Нывдæттæг:
«Фесты уæрст
Фыдæх,
Æхца,
Æнцон амонд,
Мæнг сомы...

Уæртæ ма бастæй баззад бæх
Мæ кæрты –
Иу дæр æй нæ комы...
Тæрсы йын йе ‘рра тугæй зæхх,
Йæ рагъæй барджыты нынтъухы...»
О, уый цы бæх уыди, цы бæх!
Йæ разæй никæй уагъта дугъы.
Ныфс æмæ стъалыты æмбал –
Йæ идон скъуыдта...
Фæлæ йæ смидæг кодта скъæты
Йæ барæг –
Сайд æмдзæгъдæй хъал.
Хъысмæты стыр лæварæн не сси
Хъæздыгдæр,
Уарзондæр,
Хуыздæр.
Æз уыдтæн... уыцы,
Уыцы ‘взæр!
Мæ бæхы ном та хуынд Поэзи.

*Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Ирыстоны поэзи: Антологи / Чиныг сарæзта Хъодзаты Æ. Дзæуджыхъæу: Веста, 2012.*

**Дзырдуат æмдзæвгæмæ:**

**Сайд æмдзæгъдæй хъал** – æнææмбæлгæ кадыл цин кæнын.
**Ныфс æмæ стъалыты æмбал** – Пегас; поэзийы символ.

**Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Фыццаджыдæр лæмбынæг бакæсут æмдзæвгæ. Бамбæрстат ын йæ мидис? Цæуыл дзуры чиныгкæсæгимæ поэт?

2. Куыд арæзт у ацы æмдзæвгæ, цавæр у йæ композици? Æркæсут йæ романтикон уагмæ. Цæмæн пайда кæны ахæм лексикæйæ поэт?

3. Цавæр бæхы кой кæны поэт? *(«Мæ бæхы ном та хуынд Поэзи»).* Куыд ма йын ис схонæн æндæр номæй? *(Пегас).*

4. Æмдзæвгæйы райдиан поэт пайда кæны аивадон мадзал – фæлхатæнæй *(«Йæ бæх..., йæ бæх..., йæ бæх...,* стæй та *«Нæ йын уыд аргъ, /нæ йын уыд саргъ...»)* Цæмæн? Цы зæгъы уый фæрцы поэт чиныгкæсæгæн?

5. Чи уыд æмдзæвгæйы *«нывдæттæг»*? Цы ма баззадис уымæ, куы *«фесты уæрст /Фыдæх, /Æхца, /Æнцон амонд, / Мæнг сомы...»*?

6. Ссарут æмдзæвгæйы бæхы фæлгонц. Зæгъут, цавæр аивадон фæрæзтæй фæпайда кодта ам поэт? *(Метафорæ, абарст, олицетворени).*

7. Кæмæй зæгъы поэт: *«Хъысмæты стыр лæварæй не сси / Хъæздыгдæр, /Уарзондæр, /Хуыздæр»?*

8. Куыд æмбарут æмдзæвгæйы ацы рæнхъытæ:

*«О, уый цы бæх уыди, цы бæх!*
*Ныфс æмæ стъалыты æмбал...»?*

9. Дæумæ гæсгæ, цæмæн схуыдта йе 'мдзæвгæ афтæ Малиты Васо? Дæ зæрдæмæ фæцыди? Цавæр у уацмысæн йæ сæйраг темæ?

VIII. Фæндзæм ахуырдзау. Æмдзæвгæ **«Стыр Бæлас»**

Æхсæв-бонмæ
Тох кодта уадимæ
Пыхсбыны Стыр Бæлас.
Æхситт кодта
Адзал – руймон
Мин калмы
Мин æвзагæй,
Ниудта тыхы дымгæ.
Къæс-къæс кодта
Стыр Бæласы зæнг,
Скъуыдысты уидæгтæ,
Фæлæ уæддæр
Нæ уагъта
Чысыл бæлæсты
Фæлдæхын –
Йæ аууон сæ бакодта.
Уад йæ зæнгыл асаста
Стыр Бæласы,
Йæхæдæг та æрдæгмардæй,
Тыхсастæй
Фæлыгъд Пыхсбынæй.
Хур райсомæй куы скаст,
Уæд бындзыд-батъара бæлæстæ

Кæрдзийæн дзырдтой:
«Стыр Бæласы
Тыхджындæр хуыдтой махæй,
Фæлæ йæм кæсут –
Лæг рабæрæг вæййы
Зын сахат».

*Мыхуыргонд цæуы чиныгæй: Ирыстоны поэзии: Антологи / Чиныг сарæзта Хъодзаты Æ. Дзæуджыхъæу: Веста, 2012.*

**Дзырдуат æмдзæвгæмæ:**

**Руймон** – адзал, ныхыфыст.
**Бындзыд-батъара** – дæлæмæдзыд, æдых, дурзæрдæ.
**Йæ ауузон сæ бакодта** – бахъахъхъæдта сæ, аирвæзын сæ кодта.

**Фæрстытæ æмæ хæслæвæрдтæ æмдзæвгæмæ:**

1. Уæ зæрдæмæ фæцыдис æмдзæвгæ? Цæмæй?
2. Цавæр хъуыды æвæрд æрцыд уацмысы мидисы?
3. Æмдзæвгæйы ном – *«Стыр Бæлас».* Æмæ дыууæ дзырды дæр автор ныффыста стыр дамгъæйæ. Цæмæн?
4. Цавæр аивадон фæрæз ис æмдзæвгæйы бындуры? *(Ныхмæвæрд – антитезæ;* æхсæв – райсом; дымгæ – Стыр Бæлас; Стыр Бæлас – бындзыд-батъара бæлæстæ). Цæмæн?
5. Ссарут æмдзæвгæйы аивадон мадзалттæ *(антитезæ, гиперболæ, удджын кæнын (олицетворени), метафорæ).*
6. Ссарут æмдзæвгæйы тексты гиперболæ *(«Æхситт кодта /Адзал – руймон / Мин калмы /Мин æвзагæй, / Ниудта тыхы дымгæ».* Цы равдыста уый руаджы поэт?
7. Раргом кæнут æмбисонды мидис: *«Лæг рабæрæг вæййы зын сахат».* Кæд фæзæгъынц афтæ?
8. Цавæр адæмы кой кæны йæ æмдзæвгæйы фæсномыгæй поэт? Цы ис зæгъæн уыдоны тыххæй?
9. Цавæр аргъ скодтой Стыр Бæласы хъæбатырдзинадæн æбузн *«бындзыд-батъара бæлæстæ»?* Æмбарынц æй, кæй руаджы фервæзтысты, уый? Цæуылнæ?
10. Куыд раргом ацы уацмысы Васойы поэтикон курдиат? Цы ис зæгъæн æмдзæвгæйы ‘взагæй?

Урочы кæрон ахуырдзаутæй иу скæндзæн йе ‘мбæлтты куысты хатдзæгтæ, ахуыргæнæг та бацамондзæн хæдзармæ куыст.

IX. Хæдзармæ куыст: бакæсын ахуыргæнæн чиныджы сæргонд «Малиты Васо» (144–154 ф.); æмдзæвгæ «Мæ Ирыстон!»-æй сахуыр кæнын скъуыддзаг наизусть; бархийæ кæсын роман *«Сурмейы хæдзар»*; бархийæ нывæцæн ныффыссын, равзар нывæцæны темæ: *«Цы мын у хæстæг æмæ зынаргъ Малиты Васойы лирикæйы?», «Æмдзæвгæ «Стыр Бæлас»: рахатын, райхалын, аргъ скæнын аивадон текстæн»; «Мæ уарзон æмдзæвгæ Малиты Васойы уацмыстæй»; «Мæ Ирыстон! Дæ номæй бонджын дæн...» (Патриотон темæ Васойы сфæлдыстады); «Малиты Васойы поэзийы аивадон дуне», «Цавæр хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтæ сæвзæрынц адæймагмæ Васойы уацмыстæ бакæсыны фæстæ?».*

**Литературæ**


1. Малиты В. Фат æмæ æрдын. Орджоникидзе, 1963.
2. Малиты В. Рохсанæ. Орджоникидзе: Ир, 1988.
3. Малиты В. Сурмейы хæдзар: Роман. Орджоникидзе: Ир, 1974.
4. Малиты В. Гуйман: Уацау æмæ радзырдтæ. Орджоникидзе: Ир, 1977.
5. Малиты В. Ацырухс: Пьесæтæ. Орджоникидзе: Ир, 1980.
6. Малиты В. Уадзимистæ. Дзæуджыхъæу: Ир, 2008.
7. Малиты Васо, Æмдзæвгæтæ // Ирыстоны поэзи: Чиныг сарæзта Хъодзаты Æ. Дзæуджыхъæу: Веста, 2012.
8. Малиты Васо / Малиев Васо Георгиевич // Писатели Осетии: Библиографический указатель. Владикавказ: Ир, 2015.

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*В. И. ЧИЧЕРОВ*

## ЭПОСЫ ТЕОРИЙЫ ИУÆЙ-ИУ ФАРСТАТÆ ÆМÆ НÆ ДУДЖЫ ИРТАСÆН КУЫСТЫТÆ ИРОН АДÆМЫ НАРТЫ КАДДЖЫТЫ ФÆДЫЛ[1]

*Скъуыддзæгтæ*

...Эпосæн раст аргъ скæнæн ис æрмæстдæр марксизм-ленинизмы методологи бинонЫг сахуыр кæнгæйæ. Революцийы агъоммæйы теоритæм критикæйы цæстæй куы нæ кæсай, уæд уый аххосæй арæх сбæлвырд гæнæн нæ вæййы хъуыддаджы æцæгдзинад. И. В. Сталин махæн амоны, цæмæй наукон бынтæй исæм, цыдæриддæр нын дзы ахсджиаг у нæ цардæн, уый, наукæ рæзынæн дзы цыдæриддæр ахъаз кæны, уый. Уыимæ И. В. Сталин ноджыдæр зæгъы: «Фæгуырысхо кæнæн нæй, капиталистон дунейы зæронд профессортæм цы миниуджытæ ис, – мещайнаг цыбырзонд æмæ хъæуа-æнæхъуаджы дæр чи ныффидар, ахæм теорийы фæдыл куырмæджы цæуын, – уыдон уæззау гиры хуызæн ауыгъдæй нæ лæууынц наукæйы къæхтыл, зæгъгæ, ууыл»[2].

Наукон бынтæй нæ дуджы цардæн пайда чи у, уый исын, царды æцæгдзинад зыгъуыммæ хуызы чи æвдисы, либералон-буржуазон наукæйы уыцы концепцитæ халын, – уыцы дыууæ хъуыддаджы сыгъдæг кæнынц иртасæн куыстгæнджыты развæндаг. Бæстон критикон куыст хъуамæ бакæнæм, уæдæ, эпосы теорийы фæдыл дæр. (...)

Эпос иртасгæйæ, ахъаззаг рæдыдтæ чи руагъта, уыдонимæ хъуамæ банымайæм Абайты В. И. дæр. Абайты В. рæдыдтæ ма тынгдæр галиу уымæй сты, æмæ Нарты эпос иртасджытæ сæ куыстытæ иууылдæр сарæзтой Абайы-фыртмæ гæсгæ, уый куыд амыдта, афтæ, æмæ уымæ гæсгæ æрлæууыдысты галиу фæндагыл.

Абайты В. чиныг «Нарты эпосæй»[3] æвзæрын байдыдтой фæстæдæр рæстæджы куыстытæ. Нарты эпос рæзын кодтой

---

[1] Уацы стиль æмæ растфыссынадмæ æвнæлд не 'рцыд.

[2] И. В. Сталин, Уацмыстæ, 7 том, 88–89 фæрстæ.

[3] Абайты В., Нарты эпос, «Цæг. Ир. Наукон-иртасæг ин-ты уацхъуыдтæ», том X, 1-аг рауагъд, Цæг. Ир. Пад. рауагъдад, Дзæуджыхъæу, 1945.

дарддæр, æндæр хуызты йæ лæвæрдтой æмæ йæ адæмы ‘хсæн хæлиу кодтой Туаты О., Скитский Б., Битеты С. æмæ æндæр иртасджытæ æмæ фысджытæ. Уыцы чиныгимæ генетикон æгъдауыл баст сты ахсджиаг стыр чингуытæ æмæ чысыл брошюрæтæ. Уыцы аипп æрхæссын хъæуы, Абайы-фырты монографийæ иу цасдæр раздæр уагъд чи ‘рцыд, уыцы куыстытæм дæр, уыдон дæр фыст цыдысты Абайы-фырты теоретикон хъуыдыты бындурыл, уый 1945 азы кæй загъта, уымæ гæсгæ. Уымæй дарддæр ма Абайы-фырт амынддзинæдтæ лæвæрдта, Нарты эпосы фæдыл чидæриддæр куыста, уыдонæн. Дзырдæн райсæм «Нарты кадджытæ» (ирон адæмы эпосæй); чиныг уырыссаг æвзагмæ стæлмац кодта æмæ йын разныхас ныффыста Валентинæ Дынник, раздзырд ын ныффыста Хъулаты Хъ.[4] «Нарты кадджытæ» (ирон адæмон эпос, Дынник Валентинæйы тæлмац, Н. Тихоновы, В. Казины, Брытъиаты С. редакцигонд, йæ раздзырд ын ныффыста Битеты С.)[5], Ирон адæмы нарты кадджытæ» (литературон æгъдауæй сæ бакуыста æмæ сæ уырыссаг æвзагмæ стæлмац кодта Ю. Либединский, «Ирон адæмы героикон эпос», зæгъгæ, статья ныффыста Хъулаты Хъуыбады)[6], статьяты æмбырдгонд «Нарты эпос» (йæ автортæ: Хъулаты Хъуыбады, Скитский Б. В., Туаты О. Н., Абайты В. И., Семенов Л. П.)[7].

Абайы-фырты куыстыты дæр æмæ уый фæдыл цæуæг ахуыргæндтæй иу къорды куыстыты дæр Нарты эпос æвдыст æрцыд аивдæр хуызы, æнæуый цы у, уымæй. Нарт кæд æцæгдзинадæй никуы цардысты, уæддæр æвдыст æрцыдысты куыд ирон адæмы фыдæлтæ. Советон адæмæн амонынц нарты фæзмын, кæд нарт тугисæг уыдысты æмæ æндæр мыггæгтæм стигъынмæ бырстой, уæддæр. Нарты заман та схуыдтой ирон адæмы «зæрин дуг». Ахæм амынддзинæдтæ политикон æгъдауæй цас зиан хæссынц, уый уынæм.

Теоретикон æгъдауæй сæм æркæсгæйæ та зæгъæн ис уый, æмæ Абайы-фырт, стæй уый æмбæлттæ адæмон сфæлдыстадмæ кæсынц Н. Я. Марры цæстæй. Абайты В. йæхæдæг дзуры, Я. Гриммы теори йæ зæрдæмæ кæй цæуы, стæй йæм йæ ахуырады ранæй-рæтты идеалистон буржуазон наукæйы минæвар Дюме-

[4] Аивадон литературæйы Пад. рауагъдад, М., 1944.
[5] Аивадон литературæйы Пад. рауагъдад, М., 1949.
[6] Рауагъдад «Советон фыссæг», М., 1949.
[7] Цæгат Ирыстоны АССР-йы Министрты Советы цур Наукон-иртасæг ин-т, Цæгат Ирыстоны Пад. рауагъдад, 1949.

зилимæ æмхуызон хъуыдытæ кæй ис, уый тыххæй. Фæлæ уыдон ницы сты, æндæр хъуыддæгтимæ абаргæйæ. Абайы-фырт фольклористикæйы официалон æгъдауæй æрфидар кодта палеонтологион метод, куыд Нарты эпос иртасæн сæйрагдæр æмæ иунæг метод. Уыцы хъуыддагæй бæрæг у, Абайы-фырт наукæйы мидæг Марры зондахастыл фидарæй хæцæг кæй у, уый. Æвзагзонынады фæдыл И. В. Сталины генион статьяты фæзынды агъоммæ Н. Я. Марр стыр марксистыл нымад кæй уыд, æцæгдзинадæй та «пролеткультовецты» кæнæ «рапповецты»[8] хуызæн марксизм хуымæтæггæнæг æмæ вульгаризатор уæвгæйæ, уыцы хъуыддаг тыхджын кодта Марры фæдонты позицитæ æмæ уыйас арфдæр кодтой сæ рæдыдтæ æмæ арфæй арфдæр ныгъуылдысты нæ дуджы либералон-буржуазон теориты. Эпосыл кусджытæ Марры сæраппонд иннæрдæм аздæхтысты марксизмы классикты фæллæйттæй. Ацы ран та нын æнæ æрымысгæ нæй марксизмы бындурæвæрджыты генион ныхæстæ эпосы тыххæй. Гъе уыдонæй хъуамæ райдайæм эпосы теори бæрæг кæнын. Ацы ран уæлдай ахсджиагдæр сты эпосы равзæрды æмæ йæ рагформæты фарста, йæ райдиан заманты хъысмæт къласон æхсæнады; ахсджиаг у эпосы ахадындзинад сбæрæг кæнын дæр. Æппæт уыцы фарстатæ сбæрæг кæндзысты мах цæстæнгас дæр традицион эпосмæ, куыд культурон бынты иу хаймæ. (...)

Марр фидар лæууыд ахæм хъуыдыйыл, уырыссаг каддджыты Владимир Красное солнышко, астæуккаг æнусты францусаг романы Тристан æмæ æндæр ахæм геройтæ сты космикон мифтæй равзæргæ æмæ æвдыст æрцыдысты хуры, тæрккъæвдайы æмæ æндæр ахæмты хуыцæутты хуызы. Раст афтæ хъуыды кодтой Марræн йæ ахуыргæнинæгтæ дæр. Абайты В. цæхгæрæй зæгъы: «Батрадзы циклы рагондæр элементтыл нымайын хъæуы мифологион элементты. Циклы мифологион апп, Ж. Дюмезиль куыд раст равдыста, афтæмæй у тæрккъæвдайы хуыцауы образ»[9]. Комкоммæ Марры ахуырады фæдыл цæугæйæ, Абайы-фырт амоны, зæгъгæ, дзырд «нарт» у мангойлаг æвзагæй равзæргæ æмæ йæ æмбарын кæны афтæ, ома дзырд нара у «хур», «нарт» та – «хуры цот»[10]. Уыцы ран Абайы-фырт уыны космикон миф.

[8] И. Сталин, Марксизм æмæ æвзагзонынады фарстатæ, Госполитиздат, 1952, 33 ф.
[9] Абайты В., Нарты эпос, 62 ф.
[10] Уый дæр уым, 90 ф.

Эпосы «космикон райдиан» Абайы-фырт сиу кодта тотемикон элементтимæ[11]. Уый та уый тыххæй, цæмæй фидардæр уа йæ амынддзинад, нарты кадджытæ динæй равзæргæ сты, зæгъгæ. Эпосы тыххæй йæ иртасæн куыстытæй хатдзæгтæ скæнгæйæ, Абайы-фырт дæтты ахæм амынддзинад: «Эпосæн йæ апп сты незаманты мифтæ хуры (Сосланы æмæ Ацæмæзы циклтæ), тæрккъæвдайы (Батрадзы цикл), тотемикон (Уæрхæджы цикл), тео æмæ зтногеникон (Уырызмæг æмæ Сатанайы цикл, стæй Уæрхæджы цикл дæр)»[12]. Гъе афтæ Марр дæр æмæ йæ ахуыргæнинæгтæ дæр, адæмон сфæлдыстад цы æцæг æрмæгæй равзæрд, уый баивтой динæй; афтæмæй æппæрст цæуы эпосы социалон ахадындзинад æмæ эпосы æппæт мидис ист æрцыд хæрдмæ, уæлæрвтæм, йæ сæйрагдæр образтæ та систы хуыцæуттæ æмæ алыхуызон зæдтæ æмæ дауджытæ.

«Мифологион эпос», зæгъгæ, уыцы дзырд, æвæццæгæн, Абайы-фырт æмбары бынтон æндæр хуызы, Маркс æй куыд амоны, уымæй хъауджыдæр.

Аивад æцæгдзинадæй цы æрмæгæй равзæрд, уымæн аргъ нæ кæнгæйæ, фæлæ эпосы æппæт мидис дæр динимæ сбæтгæйæ, Абайы-фырт архайы ууыл, цæмæй нарты кадджытæн сæ рæзындзинад искуыд хуызы æвдыст æрцæуа историон уагыл. Абайы-фырт йæхæдæг барвæндонæй кадджыты кæцыфæнды эпизод дæр бабæтты историон нæмттимæ, æмæ афтæмæй бацамоны, ома, дам, эпосы ахæм хицæн эпизодтæ дзурынц историйы хицæн факттыл. Абайы-фырты ахæм мадзал ацы хъуыддаджы дæр ног нæу. Абайы-фырты куыстыты мах уынæм В. Ф. Миллеры историон скъолайы методологи æмæ методикæ. Уыцы ахуырад, куыд зонæм, афтæмæй 1936 азы дæрæнгонд æрцыд партион æмæ наукон мыхуыры. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты агъоммæ уыцы историон скъолайы реакциондзинад сæргом æмæ иуварс æппæрст æрцыд, уый ницæмæ æрдаргæйæ, Абайы-фырт дарддæр куыста В. Ф. Миллеры æмæ А. Н. Веселовскийы методтæй.

---

[11] Уый дæр уым, 93 ф. æмæ æнд.

[12] Уый дæр уым. 117 фарс; уымæ гæсгæ кæс 107, 108 фæрстæ – «Нарты эпос историон схонæн нæй». Уыцы хъуыды æвдыст цæуы ахæм ныхæстæй, зæгъгæ, историон æцæгдзинадæй фæстæмæ ма дзы ис аивадон æцæгдзинад дæр, ома реалистон равдыст, Нарты эпосы хуызæн дæр чи у, ахæм. Ахæм историон æмæ аивадон æцæгдзинад методологион æгъдаумæ гæсгæ дих кæнын раст нæу. Кæд æмæ истори зыгъуыммæгонд цæуы, кæд æмæ историон æцæгдзинад нæй, уæд аивадон æцæгдзинадæн дæр уæвæн нæй.

Уыцы методтæ бæлвырд зынынц, Абайы-фырт 1949 азы цы статья ныммыхуыр кодта, «Нарты эпосы историонæй цы ис», зæгъгæ, уым. Абайы-фырт ацы статьяйы дзуры нарты кадджыты ахсджиагдзинады тыххæй, куыд историон æрмæджы тыххæй, фæлæ йæ куыст ахицæн кодта ницæйаг лыстæг хъуыддæгтыл – кæрæдзи фæдыл ранымадта нарты царды хицæн миниуджытæ. Историон анализы тыххæй уый райста хæрз лыстæг миниуджытæ. Абайы-фыртмæ ахæм «историон анализ» мах уынæм, æвзаджы æмæ фольклоры тыххæй цы куыстытæ ныффыста, уым. Къорд раны уый тыхамæлттæй хицæн эпизод кæнæ сюжет сбæтты хицæн историон фактыл. Æмæ алы хатт дæр мидис баззайы æнæ анализæй. Абайы-фырт фылдæр аргъ кæны, эпос динæй, мифтæй равзæрд, зæгъгæ, ахæм хъуыдыйæн.

Эпосы хуызæн историон ахсджиаг æрмæг æвзаргæйæ, Абайы-фырт цы методæй архайы, уый у антиисторион æмæ рæдыд. Уыцы метод зыгъуыммæ кæны эпосы анализы.

Эпос æнæмæнг равзæры цардæн йæхицæй æмæ æвдисгæ дæр кæны царды æцæгдзинад. Фольклоры æнæуый куыд вæййы, афтæ эпосæн йæ сæйрагдæр обрæз у адæймаг йæ историон бæлвырд бæрæг царды. Эпосы историондзинад фыццаджыдæр уый нæу, эпос искæцы хицæн цау кæй æвдисы (бирæ эпосты вæййы афтæ дæр, æмæ дзы хъуамæ æппындæр мацы цау æвдыст æрцæуа). **Фæлæ йæ историондзинад уый у, æмæ уый кæй сæмбырд кæны æмæ равдисы адæмы æхсæнадон царды æмæ архайды фæзындтæ фыццаг уæвæг – об инæты, цагъайраджы кæнæ æндæр исты цардæвæрды уавæрты.** Эпосы историон æгъдауæй куыд равзарын хъæуы, уый тыххæй иттæг бæллиццаг куыст бакодта Энгельс йæ чиныг «Бинонты, сæрмагонд хиисбоны æмæ паддзахады равзæрд», зæгъгæ, уым. Æндæр æрмæгимæ ма эпикон кадджытæй дæр спайда кæнгæйæ (рагон гречъы æмæ германæгты кадджытæй), Энгельс сбæрæг кодта, алыхуызон адæмтæм историон æгъдауæй кæй уыд матриархат, уый ноджы рабæрæг кодта, æхсæнадон ахастдзинæдтæ куыд ивгæ цæуынц, уыцы процесстæ. Энгельс анализ скодта эпосы апп, эпосы мидис, йæ хъуыды; цыбырдзырдæй уый бакодта, Абайы-фырт дарддæр кæй традицитæ хæссы, уыцы либералон-буржуазон фольклористикæ йæхи цæмæй атылиф кодта, ахæм куыст. Эпосæн йæ фæрссаг æддаг миниуджытæ сæйраг анализæн райсын, сыгъдæг доны позитивизм – уыдон сты Абайы-фырты сæйраг историон

экскурстæ. Нарты эпос æвзаргæйæ, Абайы-фырты позитивизм ныхмæ лæууы марксизм-ленинизммæ æмæ адæмы раст æмбарын нæ уадзы, Нарты эпос æцæгдзинадæй рагон цард кæй æвдисы, уый. (...)

Адæмы хæттыты культурæтæм сæрмагонд хицæнхуызон миниуджытæ нæй, зæгъгæ, уыцы амынддзинады фæдыл ацæугæйæ, Абайы-фырт Нарты эпосы схуыдта æрмæстдæр ирон адæмы эпос йæ равзæрдмæ гæсгæ. Уый скодта хатдзæг: Нарты эпос сарæзтой ирон адæмы фыдæлтæ – алантæ. Ууыл ахъуыды кæнгæйæ, мах та кæнæм ахæм хатдзæг: Абайы-фырт фыццаджыдæр нæ нымайы, кæсæджы, абхазты, хъуымыхъы æмæ иннæ адæмты нарты кадджытæ кæрæдзиуыл сæ равзæргæйæ баст кæй сты, уыцы æууæл, уый нæ нымайы уыцы адæмты Нарты эпосы сæрмагонд хицæн миниуджытæ, афтæмæй уыцы эпосы дæр ис, ирон адæмы эпосы цы кадджытæ ис, уыдон, æрмæст чысыл æндæрхуызондæрæй, къаддæрæй, лæмæгъдæрæй.

Абайы-фырт куыд амоны, æнæхъæн эпос йæ алымыггаг геройтимæ æмæ алыхуызон сюжеттимæ, обрæзтимæ, ситуацитимæ иу адæмæй иннæ адæмы культурæмæ хаст цыди, зæгъгæ, уый раст нæу æмæ йыл разы не стæм. Адæмтæм сæ кæрæдзи æхсæн культурон-историон бастдзинæдтæ куыд рæзыдысты, афтæ сыл сæ кæрæдзийæ æфтыди хицæн уацмыстæ сфæлдысæтадон æгъдауæй. Историйы бæрæггонд æрцыд ахæм факт дæр, æмæ искæцы поэтикон обрæз, æндæр адæммæ бафтгæйæ, свæййы ноджы тыхджындæр, æндæрхуызондæр. Фæлæ ахæм факт никуыма уыд, æмæ эпос æнæхъæнæй, æнæивдæй бафта бынтон æцæгæлон адæммæ, кæрæдзийæн иумæйагæй историйы æппындæр кæмæн ницы ис, ахæм адæмы культурæмæ æмæ аивадмæ. Æцæгæлон эпос йæхæдæг йæхи ‘гъдауæй ницы хуызы афтдзæн æндæр адæммæ. Уæдæ Абайы-фырт куыд амоны, Цæгат Кавказы равзæргæ къорд адæмы хæттытæ Нарты хуызæн хъæздыг эпос æнæхъæнæй дæр Кавказмæ æрæджиау æрбафтгæ æндæр адæмæй райстой, зæгъгæ. Уый у ахæм хъуыды, ома уыцы адæмтæм æппындæр нæ уыди сæхи эпикон сфæлдыстад æмæ йæ банымайæн ис националистон æууæлыл.

Марксизмы бындурæвæрджытæ куыд амонынц, ома алы адæмы аивад дæр хицæнхуызон у суанг йæ равзæрынæй фæстæмæ дæр, зæгъгæ, уый хынцгæйæ, мах æнхъæл стæм æндæр хуызы, Цæгат Кавказы эпикон бирæ хъæздыгдзинæдтæ уым цæрæг алы

адæмы мыггæгты æхсæн куыд рæзыдаиккой æмæ хæлиу кодтаиккой, уый тыххæй, Абайы-фырт куыд амоны, афтæ нæ, фæлæ. Эпос куыд рæзыд ирмæ, кæсæгмæ æмæ иннæ адæмы мыггæгтæм, уый схематикон æгъдауæй бацамонæн ис мæнæ афтæ:

Нарты эпос равзæрди Цæгат Кавказы æмæ йæ арсенал у мифологи (æрдзы æмæ æхсæнадон формæты æнæмбаргæ бакуыст аивадон æгъдауæй), Цæгат Кавказы цæрæг адæмтæм æмæ адæмы хæттытæм эпосы равзæрды дуджы цы мифологи уыд, уый.

Нарты эпос нымад хъуамæ уа, Кавказæн йæ цæгатварс чи равзæрди, ахæм эпосыл, æндæр искуы йын равзæрæн нæ уыд. Уый бæрæг у уымæй, æмæ эпос уыцы иу хуызы ис Кæсæгмæ дæр, Ирмæ дæр, Абхазмæ дæр æмæ уыцы территорийыл цæрæг иннæ адæмтæм дæр, нæ бæстæйы йын æндæр территорийыл та ссарæн нæй. Уый хынцгæйæ, нæ бон у зæгъын, египетаг мифологи грекъаг эпосæн куыд нæ бабæззыдаид бындурæн, афтæ Цæгат Кавказы адæмты æмæ адæмы хæттыты Нарты эпосæн дæр бындур уæвын нæ бакуымдтаид æндæр искæйы мифологи, ныр адæмтæ æмæ æххæст нацитæ кæмæй рауад æмæ ма абон дæр нарты кадджытæ кæмæ ис, уыцы адæмы хæттыты мифологи йеттæмæ.

Адæмон эпосы суанг йæ райдиан формæты бæрæг дары адæмон културæйы хицæндзинад. Културæ æмæ аивад куы сырæзыдысты, уæддæр уыцы хицæндзинад нæ фесæфт, фæлæ аивæй аивдæрæй цыди иу фæлтæрæй иннæ фæлтæрмæ мингай æзты дæргъы. Алы адæмы эпос дæр фæвæййы вазыгджындæр, æндæрхуызондæр, фæлæ адæмы културæ æмæ аивады историйæ æппæрст не 'рцæуы.

Эпос, куыд аивады мыггаг, у бынтон æндæрхуызон, æвзагимæ абаргæйæ, фæлæ уыцы бынтон фæйнæхуызонæй дæр уыдоны æхсæн ис цыдæр иудзинад, ахæм иудзинад, æмæ эпос, адæмон сфæлдыстады цавæрфæнды уацмысы хуызæн – дзырдæн райсæм зарджытæ дæр – æппынæдзухæй кæны хуыздæрæй хуыздæр, йе 'взаг цæуы æхсæст. Ам нæ зæрдыл æрлæууын кæнæм И. В. Сталины ныхæстæ адæмон зарджыты тыххæй: «Адæм сæ зарджытæ лæгъзгæнгæ цæуынц сæдæгай азты дæргъы æмæ сæ схæццæ кæнынц аивады тæккæ уæлдæр бæрзæндтæм»[13].

Ацы ныхасмæ гæсгæ уæдæ ахæм фарст æрæвæрæн нæй, мах онг

[13] «Советон музыкæ», 1939, № 5, 21 ф.

цы эпос ӕрхӕццӕ, уый миниуджытӕ суанг незамантӕй нӕ рахастой уӕдӕ сӕ национ хицӕндзинады ӕуувӕл? Куыд уынӕм, афтӕмӕй кълӕсты агъоммӕйы ӕхсӕнады равзӕргӕ эпос йӕ сӕрмагонд хицӕнхуызон миниуджытӕ нӕ сафы йӕ рӕзыны даргъ фӕндагыл – адӕмы хаттӕй адӕммӕ цӕугӕйӕ, дарддӕр, адӕмӕй нацимӕ хизгӕйӕ, – уый бӕрӕгӕй бӕрӕгдӕр ӕвдисы йӕ национ формӕ.

Ӕппӕт уыдӕттӕм гӕсгӕ зӕгъӕн ис, Цӕгат Кавказы хицӕн адӕмтӕ куыд ӕвзӕрыдысты, афтӕ дзы алкӕмӕ дӕр сфӕлдыстадон ӕгъдауӕй кӕй рӕзыди Нарты эпос, уыимӕ сыхаг адӕмты 'хсӕн цы культурон-историон бастдзинӕдтӕ вӕййы, уыдоны фӕрцы уыцы адӕмтӕ сӕ кӕрӕдзийӕ истой эпикон сфӕлдыстады ӕнтыстдзинӕдтӕ. Нарты эпосы иумӕйаг миниуджытӕ нӕ сӕфынц, бӕлвырд бӕрӕг йӕхи чи 'вдисы, уыцы национ хицӕндзинӕдтӕй Кавказы адӕмты нарты кадджыты ӕхсӕн ирон адӕмы эпос ӕмӕ кӕсӕджы эпосӕй хъӕздыгдӕр нӕй. Фӕлӕ уый ууыл дзурӕг нӕу, ӕмӕ иры кӕнӕ кӕсӕджы нарты кадджытӕ иннӕ адӕмты эпосӕн уыдысты йӕ равзӕрӕн суадон. Алы адӕмы эпос дӕр у хӕдхъом, хӕдбар ӕмӕ домы бӕлвырд анализ историон ӕгъдауӕй.

Нарты эпосы рӕзындзинады тыххӕй ам цы фӕндӕгты кой кӕнӕм, уыдон нысангонд ӕрцыдысты Цӕгат Кавказы адӕмты нарты кадджытӕм иумӕйаг теоретикон цӕстӕнгасӕй ӕркӕсгӕйӕ. Фӕлӕ уыдон бӕлвырд бӕрӕггонд хъуамӕ ӕрцӕуой, нарты кадджытӕн сӕхи биноныг анализ скӕнгӕйӕ. (...)

* * *

Махӕй иунӕг минут дӕр хъуамӕ ма рох кӕна, рагон дунейы ӕмӕ астӕуккаг ӕнусты адӕмон эпостӕ сӕ прогрессивон миниуджыты фӕрцы кӕд социалистон ӕхсӕнады уӕламадмӕ хаст ӕрцыдысты, куыд аивадон бынтӕ, уӕддӕр дзы бирӕ ис фӕстӕзад хъуыдытӕ, ныртӕккӕ махӕн зиан чи у, ахӕмтӕ ӕмӕ уыдон баззайӕггӕгты хуызы ранӕй-рӕтты бӕрӕг дарынц адӕмы зондахасты.

Эпос равзӕрыны ӕмӕ сырӕзыны заманты куыд уыд цард, афтӕмӕй ӕвдыст у кадджыты. Уым ӕмбӕлгӕ хуызы цы рагон царды ӕгъдӕуттӕ ӕмӕ пълантӕ ӕвдыст сты, уыдоны сӕр ныртӕккӕ мах ницӕмӕн хъӕуы ӕмӕ сӕ ныхмӕ хъуамӕ тох кӕнӕм, адӕмы уыдоныл ма ахуыр кӕнӕм, фӕлӕ. Зӕронд эпостӕй бирӕты ӕвдыст ис алыхуызон ӕнӕхъуаджы ӕгъдӕуттӕ

æмæ хуымæтæджы æвдыст дæр нæ, фæлæ цыма нæ царды уыдон æнæмæнг хъæуынц, ахæм хуызы. Цæмæн бахъуыдис мах, зæгъæм, туг исыны æгъдау, кæнæ сылгоймаджы уайсæст, науæд идæдз ус йæ тиуы мой скæна, ахæм æгъдау æмæ æнд. Уыцы незаманты æнæфенд æгъдæуттæ канд æппæлын нæ, фæлæ сæ эпикон уацмысы хуымæтæджы ракой кæнын дæр у стыр зиан æмæ нымад цæуы æцæгдзинадæй дæр пропагандæйыл, советон цард йæ тæккæ ‘хсидгæйæ йæ развæндагæй иуварс кæй калы, уыцы æнæхъуаджы æгъдæуттæ пропагандæ кæныныл. Эпикон бынтæм критикон цæстæй куы нæ кæсай, уæд ивгъуыд заманты цард рауайдзæн идеализацигонд æмæ уæд уый уыдзæн уыцы цардмæ раздæхыны сидт, уый аххосæй та бакъуылымпы уыдзæн социалистон нациты культурæйы рæзт.

Уыцы ‘гъдауæй æркæсгæйæ æнæ диссаг не сты Нарты эпосы характеристикæтæ. Нарты эпосы тыххæй иртасæн куыстытæ амонынц афтæ: «Нарты эпос сæйрагдæр у мыггагон цардæвæрды эпос. Уый хъæздыг кодта хæстон дружинæты, цуанæтты æмæ фыйæутты цардыуаджы æууæлтæй, ахæм цардæй та бирæ æнусты дæргъы цардысты ирон адæм – алантæ. Эпосы тынг бæлвырдæй зынынц матриархаты æууæлтæ»[14].

Ацы характеристикæмæ ма эпосы æфтыд цæуынц мыггагон цардæвæрды иуæй-иу миниуджытæ. Зæгъæм, нарты кадджыты сæрмагонд бынат ахсы туг исыны темæ. Иртасæн куыстгæнджытæ зæгъынц: «Батрадзы циклы тæккæ ахъаззагдæр эпизод у, Батрадз йæ фыды туг куыд иста, уый. Патриархалон-мыггагон цардыуаджы тæккæ кадджындæр æгъдау, туг исыны æгъдау хуымæтæджы не ‘рцахста ахæм зынгæ бынат ирон адæмы эпосы... æхсæнадон уавæртæ сæ куыст кодтой фæстæдæр заманты царды дæр æмæ æрмæгæй хъæздыг кодтой эпосы суанг æрæджы рæстæджы онг, афтæмæй эпосы хъахъхъæдтой йæхи мидæг ныххус уæвынæй, куыдфæстæмæ фæцауддæр уæвынæй æмæ ферох кæнынæй... Æмæ Батрадзæй фæстæмæ дæр ма нарты геройтæй бирæтæ эпосы гъе уымæн сты сæ фыдæлты туг исджыты хуызы æвдыст... Туг исыны æгъдау уæдæ фæстæдæр равзæргæ адæмон эпопейæ «Æфхæрдты Хæсанæйæн» дæр дзæгъæл хуымæтæджы нæу йæ сæйраг мидис»[15].

---

[14] Абайты В., Нарты эпос, 117 ф.
[15] Уый дæр уым, 66 ф.

Цы примертæ æрхастам, уыдон æвдисæн сты канд мыггагон цардæвæрды æвзæрдзинæдтыл нæ, фæлæ ма адæймаджы царды æмæ зондахасты сæ баззайæггæгтæ кæй ис, ууыл дæр. Рагон царды æвзæр баззайæггæгтимæ тох у неппæтæй алкæй бæрнон хæс дæр. Æмæ ахæм тохы бæсты Абайы-фырт æмæ уый фæдылдзæуджытæ Б. В. Скитский æмæ иннæ иртасæн куыстгæнджытæ уæлиау систой Нарты эпос æнæхъæнæй дæр, æппындæр ницы ской кодтой эпосы нæбæзгæ æуулæлты тыххæй æмæ «нарты дуг» ирон адæмы историйы схуыдтой «зæрин дуг», уый, дам, ирон адæмы «æцæг цард», æцæг «зæрдæйы уаг» æвдисы, зæгъгæ[16].

Иртасæн куыстгæнджытæ, æнæ асагъæс кæнгæйæ, стыр цины уацы хуызæн рахабар кодтой «балцытæ» æмæ «хæтæнты» тыххæй – абыræджы хуызæн лæбурджыты хæстон стæрты тыххæй, нарты царды æнæрæнцой гуылфæнты тыххæй, нæртон адæмы хъæбатырдзинады æмæ лæбурынмæ цырддзинады тыххæй, сæ иуабонæй иннабонмæйы куывдты æмæ хъæзтыты тыххæй, нæртон адæм зæронддзинадыл æмæ æнæхъарудзинадыл куыд худтысты, уый тыххæй[17]. Æппæт уыдæттæ эпосы æвæрд æрцыдысты царды раппæлинаг хъуыддæгты æмрæнхъ, хорздзинадыл нымад чи у, бафæзминаг чи у, ахæм миниуджыты æмрæнхъ, зæгъæм, æмбалмæ рæстзæрдæ дарын, хæлардзинадыл хæцын, лæгдзинад, хæстон æхсардзинад, сылгоймагæн кад кæнын. «Фæстæмæ нартмæ», зæгъгæ, ахæм сидты хуызæн у, Абайы-фырт стыр цинæн кæй загъта, уыцы ныхас, ома: «Нарт – уыдон сты парахат цард... уыдон сты æнæкæрон быдырты улæфт... уыдон сты тохы цæхæр... куывдты æмæ хъæзтыты уылæн...» æмæ афтæ дарддæр[18].

Уый фæстæ хъуамæ аипп ма уа Абайы-фырты афтæ бафæрсын: цæй монцмæ афтæ æппæлы цымæ уый, адæмы хæттыты 'хсæн æмæ хицæн мыггæгты 'хсæн стигъыны охыл хæстытæ кæм уыд, уыцы æхсæнадон цардæвæрдæй, тыхджын æдыхы хæрдмæ скæсын кæм нæ уагъта, туг исыны æгъдау сæрæндзинадыл нымад кæм уыд, ахæм цардæй? Стæй цымæ цас раст у мæнæ ахæм ныхас: «Адæм æцæгдзинадæй эпосы уыдтой се 'цæг цард, сæ зæрдæйы конд, сæ хорздзинæдтæ æмæ сæ сахъатдзинæдтæ»[19].

---

[16] Абайты В., Нарты эпос, 109 ф.
[17] Уый дæр уым, 95 ф. æмæ дарддæр.
[18] Уый дæр уым, 103–104 фæрстæ.
[19] Уый дæр уым, 109 ф.

Абайы-фырты кæд æппындæр нæ фæнды афтæ хъуыды кæнын, уæддæр йæ ацы ныхас у ууыл дзурæг, æмæ ома ирон адæм ныр дæр нæма рахызтысты мыггагон цардæвæрдæй æмæ абоны онг дæр бирæгъау лæбурынц стигъынмæ, царды æхсызгон хъуыддагыл нымайынц туг исыны æгъдау, нæ рох кæнынц сæ царды фæстæзад æнæфенд митæ æмæ сæм ис къæлæсты агъоммæйы царды зондахаст. Æндæр хуызы бамбарæн нæй Абайы-фырты амынддзинадæн.

* * *

Нарты эпос фырæппæлдæй тæмæнтæ скалдта Веселовскийы æмæ Марры сахъат либералон-буржуазон концепциты бындурыл. Адæмон сфæлдыстад ахуыр кæнгæйæ, теоретикон рæдыдтæ кæрæдзи æттæг миддæг ауадысты историон процесстæ æмбарыны рæдыдтимæ. Нарты эпос ахуыр кæнгæйæ, историон фæзындтæн раст аргъгонд не 'рцыд, уыцы хъуыддаджы ис ахæм бынат, ома, дам, манголы æрбабырст ирæн ахъаз фæци сæ культурæ æмæ аивад рæзын кæнынæн. Ирон адæмы фыдæлтæ æмæ уырыссаг адæмы фыдæлтæ эпикон циклтæ аразынмæ фæцырд сты «манголы æрбабырсты» руаджы, зæгъгæ, Абайы-фырты ахæм хъуыдыйыл чидæриддæр æнæ бадис кæнгæ нæ фæуыдзæн. Абайы-фырт æппæлæгау зæгъы: «мангол сты иттæг хъæздыг эпосджын адæм», манголимæ бастдзинад уыди «дæргъвæтин рæстæджы æмæ æнгом», «манголимæ сæмбæлд æмæ мангойлаг стæрты фæуын ахъаз фесты адæмы хæттыты 'хсæн бастдзинад фæрæвдз кæнынæн... дзырд дæр ыл нæй, уыцы хъуыддаг ног хорз фадат кæй скодта эпикон сфæлдыстад сырæзынæн...»[20]. Абайы-фырт Нарты эпосы хоны «аланты эпос, мангойлаг хъæстæ кæуыл фæзынд, ахæм»[21].

Гъе афтæ мангол горæттыл æмæ хъæутыл цъæх арт кæй бафтыдтой, ахъаззаджы культурон хæзнатæ кæй ныххæлиу кодтой, цы зæххытæ байстой, уыдоныл туджы зæйтæ кæй ауагътой, уыцы æцæг æбуалгъ хъуыддæгтæ равдисыны бæсты астæуккаг æнусты манголы æрбабырст æвдыст æрцыд афтæ, цыма уыцы лæбурджытæ семæ культурæ æрбахастой æмæ кæй басастой, уыцы адæмты дзы цыма схъæздыг кодтой æмæ сæ сфæлдыстадмæ афтæмæй сразæнгард кодтой.

[20] Абайты В., Нарты эпос, 91 ф.
[21] Уый дæр уым, 92 ф.

Куыд ис ахæм æнахуыр диссæгтæ фыссæн – уый зын бамбарæн у. Фæлæ зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ Абайы-фырты куыстыты ахæм амынддзинад æнæрхъуыдыйæ кæй нæй. Уыцы амынддзинад равзæрди æндæр рæдыд хъуыдыйæ, ома адæмтæ сеппæт зæрдæргъæвд не сты эпикон сфæлдыстадмæ, иутæ курдиатджын сты уыцы хъуыддаджы, иннæтæ нæ. Адæмты афтæ «эпикон» æмæ «лирикон» дыууæ къордыл фæдих кæныны «теори» В. И. Абайы-фырт райста идеалистон наукæйæ. Нарты эпосы иртасæн куыстытæм ахæм сахъат хъуыдытæ хæсгæйæ, Абайы-фырт фидарæй зæгъы, мангол эпикон адæм уыдысты Чингис-ханы заман, зæгъгæ. Абайы-фырт манголмæ æрбахæстæг кодта ирон адæмы(!) Уый фыссы: «Мангол дæр иры хуызæн сты эпикон адæм»[22].

Абайы-фырт алы хуызы дæр фæцархайдта йæ хъуыдытæ ныффидар кæныныл, ома «эпикон» сфæлдыстадмæ арæхсынц æрмæст уыцы адæмтæ, «мингай азты дæргъы кард æмæ бæхæй йæхи баиртасын чи нæ фæразы»[23], æмæ уымæй та ахæм хатдзæг скæнын хъæуы, – цæугæцардгæнæг адæмы хъауджыдæр зæххы куыстгæнæг адæммæ æппындæр ницы курдиат ис эпикон сфæлдыстадмæ, æмæ уымæ гæсгæ уыдонæн «эпикон адæмыл» банымайæн нæй, зæгъгæ.

Эпикон æмæ æнæэпикон адæмты тыххæй Абайы-фырт цы амынддзинæдтæ дæтты, уыдон сты мæнг ахуырад æмæ цæуынц марксизмы классикты ахуырады ныхмæ эпосы тыххæй. Дзырдæн æрхæссæм гречъы эпос, уый Маркс схуыдта эпосы классикон формæ. Рагон грекъ «цæрæнбонты фыййæуттæ æмæ æфсæддон» адæм нæ уыдысты, стæй сын Чингис-ханы агуырыфсæдтимæ иумæйагæй ницы уыд. Афтæмæй сæ эпос уыди стыр ахсджиаг æвæрæн дунейы културæйы æмæ афтæмæй бацыд адæмты историйы хæзнадонмæ. Чингис-ханæй чи æппæлы, уыцы эпос та зиан хæссы прогрессивон адæмæн æмæ йын, уымæ гæсгæ, банымайæн нæй културон бынтыл. Стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, Нарты эпосæн иумæйагæй ницы ис Чингис-ханы 'фсæдтимæ! Абайы-фырт манголы æмæ иры фæрсæй-фæрстæм кæй æрæвæрдта, уымæй æруагъта стыр рæдыд æмæ йæ банымайын хъæуы космополитдзинадыл. Нарты адæмон эпос зынаргъ у махæн; йæ хуыздæр уацмыстæ хъуамæ æрцæуой хъахъхъæд.

---

[22] Абайты В., Нарты эпос, 27 ф.
[23] Уый дæр уым, 10 ф. æмæ дарддæр.

Абайы-фырты теори хæлд цæуы, канд гречъы эпосмæ æркæсгæйæ нæ, фæлæ иннæ адæмты эпосмæ æркæсгæйæ дæр, зæгъæм, карел-финаг, эстойнаг, уырыссаг æмæ æнд. эпостæм. Славяйнаг эпосы – уырыссаг, украинаг, болгайраг эпосы – аивдзинад æмæ ахадындзинад дунейыл хъуыст сты. Фæлæ та уыцы эпос дæр баст нæу абырджыты лæбурдтытимæ æмæ сыхаг бæстæтæ пырх кæнынимæ, славяйнаг эпос сарæзтой зæхкусджытæ, сæ паддзахад æрбабырсæг цагъаргæнджытæй чи бахъахъхъæдта, уыдон. Æмæ уæвгæ йæхи фæдтæ ‘хсæдгæйæ, Абайыфырт ууыл дæр разы нæу. Уый фыссы, зæгъгæ, уырыссаг эпос куы райсæм, уæд уый дæр æвзæрыди манголы ахъазæй («уырыссаг æмæ европæйаг адæмты эпикон сфæлдыстадæн мангол кодтой тынг стыр ахъаз»[24]). Æппæт уыдæттæн раттæн ис æрмæст ахæм дзуапп: мангол мах культурæйыл хорзырдæм зындисты, зæгъгæ, афтæ ныллæууын, – уый æппын къаддæр банымайæн ис æбæрнондзинадыл, æмæ бæрæг кæны, автор бынтон бинонығ кæй нæ зоны куыд историйы, афтæ адæмон сфæлдыстады факттæ дæр.

Адæмы ивгъуыд замантæ, уыдонæн сеппæт цардыуаг, се ‘гъдæуттæ, сæ куыст, сæ митæ цы эпос æвдисы, уый æвзаргæйæ, иртасæн куыстгæнджытæ æмæ уацмыстæ адæмы ‘хсæн хæлиугæнджытæ уæд раргом кæндзысты æцæгдзинад, сæ анализ куы кæной марксизмы-ленинизмы ахуырадмæ гæсгæ. Зæрдыл æрлæууын кæнын хъæуы уый, æмæ адæмы аивад дæр алы æндæр æрмæджы хуызæн историон æгъдауæй бамбарын, – уый кæй у фольклористты тæккæ ахсджиагдæр хæс.

*«Мах дуг», 1952, №12*

---

[24] Абайты В., Нарты эпос, 91 ф.

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

# КЪÆБЫСТЫ ЗАУЫР

*(1936–2014)*

*Къæбысты Захарийы фырт Зауыр райгуырди 1936 азы 27 июлы Хуссар Ирыстоны Ракойы хъæуы. Астæуккаг скъолайы куы бакаст, уæд Цхинвалы бацыди педагогон институты филологион факультетмæ. 1961 азы райста ахуыргæнæджы дæсныйад.*

*Цалдæр азы бакуыста Ленингоры районы хъæуон скъолаты, стæй йе 'ргом аздæхта литературон сфæлдыстадмæ: уыди газетты уацхæссæг, чиныгуадзæн «Ирыстон»-ы редактор, журнал «Фидиуæджы» бæрнон секретарь...*

*Куыд фыссæг, афтæ йæ ном райхъуысти 1962 азы – «Фидиуæг» ын ныммыхуыр кодта йæ радзырд «Зæлда». Уалынмæ хицæн чингуытæй цæуын байдыдтой йæ радзырдтæ æмæ уацауты æмбырдгæндтæ, йæ романтæ.*

*Къæбысты Зауыр йæ цардæй ахицæн 2014 азы 9 сентябры.*

## СОСОЙЫ ЗАРÆГ

Æртындæс азы дæргъы хъизæмайраг балцы фæстæ здæхтæн хъæмæ, мæ райгуырæн уæзæгмæ, Чеселтмæ.

Поезд тæхы, æмæ мын йæ цæлхытæ мæ хъусы сусу-бусу кæнынц: «Тагъддæр, тагъддæр, тагъддæр»... Диссаг сты поезды цæлхытæ: адæймаджы зæрдæ цæмæ 'хсайа, уый йын дзурынц йæ хъусы. Хæйрæджытæ! Æртындæс азы размæ та мын афтæ дзырдтой: «Хæстмæ, хæстмæ, хæстмæ»...

Поезд тæхы, æмæ мын йæ цæлхытæ кæнынц мæ хъизæмайраг балцы кæройнаг зарæг.

Ме 'рцæуыны бæлвырд рæстæг кæй нæ фехъусын кодтон, уый тыххæй станцы мæ размæ рацæуын æнхъæл никæмæн уыдтæн. Куыддæр поезд æрлæууыд, афтæ егъау чумæданы их-

сыд хæцæнмæ февнæлдтон æмæ, станцы æнхъæлмæкæсæн зал йæ астæуыл алыггæнгæйæ, ахызтæн уæрæх фæзуатмæ. Иу ран æвзонг лæпputы æнæхъæн бардз хъазты фæсивæдау æмдымбыл лæууынц æмæ цæуылдæр хъæлдзæг худт кæнынц. Æз сæм араст дæн. Æвæццæгæн мын æхсызгон уыд, мæ райгуырæн зæххыл фæсивæд хъæлдзæгæй кæй цæрынц, уый, æндæра сæм цæмæ хаудтæн.

Лæппутæ мын цыты уазæгау фæндаг радтой сæ астæумæ. Фæсивæды тымбылæджы астæу ме 'рдæм чъылдымыздæхтæй лæууы иу лыстæг, тынг даргъ лæг. Рæстæг йæ хуыз кæмæн бацъырдта, ахæм дæрдджын цинел ын æмбæрзы йæ лыстæг гуыр уæхсчытæй суанг фадхъултæм. Бæрæг уыд, сæрмагондæй уыцы уæнгтыл хуыд кæй уыдаид. Цинелы фæдджиты бынæй зынынц ихсыд цырыхъхъыты гæлир уæлфæдтæ. Йæ сæрыл суанг бæрзæйы онг æрфæлдæхтысты сау нымæтхуды кæрæттæ. Иу цавæрдæр хæдмæл къленц лæппу уыцы лæджы раз маймулийау гæппытæ кæны. Йæ иу къухы спичкæйы къæцæл, иннæйы – къопп. Кæрæдзиуыл сæ æфсоны адау-адау райдыдта.

– Сосойы зарæг акæн, науæд дыл арт æфтауын, – спичкæйы къæцæл та къоппыл асæрфта. Уый фенгæйæ, цинелджын фестъæлфыд. Йæ хъуыры цъар ивазгæйæ, лæгъстæ кæны:

– Чысыл мæ бауадз æмæ та уын стæй азардзынæн. Де спичкæ та æфснайгæ бакæн. Адæймаджы буар куыд сой у æмæ спичкæйы иу фæпъæрттæй дæр куыд тынг судзы, уый куы зонис, уæд æй дæ дзыппы æвæргæ дæр нæ ныккæнис. – Лæппутæ ноджы худынц. Цинелджын ме 'рдæм фæзылд, æвæццæгæн, æххуысæнхъæл.

– Хорз адæм...

Охх, йæ цæсгом... Цæй цæсгом!.. Хурмæ хусгонд хæлыны гæппæлы хуызæн сыхуылтæ цармæй цæстыты бæсты дыууæ тымбылæджы лæгъстæхуызæй æрттивынц. Чысыл дæлдæр бур фæрдгуыты дыууæ нарæг халы. Уыдон та дæндæгтæ уыдысты, уæдæ цы!..

Мæнæн мæ зæрдæ калмы цæфау фæрæхуыста цавæрдæр дард, фæлмæмбæрзт хъуыды. Нырмæ дæр зонгæзæл хъæлæсы уынæрмæ мæ зæрдæ фæкъæпп-фæкъæпп кодта. Ныр мæ къухæй феуæгъд чумæданы ихсыд хæцæн. Мæ къæхты бын цыма бурæмæдз конд уыд æмæ зæххыл ныдæгъдысты, уыйау сæ зынæй стон-стон кæнын æмæ уæззау къахдзæфтæй цæуын ци-

нелджынырдæм. Уый мын мæ къухтæм тарстхуызæй ныккаст:

– Ды дæр мыл арт æфтауынмæ хъавыс? Æмæ мæ стæм хъуымызбыл къæбæдатæй фылдæр куы ничи фæхъыгдары, уæд ды та, ацæргæ уæвгæйæ, цы сæрра дæ? – йæ хъæлæс дæр ризы æмæ йæ буар дæр.

– Ай кæд къуыдайраг Симон нæ дæ, уæд Ирыстоны уæлдæфæй ма бафсæдон! – зæронд усау сомытæ кæнын.

– Æмæ ды та чи дæ? – йæ сæр дызæрдыджы æнкъуыст кæны.

– Сосойы зарæг кæнгæ чи басыгъд, уыцы Симон нæ дæ? – дзуаппы бæсты та йæ афарстон.

Фæсивæд кæрæдзи хъусты сусу-бусу кæнынц. Зыны сыл, зондцух мæ кæй æнхъæлынц.

– Кæцы дæ, лæппу? – йæ цæсгомыл цыдæр цинæнгас фæзынд.

– Чеселттаг... æз чеселттаг Симон дæн!

Нæ цæнгтæ кæрæдзиуыл атыхстысты. Къуыдайраг Симон мын цавæрдæр къуыдыргæндтæй мæ фæсонтæ хафы. Æз ыл мæхицæй æддæмæ ахæцыдтæн æмæ йын йæ къухтæм æркастæн. Кæри æппарæн гуылмыз фыййаджы хуызæн фыдуынд къухтæ мæ риуыл сæхи хафынц.

* * *

Æгайтма ме ʻрцæуыны бæлвырд рæстæг нæ фехъусын кодтон. Хæстæджытæ, хицæттæ нымбырд уыдаиккой æмæ мын Симоны феныны фадат нæ фæуыдаид. Æниу ме ʻфсымæр... Фæлæ ницы кæны. Уæддæр Симоны федтон.

* * *

Радон «æвзаг» дзуарæн нывонд фысы ласт куы ʻркодтам, уæд мæм политрук йæ амонæн æнгуылдзæй йæхирдæм фæсидт.

– Зоныс, цы? – Мæ хъусы мын сыбар-сыбур кæны, цыма мын стыр сусæгдзинад зæгъынмæ хъавы.

Æз мæ сæр нæзоныны хуызы банкъуыстон.

– Замманай хорз лæппутæ нæм æрбарвыстой.

– Æхсызгон хæрзтæ дыл цæуæд, – йæ циндзинад мæнмæ кæцæй хауд, уый не ʻмбæрстон, фæлæ йын уæддæр раарфæ кодтон.

– Æмæ дзы иу чи у, уый зоныс?

Ногæй та «нæ», зæгъгæ, мæ сæр батылдтон.

– Де ‘мзæххон. Ирон.

Цыма мæ æндон цъæт сриуыгъта, уый стъæлфт фæкодтон. Æниу мын хорз æмбæлттæ уыд, фæлæ æмтуг, æмыстæг – уый æндæр хъуыддаг у.

– Кæм ис? – политручы цонг ацахстон.

– Уæртæ йæ фыццаг хæстон хæс фиды борщ хæрынæй.

Хæрæндоны къæсæрыл мæ дугъ фæоцани кодтон. Уайтагъд мæ цæст андæгъд къуымгæрон иу лæджы сæвджын фæсонтыл. Телыхъæды стæвдæн цæнгтæ сæ рæмбыныкъæдзтæй лæууыдысты стъолыл. Хъæдын нывæфтыд уидыгæй хордта борщ. Йе змæлд ахæм сабыр, уæзбын уыд, æмæ æфсæн дзæккоры цæфæй дæр къæрттæй цъула нæ аппæрстаид.

Фæрсырдыгæй мæм чидæр кæй кæсы, уый фæхатыдтон. Фæзылдтæн. Пъовыр, сисы хуынкъæй кæсæг мыстау, йæ сæр ратъыста хæринагдæттæн рудзынгæй. Йæ цæстытæ ныццыппæрдигъон сты, афтæмæй куы мæнмæ кæсы, куы та борщхæрæгмæ. Йæ цæстæнгас уыцы джиххуыз куы уыд, уæд æм хæстæг бацыдтæн.

– Уартæ ма де ‘мзæххонмæ бакæс! Ме ‘гтимæ мын мæхи дæр хæрдзæн. – Йæхи барæй кæй ныссагъæсхуыз кодта, уый зонын, æмæ æз дæр мæ цæст сæрыстыр ныкъуылд æркодтон ме ‘мзæххонырдæм.

– Иу дæс тæбæгъы нæма афæлдæхта?

– Нырма дзы иуыл дæр нæ фæтых ис, фæлæ кæнæ æфсæрмы кæны, науæд та фырфæллад у. Йæ гаччы куы ‘рбада, уæд нæм митæ уыдзæни.

– Цæй, дæхи ма стæригъæддаг кæн. Голлаг хордзены цæстæй цас стырдæр у, уыйас йе ‘фтиаг дæр фылдæр у. – Мæ къух ауыгътон æмæ къуымырдæм фæцæуæг дæн.

– Кæд æцæг ме ‘мзæххон дæ, уæд дæ бон хорз, – йæ уæлхъус æрлæууыдтæн æмæ йæм комкоммæ бадзырдтон. Комкоммæ уымæн, æмæ уый кæд бадгæ кодта, æз та – лæугæ, уæддæр мæнæй бæрзонддæр уыд.

– Дæ хъуыддаг раст уа, æфсымæр, – сыстад. Раст мæм къулæджы хойæныйас арм радта. – Къæсæрæй куы ‘рбахызтæ, уæдæй нырмæ дæм мæ хъус дарын. Мæн агурæг кæй æрбацыдтæ, уый уайтагъд фæхатыдтон. Стыр бузныг, кæй мæ æрцагуырдтай, уый тыххæй. – Мæ къух мын арæхстгай æууæрды йе ‘рмтты ‘хсæн.

– Кæцы коймаг дæ, уый ма мын зæгъ, – афарстон æй æрæджиау.

– Къуыдайраг дæн. Мæ ном – Симон. – Йæ сырхцъар цæсгомыл сабийы æнæхин мидбылхудт хъазыд.

– Гъæй, дæ хæдзармæ дæ фæтардæуа! Уæдæ æцæг æмзæххонтæ куы стæм. – Мæ къахы фындзтыл слæууыдтæн æмæ Симоны астæуыл мæ цонг æрбатыхтон (æцæг мын чъылдымы стæджы онг йедтæмæ нæ баххæст æмæ йæ уым хистæр æнгуылдзæй гæрз роны фæфидар кодтон). Акæс-ма уæртæ, дыууæ къахдзæфы йедтæмæ нæй Къуыдарæй Чеселтмæ.

Симон йæ цæстæнгас ахаста къуымты:

– Мæ тæригъæд дæ уæд, чеселттаг! – уысмы бæрц йæ цæсгом фæтархуыз.

– Цы кодтай? – нæ йæ фембæрстон.

– Акæс-ма уæртæ, зæгъгæ, куы загътай, уæд мæм афтæ фæкаст, цыма Сагджын къуырфы дæн æмæ мыл ныртæккæ Джоджорайы сатæг ирдгæ узæлгæ атыхсдзæн.

– Ницы кæны. Уый дæр уыдзæн, – ныфс ын авæрдтон.

– Цæй, хорз, – йæ къух ауыгъта Симон æмæ азылд, пъовыр нырма дæр сисы хуынчъы мысты каст кæцæй кодта, уыцырдæм.

– Ацы къус ма мын искуы куы ‘рхæссай, уæд дын æй æд хæринаг дæ тымбыл къоппайыл æркæндзынæн, фæлæ йæ дæ зæрдыл дар æмæ нæ фехъуыстон ма зæгъ. – Йæ амонæн æнгуылдз æм батылдта.

– Дыккаг къус рафыссыны тыххæй хистæртимæ бадзурын хъæуы, æмбал кæстæр лейтенант. Къус та нæм уымæй стырдæр нæй, – аххосджыны хъæлæсæй сдзырдта пъовыр. Мæнæн дæр мæ сæрыстырдзинад фæцагайдтой Симоны ныхæстæ, фæлæ уый йæ къух хæрдмæ систа:

– Мæ ныхас дæр ууыл у. Мæ ас куыд у, мæ ахсæн уыйбæрц нæ домы. Гуыбындзæлæй хъулон ми нæ уарзын. Гуыбынтæ æфсымæртæ сты æмæ сæм æмхуызон зилын хъæуы. Ныр уал дæ лæггад бирæ. – Йæ цонг мын ме уæхскыл æруагъта æмæ араст стæм уынджырдæм.

– Хуыцауыстæн, чеселттаг... Хæдæгай, дæ ном мын куы нæма загътай, – къæсæргæрон дзыхълæуд фæкодта æмæ мæм бынмæ æркаст.

– Мæ ном дæр Симон.

– Гъе, æнæрай дзы скæнай, кæд мæлæты маркафа ном нæу. Цæй, уæдæ ныр кæрæдзи куыд хонæм?

– Стыр катайаг хъуыддаг нæу, – ныфсæвæрæгау ын бакод-

тон. – Ды къуыдайраг Симон, æз та – чеселттаг Симон.

– Гъеуый ныхасæн бæззы, – бацин кодта къуыдайраг Симон æмæ мæ афарста: – Зарынмæ та куыд дæ, зарынмæ, чеселттаг Симон?

– Гъе, кæй ма æндавы зарын, æндæра-иу зарынмæ мæн агуырдтой чындзæхсæвы рæстæджы. – Мæ ныхас æцæгæлон марды уæлхъус бадæг сылгоймаджы хъарæгау фæлурс рауад, фæлæ ма цы...

Къуыдайраг Симон галиу къухы амонæн æнгуылдз æргъæвæджы цур ныссагъта (рахиз къух нырма дæр ме уæхскыл уыд), хæдоны тæрттæ фæйнæрдæм акодта æмæ бынозæй ныллæг хъæлæсæй сæлвæста:

Нармæ, дам, рацыдтæн бæгæныйы тыххæй, гъей.

Знæгты фæцæгъдæм нæ зæнæджы тыххæй, гъей...

Дунейыл мæ æппæт дæр æрбайрох. Баззад ма æрмæст зарæг: Сосойы зарæг. Къуыдайраг Симоны хъæлæс денджызы уылæнтау фæйлауæнтæ кæны. Куы уарийы базыртау йæхи арвы риуыл асæрфы, куы рог уддзæфау ныллæг-ныллæг асимы. Æз дæр хъырнын. Хъырнын, мæ бон цы у, уыйас. Нæ къæхтæ уыцы уæззау æмист кæнæм ифтыгъд галтау, афтæмæй цæуæм уынджы. Разысгарджытæ ныл фæдисыуайджытау æмбырдтæ кæнынц. Мæрдадзы цæуджытау нæ фæстæ ныххал сты æмæ уæззау къахдзæфтæй хилынц. Бирæтæ дзы хъырнын кæй райдыдтой, уый дæр хатын.

* * *

Нартыхты Сосо, дам, афтæ бадзуры, гъей...

Иу æмæ дыууæ хатты не сæлвæста къуыдайраг Симон Сосойы зарæг бынозæй. Иууыл йе ‘взаджы алгъыл ауыгъд уыд, горæтаг чызджы хъусцæгау.

– Гъо æмæ дзы цы федтай, Симон, цы, уыцы æрхæндæг зарæджы? Уый бæсты, йæ каистæм хъайла æмæ хæбизджын чи хордта, уыцы Цолайы зарæг уæддæр акæн, – базы бæсты Симоны гуыбыныл мæ сæр бавæрдтон иу улæфты рæстæджы.

– Фесаф æй, – йæ къух ауыгъта уый. – Фырхъайлахæрдæй чи фæнизджын, уый номыл æз мæ дзых гом дæр нæ бакæндзынæн.

– Æмæ уæдæ Сосо, дæумæ гæсгæ, æнæхæргæйæ цардаид? – нæ сæттын æз дæр.

– Уый, иуæй, къуыдайраг уыд, мæхийау, иннæмæй та – хъæбатыр лæппу...

– Уый дæр дæхийау, нæ? – фескъуыдтон ын йæ ныхас.

– Æз дæр цæуылнæ дæн? Иу хатт иу фынæй тæрхъусы афтæ фæтæрсын кодтон, æмæ йæ хуыккомы бæсты куыдзы бын смидæг ис! – зæрдиаг худт ныккодта Симон.

Фæлæ уыцы зарæг иу хатт цы расайдта, уый хъæстæ фатау мæ зæрдæйы сагъдæй баззад цæрæнбонтæм.

* * *

Дæс лæппуйæ цæуæм радон балцы. Командæгæнæг нæ ныффæдзæхста къуыдайраг Симоныл.

– Уый цур уын хæсты бардуаг йæхæдæг дæр ницы хъом у, – разæнгардгæнæг мидбылхудт ахъазыд командæгæнæджы цæсгомыл.

– Зарын чи нæ зоны, уыдон удуæлдай тох цæй сæрыл скæной, ахæмæй сæм ницы ис, æмæ куынæ рацæуиккой, уæд мæм хуыздæр кæсы, – йæхæдæг дæр хъазæн ныхас кæны Симон.

Æмуырдыг ауыгъд къæдзæх доны фыцæнæй иу фондз метры уæлдæр балыг кодта, машинæ тыххæйты кæм ацæудзæн, ахæм нарæг сосæвæндаг. Къæдзæхы фалейæ лыстæг пыхскъутæр ахсы уæрæх дæлвæзы кæронæй галы ‘взаджы фæтæнæн уаццаг. Чысыл фалдæр егъау уырыссаг хъæу. Знæгтæ йæ бацахстой. Нæ хæс цыбыр æмæ æмбæрстгонд у: хъæуы «æвзаг».

Пыхсхъæды уадздзаджы рæмпæгхæрд бутъробæласау ныллыгтæ кодтой траншейтæ. Хъæуы кæрætты айвæзти сындзтелæй æмбонд. Хъæумæ бахизæны гæзæмæ рухс кæны дард прожекторæй хауæг уæлæнгай рухс. Хъахъхъæнæг уæззау къахдзæфтæй бары бацæуæны фæтæн. Рæстæгæй-рæстæгмæ, мигъмæрæйæг куыйтау, махонтырдæм дзæгъæлуагъд ракæны автоматы гуцъула æхст. Симон развæдысгарджытæй алкæмæн дæр бамбарын кодта йæ хæс, стæй сæ гуыбыны цъæрттыл абырыдысты размæ. Фыццаг сæ куыстмæ хъуамæ бавнæлдтаиккой телæмбонд лыггæнджытæ. Уый фæстæ хъæумæ талынг рæтты бацæуæн хъуамæ бабæрæг кæной разысгарджытæ. Стæй «æвзагмæ» банхъæлмæкæсæн бынат ссарын зын нæу. Уый къуыдайраг Симонæн йæ цæргæстимæ у, фæлтæрд цуанон сырдбадæн куыд фæзоны, ахæм хъуыддаг.

Разысгарджытæ куы ‘рбаздæхтысты, уæд фехъусын кодтой:

– Хъæуы кæройнаг, иууыл талынгдæр ран чи ис, уыцы хæдзары ныккæндæй, зæххæй æрмæст æртæ æнгуылдзы бæрц чи

зыны, ахæм фæрссагæй кæлы дыдзы рухс, æмæ дзы хъуысы цавæрдæр уæззау рынчыны хъæрзын.

– Эвакуацийы рæстæджы йæ низы фыдæй чи нымбæхст, ахæм уыдзæн, – сæ ныхас сын фæбæлвырд кодта Симон. – Баххуыс кæнын ын хъæуы, фæлæ нæ куы ныкъкъуылымпы кæна, – йæ хъæлæсыуаджы фæзынд дызæрдыгдзинад.

–Æмбал кæстæр лейтенант, чи зоны нын йæхæдæг дæр исты ахъаз фæуа, хъæуы равæрд бацамонгæйæ, – йæ хъуыды баппæрста иу къæсхуыр лæппу.

Ракетæйы цæхæр рухс куы фæмынæг ис, уæд лæппутæ кæрæдзи фæдыл азгъордтой æмæ хæдзары ауун амбæхстысты, стæй ссардтой ныккæндмæ ныххизæн.

Арф, уымæл ныккæнды асыччытæ, сынтæджытæ, стъолтæ æмæ æндæр хæррæгъты ауун чъизи хуыссæнты хуыссы, халас хил хъуынайау кæуыл схæцыд, ахæм зæронд лæг. Æрбацæуджыты куы ауыдта, уæд йæ хуыз тынг федзæллаг. Симон тæрсгæ дæр фæкодта, зæгъгæ, фырадæргæй йæ зæрдæ куы аскъуына, фæлæ нæ аскъуыд. Хъуыддаг цæй мидæг ис, уый куы базыдта, уæд ма йæ цæсгом хъæлдзæгхуыз дæр бацис.

– Мæ хъæбултæ! Æгайтма мæ амæлæты агъоммæ нæхицæй змæлæг федтон, – хъæрзгæ-хъæрзгæ дзуры. Ме 'мбæлттæй мын иу мæ фарс басхой-басхой кæны, фæлæ æз ницы хатын. Зæрдиагæй хъусын зæрондмæ. – Не 'фсин кæрæф мыстау нытътъыссæнтæ кодта, кæм цы ссардта, уыдон, фæлæ йын дзы истытæ ссардзыстæм. Тагъд ма кæнут. Æз дæр кæддæр хæстон лæг уыдтæн. Арæхстгай цы саразай, уымæн дзы æмбал нæй. Чысыл уал уæ улæфт суадзут. Ам, хæстæджыты, тас ницæмæй у. Мæ зæрдæйы фæндиаг уал уæ истæмæйты суазæг кæнон, стæй æххуыс дæр – мæ быгъдуан, – сыстад æмæ дуармæ ацыд.

– Æмбал кæстæр лейтенант, ацы лæджы æз зонын. Æууæнк ыл нæй, – нæ фысым æддæмæ куы ахызт, уæд Симонæн ныллæг хъæлæсæй дзуры, мæ фарс мын чи схуыста, уыцы лæппу.

– Раздæр дыл дзых нæ уыд?! – йæ цæсгом фæтызмæг Симонæн.

– Уыцы хуызæнæй йæ никуы федтон. Йæ пух цæсгом иууыл булкъдастæй дардта. Ныр ыл халас хил чырсау схæцыд, æмæ йæ æвиппайды нал базыдтон, – йæхи растгæнæгау бакодта лæппу.

...Æгæр æрæгмæ куы зынд нæ «рæдау» фысым, уæд Симоны цæсгомыл фæлм абадт.

– Дуармæ цæугæ, – бардзырды хуызы сдзырдта. – Уым банхъæлмæ кæсæм дарддæры уавæрмæ.

Чидæр фалæрдыгæй уынджы тагъд-тагъд æрбатындзы. Йæ низæфхæрд риу къуыззитт кæны. Цалынмæ кулдуары раз æрлæууыд, йе 'муд æрæцæуыны тыххæй, уæдмæ йæ ничи базыдта, стæй нæ алкæй зæрдæмæ дæр бахылд дызæрдыгдзинад.

– Ныххатыр кæнут, мæ цæргæстæ, – йæ къахы æлгътыл рувасы уад æрбакодта ныккæнды фæуырдыггæнæнмæ. – Не 'фсины азым у иууылдæр. Ӕгæр арф сæ ныфснайдта.

Симон мын мæ фарсмæ февнæлдта æмæ мыл ныккæндырдæм ахæцыд. Ӕз ын йæ хъуыды фембæрстон. Кард сластон æмæ къулгæрætты ныккæндырдæм калмау æнæсымæй абырыдтæн. Нæ «рæдау» фысым дуар куы фегом кодта æмæ ныккæнд афтидæй куы ауыдта, уæд йæ тыхст хъуыр-хъуыр ссыд.

– Мæхи æрбайсæфтон. Ахæм хъуыддаджы тыххæй немыцæй хæрзиуæг нæ, фæлæ æнæ стыр æфхæрд нæ аирвæздзынæн. Цæмæй ма сын хъуамæ бауырнын кæнон, сайгæ сæ кæй нæ кодтон, уый. – Фæстæмæ фæзылд, фæлæ йæ цыбыр хъуыр мæ комкоммæ куы схæццæ, уæд ын ыл кард æрбауагътон æмæ...

Ме 'мбæлттæ мæнмæ сæ хъус дарыныл фесты æмæ, кулдуары раз немыцы 'фсад фысты дзугау куыд æрбалæууыдысты, уый ничи фæхатыдта, цалынмæ Симон фæхъæр кодта, «æхсгæут!», зæгъгæ, уæдмæ.

Ӕвиппайды автоматтæ скуыстой. Ахæм фембæлд сæ фæсонæрхæджы дæр кæмæн нæ уыд, уыцы немыцæгтæ схъомпал сты. Уыдон æнхъæл уыдысты, зæгъгæ, нæ нæ ныккæнды дуры бын æмбæхст кæсаджы ахст æркæндзысты, фæлæ сæ хъуыды фæсыкк, æмæ ныр карст кæрдæгау зæххыл æркалдысты. Мах нæ уавæр куыд арæзта, афтæмæй ма цалдæр ахæм æрбабырсты дæр аппæрстаиккам фæстæмæ (кæрты ставд бæлæстæ нæ дис-саджы хорз хъахъхъæдтой), фæлæ ракетæтæ хурбонау ныррухс кодтой бæстæ. Алырдыгæй ныл сæхи калын байдыдтой знæгтæ. Бацайдагъ къухæй хæст. Симон-иу рæстæгæй-рæстæгмæ, – æвæццæгæн мах разæнгард кæныны тыххæй, – ныццæлхъ ласта йæ уарзон зарæг. Хъырнынмæ йын кæй никæй æвдæлы, уый мæстæй-иу ноджы знæтдæрæй райдыдта дæрæн кæнын знæгты.

Уыйбæрц æфсады æмбисыл банцайын кæн дæс лæппуйæ æмæ стæй æвыдæй Сосойы зарæг кæнгæ æрбафардæг у фæстæмæ, уымæй хæрзиуæгдæр ма цы хъуамæ уыдаид, фæлæ...

Бон куы ‘рбарухс, уæд бирæгъты балæй байсæггаг фыстау тугæрхæмттæй лæууыдыстæм хæдзары къулмæ. Нæ разы та топпæргъæвдæй фехсынæввонг лæууыдысты знæт фрицтæ, фæлæ нæ цæмæдæр гæсгæ æхсгæ нæ кодтой. Цæмæ кастысты, хæйрæг йæ зонæг.

Уыцы стыр хæсты цæдждæинаджы нæ кæй ничи фæмард, уый стыр диссаг уыд, фæлæ цалдæрæй рæхджы бынтон æнæтугæй афтид голлæгтау зæххыл кæй æрхаудзысты, уый бæрæг уыд.

– Лæппутæ, нæ адзалы бон æрцыд. Æнæмæнг нæ фехсдзысты, фæлæ уæ йæ мæлæтыл джитæнгæнгæйæ мачи сæмбæлæд. Нæ туг райсын нæ ныффæдзæхсын никæуыл хъæуы. Бирæ уæлдайджынтæй йæ райстам. Бакæсут-ма! – йæхи тыххъæлдзæг кæны Симон æмæ хъæрæй дзуры, кæртмæ амонгæйæ.

Охх, æцæг цы диссаг уыд уыцы кæртмæ бакæсын! Æрдæгмæрдтæ æмæ, йæ туг æххæст кæмæн нæма ныууазал ис, уыдон ма æдых змæлд кодтой æмæ афтæ зынд, цыма дынджыр цæдждæинаджы бæзджын кас гæзæмæ артыл уæззау пæртт-пæртт кодта.

Немыцаг афицеры зæрдæмæ нæ фæцыд Симоны ныхас. Бауад æмæ йын йæ мукъутæн иу дæнг ныккодта. Симон æй къахæй сриуыгъта. Цæф суад артæнтыл. Уый хæрдмæ фæхауд. Йæ сæр ноджы хæдзары къулмæ бахаста. Зæххыл адæргъ ис æмæ, йæ тыбыртæ цæгъдгæ, лыгсæр каркау гæппытæ кæны. Симон, цыма ницы ‘рцыд, уыйау бынозæй сæлвæста Сосойы зарæг. Мах дæр, цас нæ бон уыд, уымæй нæхи фæфидар кодтам æмæ йын хъырнæм. Хъырнæм, уымæн æмæ нын уæлдай нал у, раздæр æви фæстæдæр амæлæм, уый.

Хъахъхъæнджытæ фырадæргæй, цы акæной, уый нал зонынц. Æрра куыйтау рафт-бафт кæнынц. Мæнæй-ма! Уацайрæгтæ сæргуыбырæй лæууыны бæсты заргæ куы кæной, уæд ма уымæй стырдæр цæф цы хъуамæ уа знагæн?! Æппынфæстаг сæ бызсыны рæтæнтæ атыдтой. Автоматтæ нæм фæцарæзтой, фæлæ уыцы уысм сæ уæлхъус æрбалæууыд æндæр афицер. Сæхирдыгонау сыл цыдæртæ схъæр кодта, æмæ сæ мигæнæнтæ æруагътой.

– Чи уæ райдыдта раздæр зарын? – цыдæр хинæйдзаг мидбылхудгæ нæм дзуры ног афицер.

– Æз, дæ бæрзонд ницæйагдзинад! – йæ риу батъæпп кодта къуыдайраг Симон.

– Æмæ, зарыны уавæры кæй нæ дæ, уый нæ зоныс? –

æвæццæгæн уырыссагау хорз нæ зыдта æмæ иттæг нæ бамбæрста Симоны ныхас.

– Мах ныры хуызæн зарыны уавæры никуы уыдыстæм. Нæ туг райсыны фæстæ нæ мæлæтыл хъуамæ сæмбæлæм заргæйæ, – фидарæй дзуры Симон.

– Иттæг хорз хъуыды, – фæзылд афицер, салдæттæй иуæн бардзырд радта. Уый размæ йæхи фæгуыбыр кодта æмæ уынджы фалæмæ азгъордта. Чысыл фæстæдæр, йæ къухы иу бедрайы дзаг цыдæр тæнгъæд, афтæмæй æрбаздæхт. Афицер ын цыдæр загъта. Салдат нæ фæстæты бауад, хæдзары къулрæбын цы къодах уыд, уымæ сгæпп ласта æмæ бедра Симоны сæрыл фæдæлгом кодта. Бензины æнуд тæф нын нæ фындзыхуынчъытæ ахгæдта. Симонæн йæ цæстытæ бензинæй айдзаг сты. Цалынмæ уыдон сæрфта, уæдмæ йыл афицер судзгæ спичкæ баппæрста, йæхæдæг иуварс алыгъд æмæ салдæтты фæстæ бамбæхст. Æвæццæгæн, тарст, зæгъгæ, мæ йæ фыртыхстæй фыдцæф куы фæкæна.

Симон æгасæй пиллон арт фестад. Исдуг йæ мидбынаты арауай-бауай кодта, стæй фæраст лыстæг пыхсырдæм æмæ, йæ дзаумæтты скъуыдтæ калгæ, размæ ныййарц. Сындз телы сæрты судзгæ стъалыйау куыд атахт, уый ма ауыдтам, стæй...

– Зар, Симон, зар! – куы адард, уæд йæ фæдыл ахъæр кодта афицер. – Заргæ æмæ судзгæйæ куы амæлай, уæд кадджындæр уыдзынæ!..

* * *

Чидæр мæм фæстæрдыгæй æрбауад. Мæ къандзолы фæдджийæ мæ раласта. Симоны хъæбысæй мæ ратыдта.

– Кæцы дæ, кæдæм мæ ласыс? – ме уæхсчы сæрты йæм уæддæр куы акæсин, уый мæ фæнды, фæлæ мын фадат нæ дæтты.

Адæмæй мæ дард куы аласта, уæд мæ суагъта, йæхирдæм мæ фæзылдта. Йæ фидар цæнгты 'хсæн мæ ахæм æлхъывд ныккодта, раст мæ цыма лæмаргæ кодта.

– Цы туджы æрхъис ма мæ ис, уый мын ма ныллæмар, дæ хорзæхæй, – лæгъстæ йын кæнын. Уый мыл дзæвгар фæцинтæ кодта, стæй мæ ныууагъта. Ныр базыдтон мæ кæстæр æфсымæры йæ нывмæ гæсгæ.

– Æрцæуинаг кæй дæ, уый куы фехъуыстон, уæд алы бон дæр цыдтæн ардæм, – æвæццæгæн мын мæ хъуыды бамбæрста æмæ сдзырдта, стæй такси фæурæдта æмæ мæ уым баппæрста. Симонæн исты зæгъыны бон дæр мæ нал фæцис...

Цалдæр боны фæстæ мæ хъæуæй равдæлд мæ горæтаг хæлæрттæ æмæ хæстæджытыл азилынмæ. Иу фæзуаты та бирæ адæм лæугæ куы ауыдтон, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыди къуыдайраг Симон, æмæ сæм мæхи хæстæг баластон. Ибонау сæ зæрдиаг худт куынæ хъуыст, уæд мæ Симоны уым баййафынæй ницы ныфс уыд, фæлæ сæм уæддæр...

Æмæ, æцæг, уæртæ Симон, мæхи зараг Симон! Бады бандоныл æмæ уæззау хъæлæсæй дзуры цыдæр цымыдисаг хабæрттæ. Адæм æм лæмбынæг хъусынц. Куы мæ ауыдта, уæд йæ дзурын фæуагъта æмæ фестад:

– Чеселттаг Симон, кæм дæ, кæм? Мæ цæстытæ дæм куы ныуурс сты! – Йæ хъæбысы мæ ныккодта.

– Дæ фыдыстæн, къуыдайраг Симон, куыд аирвæзтæ æнæбасудзгæ, уый ма мын зæгъ? – кæрæдзиуыл цинтæгонд куы фестæм, уæд æй афарстон.

– Ацы адæмæн уыцы хабар дзурын. Нырма, дæуæй кæм фæхицæн дæн, уырдæм не ‘рхæццæ дæн. Æгайтма æрбацыдтæ, чи зоны, æмæ мыл адонæй исчи нæ баууæнда. Арт мыл куы сирвæзт, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыд, ауыгъд къæдзæхы бын цы гуылфæн уыд, æмæ йæм мæ ных сарæзтон. Къæдзæхæй мæхи фехстон æмæ доны арфдæр абырыдтæн. Куыд дзы рахылдтæн æмæ мæ рынчындонмæ куыд бахастæуыд, уый мæхæдæг дæр нæ зонын. Уым мæ фемпъызтытæ кодтой лæзæрд хæдонау, æмæ мæнæ куыд дæн, афтæ мæ сарæзтой, уыцы æвирхъау митæ аргъауы хуызæн кæмæ зынынц, уыцы фæсивæдæн хъазæнхъулæн.

– Хатыр, Симон, фæлæ дæхи аххос уыд, – сдзырдтой цалдæр лæппуйы. – Ныронг куыд никуы радзырдтай уыцы хабар?! Алы ныхæстæ кодтой адæм, алы мæнг ныхæстæ мысыдысты.

– Ницы кæны, – арф ныуулæфыд Симон, – мæхи фидар кæнынмæ фæхъавын, фæлæ мæм исчи спичкæ куы ‘рбадары, уæд уыцы æлгъаджы афицер мæ цæстыты раз февзæры. Афтæ мæм фæкæсы, цыма мыл ныртæккæ арт сæндзардзæн, æмæ мæ зæрдæ фæцæйхъарм кæны. – Йæ фыдуынд цæсгом ноджы нырхæндæг æмæ ныффыдуынд.

– Цæй-ма, ныр та ды ракæн, чеселттаг Симон, дæ хабæрттæ, цы дыл æрцыд мæ фæстæ? – бахатыд мæм Симон.

– Ехх... – арф ныуулæфыдтæн æмæ райдыдтон мæ уацары хъизæмæрттæ нывæндын. Адæм ныр та мæнмæ хъуыстой лæмбынæг...

*1972 аз*

# АРВИСТОН

## ЭЗОПЫ ӔМБИСӔНДТӔ

### 227. Зæрватыкк æмæ калм

Зæрватыкк йæхицæн ахстон скодта тæрхондоны бæстыхайы дæлбазыр. Иуахæмы, мæ лæппынтæн исты самал кæнон, зæгъгæ, ратахт, æмæ дын раст уыцы сахат йæ ахстонмæ калм сбырыд æмæ йын йæ лæппынты бахордта. Зæрватыкк куы 'рбаздæхт æмæ ахстон афтидæй куы 'рбаййæфта, уæд кæуын райдыдта. Иннæ зæрватыччытæ йæ сабыр кодтой, канд дæуыл, дам, не 'рцыд ахæм бæллæх. Фæлæ сын уый дзуапп радта: «Мæ лæппынтыл уыйбæрц нæ тыхсын, æхxуысæнхъæл кæмæй уыдтæн, уыдонæй фыдæнхъæл цас фæдæн. Ау, иннæтæм бахъуаджы сахат æхxуысмæ куы фæзынынц, уæд æз рохуаты цæмæн аззадтæн?»

Æмбисонд æвдисы: адæймагæн уæлдай зындæр вæййы, æххуысмæ æппæтæй тынгдæр кæмæ æнхъæлмæ кæсай, уыдон нæ, фæлæ æндæр исчитæ дæ цуры куы февзæрой, уæд.

### 228. Хъазтæ æмæ хърихъуппытæ

Хъазтæ æмæ хърихъуппытæ хызтысты уыгæрдæны. Ӕваст сæ цуры фегуырдысты цуанæттæ. Хърихъуппытæ æнцонæй хæрдмæ ныппæррæстытæ ластой, хъазтæ та уæзбын уыдысты, æмæ цуанæтты амæддаг систы.

Паддзахады исты зиантæ куы 'рцæуы, уæд мæгуыртæ æнцонæй аирвæзынц, иу сахарæй иннæмæ агуылф кæнынц. Хъæздгуытæм та бирæ исмулк вæййы æмæ уыдонимæ архайгæйæ цагъартæ свæййынц.

### 230. Уæртджынхæфс æмæ цæргæс

Уæртджынхæфс дын арвыл цæргæсы ауыдта æмæ йæ æрфæндыди тæхын. Иуахæмы маргъмæ æрхатыди, сахуыр, дам мæ

кæн тæхын æмæ, дæхи дзыхæй цы зæгъай, уый дын бафиддзынæн. Цæргæс ын афтæ, уымæн, дам, гæнæн нæй. Фæлæ йæ уæддæр уæртджынхæфс баййардта, лæгъстæтæ йын кодта. Уæд æй цæргæс уæлдæфмæ систа, уæлхохмæ йæ фæхаста æмæ йæ уым æрнæг къæдзæхыл æрæппæрста. Уæртджынхæфс ныххæррæгъ, уæдæ цы, йæ уд систа.



Адæмæй дæр бирæты ерысы бацæуын фæфæнды, зондамонæгмæ дæр нал фæхъусынц æмæ сæхи бабын кæнынц.

## 231. *Æхсæнкъ æмæ атлет*

Иухатт æхсæнкъ батахти, згъорынæй чи бастад, ахæм атлетмæ æмæ йын йæ зæнг алхыскъ кодта. Лæппу рамæсты, æхсæнчъы амарынмæ хъавыд, фæлæ та уый ныппæррæст ласта. Атлет фырмæстæй ныхъхъæрзыдта æмæ загъта: «О Геракл! Кæд мын æхсæнкъимæ тохы не ‘ххуыс кæныс, уæд ма мын мæ ныхмæлæууæг атлеттимæ тохы куыд баххуыс кæндзынæ?»

Æмбисонд æвдисы: хуыцæуттæм æххуысмæ сидын хъæуы, лыстæг æнæахадгæ ницытæ ‘мæ мацытимæ тох кæнгæйæ нæ, фæлæ исты ахсджиаг хъуыддаг аразыны размæ.

## 232. Рувæстæ Меандры былыл

Иуахæмы дын рувæстæ Меандры былыл æрæмбырд сты дон нуазынмæ. Фæлæ цæугæдон ивылд уыд æмæ гыбар-гыбургæнгæ тахти. Рувæстæ кæрæдзийы цырын кодтой, ныфсхастдæр чи разындзæни, зæгъгæ. Ничи сæ уæндыди донмæ бацæуын. Уалынджы дын сæ иу йæхи фæхъæбатыр кодта, размæ рацыд, йе ‘мбæлттыл худын байдыдта, тæппудтæ стут, зæгъгæ, æмæ донмæ йæхи уыциу æппæрст нылласта. Уылæнтæ йæ астæумæ баскъæфтой. Йе ‘мбæлттæ йæм былæй хъæр кæнынц: «Ма нæ ныууадз, раздæх æмæ нын бацамон, донмæ куыд ныххизын хъæуы, уый». Уый сын дзуапп радта: «Æз хъуамæ Милетмæ иу хабар фехъусын кæнон. Фæстæмæ куы раздæхон, уæд уын бацамондзынæн, донмæ куыд хизын хъæуы, уый!»

Æмбисонд æвдисы, хиппæлой йæхæдæг йæхи куыд бабын кæны, уый.

### 233. Доныхъаз



Доныхъаз, дам, йæ мæлæты размæ заргæ фæкæны. Гъемæ дын иу лæг базары федта уæййаг доныхъаз. Балхæдта йæ, сæхимæ йæ 'рбахаста æмæ йæ хъуамæ йæ уазджытæн аргæвда. Курынтæ байдыдта маргъæй, куывды размæ азар, зæгъгæ. Фæлæ доныхъаз нæ куымдта зарын. Уæддæр, йæ мæлæт æрбахæстæг, уый базыдта æмæ хъарæджы хуызæн зарæг систа. Хæдзары хицау уый куы базыдта, уæд дын афтæ: «Кæд æрмæстдæр дæ мæлæты размæ зарыс, уæд ма дын ме 'дылы сæрæй цы лæгъстæтæ кодтон, рагацау дæ ныргæвдын хъуыди!»

Адæмæй дæр ис ахæмтæ: барвæндæй хъуыддаг саразой, уый сæ нæ фæфæнды, æмæ сын уæд тыхми бакæнын йеддæмæ хос нал вæййы.

## 236. Фæндаггæттæ æмæ халон

Адæмы къорд сæ хъуыддæгты фæдыл фæцæйцыдысты, æмæ сæ размæ фæци сохъхъыр халон. Кæсынтæ йæм систой гуырысхотæгæнгæ, сæ иу та афтæ, аздæхæм, дам, науæд фыдвæндаг фæуыдзыстæм. Уæд ын йе 'мбæлттæй иу ахæм дзуапп радта: «Халон, фидæны цытæ 'рцæудзæн, уыдæттæ куы зонид, уæд йæ цæст фыдбылызæй бахызтаид».

Афтæ сты адæм дæр. Йæхицæн баххуысхъом чи нæу, уый хъуамæ иннæтæн уынаффæгæнæг куыд суа?

## 237. Хæрæг уæййаг

Иу лæг хæрæг æлхæдта æмæ, хорз у æви æвзæр, уый сбæрæг кæнон, зæгъгæ, йæ йæ иннæ хæрджытæм æрбакодта. Сæ разы сын тæгæна æрæвæрдта. Ног хайуан иннæ хæрджытæн сæ

тæккæ зивæггæнагдæр æмæ хæрагдæры фарсмæ балæуууыд, фæйнæрдæм кæсгæ дæр нæ кодта, афтæмæй мерс кæнынмæ бавнæлдта. Ӕлхæнæг æй йæ хицаумæ акодта, уæдæ цы уыдаид. Уæйгæнæг æй фæрсы, цæй, куыд дæм фæкасти мæ хайуан, зæгъгæ. Ӕлхæнæг ын дзуапп радта: «Ныр мæ фæлварынтæйедты мæт нал ис, уымæн æмæ йæ мæхи цæстытæй федтон. Йæхи хуызæн зивæггæнаг æмæ кæрæф æмбалы фарсмæ куы балæууыд, уæд æй бамбæрстон, цы у, уый».

Ӕмбисонд æвдисы: адæймагæн аргъ кæнынц йæ хæлæрттæм гæсгæ.

## 238. Хæдзарон æмæ хъæддаг бæлæттæ

Мæргътæахсæг йæ хыз дардыл байтыгъта æмæ йæ хæдзарон бæлæтты цур бабаста, йæхæдæг дæрддзæфгомау æрлæууыд æмæ æнхъæлмæ кæсы. Хъæддаг бæлæттæ æрбатахтысты æмæ хызы бахаудтой. Лæг сæм базгъордта æмæ сæ ахсын байдыдта. Хъæддæгтæ хæдзаронтæн уайдзæфтæ кæнынмæ фесты, рагацау, дам нын цæуылнæ бамбарын кодтат хъуыддаг. Хæдзарон бæлæттæ сын ахæм дзуапп радтой: «Махæн нæ хицауимæ хæларæй цæрын пайдадæр у, нæ дард хæстæджыты мæт нæ уыйбæрц нæй».

Фæсдзæуинты дæр аххосджын кæнын нæ хъæуы, сæ хæстæджытæй сæ хицауыл æнувыддæр кæй сты, уый тыххæй.

## 241. Цъырцъыраг æмæ рувас

Цъырцъыраг зарджытæ кодта бæрзонд бæласыл. Рувас ахъуыды кодта, бахæрон æй, зæгъгæ, æмæ йыл хинæй цæуын байдыдта. Бæласы бын слæууыд æмæ йын йæ диссаджы зарæгыл йæхи дисгæнæг скодта. Стæй дын æм дæле уæлæмæ дзуры, æрхиз, дам ма, фенон, ахæм æмбисонды хъæлæс кæмæн ис, уыцы удгоймаджы. Цъырцъыраг ын йæ хинæйдзаг митæ бамбæрста. Бæласæй иу сыфтæр ратыдта æмæ йæ бынмæ æрæппæста. Рувас ыл йæхи андзæрста – цъырцъыраг æй банхъæлдта. Уæд æм цъырцъыраг дзуры: «Фæрæдыдтæ, мæ хур, – афтæ дæм фæкастис, æмæ дæм æрхиздзынæн. Рувæсты æз кæдæй

нырмæ зонын, уый зоныс? Дæ бæркъайы дын цъырцъыраджы базыр куы федтон, уæдæй нырмæ».

Æмбаргæ адæймæгтæ ахуыр кæнынц æндæрты æнамонд хабæрттыл.

## ЦИТАТÆТÆ, АФОРИЗМТÆ

* * *

✦ Ахæм фæлитой адæймæгтæ ис, йæ раст ныхас дæр мæнг кæмæн фесты.

✦ Уæрæсейæ дзурынц, нæдæр, дам, Европæмæ хауы, нæдæр Азимæ, Уæрæсе, дам, хицæн дуне у. Фæуæд афтæ. Фæлæ раиртасын, сбæлвырд кæнын хъæуы, ныгуылæн æмæ скæсæнæй уæлдай ма æртыккаг фарс дæр кæй ис, уый.

✦ Додой сæ къона, цагъары къæлæт хæссын æгад кæмæ нæ кæсы, ахæм адæмæн. Уыдон дунемæ рантыстысты, цæмæй цагъартæ уой, уый тыххæй.

✦ ...æнтъыснæг, хъуынтъыз, мылазон цард, нæй нæм нæдæр тых, нæдæр энерги. Фыдракæндтæй уæлдай нæ хъуамæ цы базмæлын кæна? Цагъары 'фсондз æмæ хъадаманты дзыгъал-мыгъул йеддæмæ ницы хъусæм. Адæймаджы уд йæ базыртыл чи сиса, ахæм райдзаст мысинæгтæ, цæстытыл чи ауайа, ахæм зæрдæскъæф фæлгонцтæ, зондæн ахъаз чи фæуа, чи йæ бацырын кæна, ахæм тыхджын таурæгътæ – сæ кой, сæ хъæр дæр нæй... Мах цæрæм æрмæст абоны къуындæг бонæй, ивгъуыд замантæ æмæ сомбон нæ фæсонæрхæджы дæр не сты, æнæрайы мидцоппайæ нын нæхи ратонæн нæй.

✦ Мæ райгуырæн бæстæйы сайгæ кæнон, мæнгтæ йын дзурон, уый бæсты йæ фæлтау æфхæргæ кæндзынæн, йæ аиппытæ йын хурмæ хæсдзынæн, дæлдзиныджы бынаты йæ æвæрдзынæн.

***Петр Чаадаев***

* * *

Нæ зæрдыл ма лæууы, стыр уырыссаг демократ Чернышевский йæ цард революцийæн снывонд кæнгæйæ, цы загъта, уый: «Тæригъæддаг наци, цагъарты наци, сæрæй бынмæ иууылдæр – цагъартæ». Паддзахы монархийы æнувыд цагъартæ чи уыди, великоросстæ кæй хуыдтой, уыдон ацы ныхæстæ нæ уарзынц. Мæн-

мæ гæсгæ та хъуыддаг афтæ у: чи сæ загъта, уый йæ райгуырæн бæстæ æцæг уарзтæй уарзта, æмæ йæ адæммæ революцион зондахаст кæй нæ уыд, ууыл сагъæс кодта.

***Владимир Ленин***

* * *

Наци цæры, кæрæдзиуыл æй æнгом чи бæтты æмæ йын йæ цард чи рухс кæны, ахæм арф æнкъарæны æмæ стыр хъуыдыйы æххуысæй, стæй адæм, сæ уæлæ чи ис, уыдонимæ æмзонд куы вæййынц, уæд уыдæтты фæрцы. Афтæ райгуыры нацийы тых. Биржæты сæудæджеры куыстæй, сомы аргъыл тыхсынæй нæ, фæлæ, кæй ранымадтон, уыцы арфæйаг хъуыддæгтæ сты нацийы хъомыс. Удварнæй наци цас хъæздыгдæр уа, уыйбæрц материалон хуызы дæр уыдзæни хъæздыгдæр...

***Федор Достоевский,***
*чиныг «Запад против России»,*
*М., Алгоритм, 2014, ф. 179.*

**Редактор.** *Мæ ирон адæм! Æз уæм революцимæ мыййаг нæ сидын, фæлæ сымах дæр цагъарты уавæры кæй стут, нæ наци быныскъуыдæй фервæзын кæныныл æппындæр кæй нæ архайут, не стырдæр фарн – æвзаг, æфсарм, уаг, национ хиæмбарынад нæм кæй нал ис, уый охыл æрымысыдтæн номдзыд лæгты ныхæстæ. Бафтаудзынæн ма сыл ноджы дыууæ цитатæйы:*

«Национ цæсгом фесафынæй æвирхъаудæр бæллæх æмæ тæссагдæр хабар ницы ис хицæн адæймагæн дæр æмæ æнæхъæн адæмæн дæр».

***Иван Ильин***

«Национ хиæмбарынад цы адæммæ нæй, уый у фаджыс. Уыцы фаджысыл сырæзынц æндæр адæмтæ».

***Петр Столыпин***

*Йæхи ирон чи хоны, уыдонæй алкæмæн дæр хъуамæ йæ зæрдæйы уидæгтæ ныккæрзиккой, цагъартæ кæй стæм, ууыл ныссагъæс кæнид æмæ базмæлид, адæмы хъæр бамбарыныл удуæлдайæ бацархаид.*

* * *

«Уырыссаг интеллигенци у дунейы æппæты хуыздæр интеллигенци», – æрæджы райхъуысти Горькийы хъæлæс. Æз ахæм ныхæстæ никуы зæгъдзынæн. Ома мæ нæ фæнды, кæнæ афтæ нæ хъуыды кæнын, зæгъгæ, уый тыххæй нæ, фæлæ худинаг у хицæй æппæлын. Æз дæр æмæ Горький дæр уырыссаг интеллигенттæ стæм. Уымæ гæсгæ хъуамæ мах ма дзурæм, уырыссаг интеллигенттæй хуыздæр нæ разындзæни æппæт дунейы, зæгъгæ. Ахæм оптимизм тæссаг у, уæлдайдæр ныры рæстæджы, алы хæфс дæр йæ лæппыны хуры тын куы хоны, уæд. Фæлтау æндæр æмбисондмæ гæсгæ кусдзынæн: кæй уарзын, уый цæвдзынæн. Уый риссагдæр у, фæлæ – æнæнизы хос.

***Дмитри Мережковский***

* * *

✦ Фидарæй зæгъын: Уæрæсейы цыдæриддæр бæллæхтæ æрцыд – иууылдæр сты большевикты аххос: уыдон сты æгъатыр фанатикты революцион сектæ. Сæ мæлæтхæссæг фæндтæ ныддæрæхсæн кодтой Уæрæсе, стæй кæцыфæнды бæстæйы дæр се 'гъдæуттæ куы æрæвæрой, уæд æй байсафдзысты.

✦ Троцкийæн хорзы бацæуын тынг зын у. Йæ зæрдæмæ нæ цыди паддзах æмæ йын амардта йæхи дæр æмæ йæ бинонты дæр. Йæ зæрдæмæ нæ цыди империон хицауад æмæ йæ срæмыгъта. Йæ зæрдæмæ нæ цыди Гучковы æмæ Милюковы либерализм æмæ сæ дыууæйы дæр сæ бынæттæй раппæрста. Уый нæ бабыхста Керенскийы æмæ Савинковы радикализм æмæ сын сæ бартæ байста.

✦ Пролетарон диктатурæ Троцкийæн уыд йæхи диктатурæ пролетарты номæй. «Фæллойгæнæг дзыллæтæ», кусджыты, зæхкусджыты æмæ хæстонты депутаттæ, евангели Марксæй, Советон Социалистон Республикæты Цæдис æ. аф. д. – се 'ппæт баиу кæнгæйæ амыдтой иунæг дзырд – Троцкий.

✦ Уымæн фаг нæ уыди паддзахад фехалын – уый фæндыди хæлддзæгтæн разамынд дæттын (*Лев Троцкийы тыххæй*).

✦ Уырысы æппæт къæлæстæ дæр архайдтой революцийы. Фæлæ дзы революцийы бæркæдтæй никæмæ ницы 'рхауди.

✦ Большевизм егъау фыдракæнд у, фæлæ равзæрд егъау социалон бæллæхтæй.

✦ Макуы рох кæнут, большевиктæ кæфхъуындартæ кæй сты,

уый. Æз сыл мисхалы бæрц дæр не 'ууæндын. Тых æмæ факт – сæ иунæг цæрæнхос.

✦ *Æз æдзухдæр нымадтон æмæ ныр дæр нымайын: æрмæстдæр Сырх Æфсад рарæдывта чъизи нацистты тъæнгтæ.* (*Мæскуыйы 1944 азы Сталин цы сидт рауагъта, уый фæдыл*).

✦ Гитлер зындонмæ куы бабырстаид, уæд æз иблисы банымадтаин хæрзгæнæгыл.

✦ Ау, историйы иунæг урок уый у, æмæ адæм æппындæр ахуыр кæнынхъом кæй не сты?

✦ Парламент хъуамæ уынаффæгæнæг ма уа – хъуамæ парламеты руаджы адæм уой уынаффæгæнæг.

✦ Йæ ивгъуыд замантæ чи ферох кодта, уыцы адæм фидæнæй æнæхай фесты.

✦ Иугай бæлæстæн сырæзын куы бантысы, уæд тынг тыхджын вæййынц.

***Уинстон Черчилль***

* * *

Æрмахуыр скæнæн нæй нæдæр бындзы, нæдæр гиенæйы.

***Ралф Эмерсон***

* * *

Æрдз нын рæдауæй фæдæтты йæ зонд, айсут æй, зæгъгæ нын æй лæгдыхæй нæ хъары. Фæлæ мах къуымыхгомау стæм æмæ нæм афтæ кæсы, цыма нын хъуамæ бардзырд ратта, ацы зондыл æнæмæнг ныххæцут, зæгъгæ.

***Фазиль Искандер***

* * *

✦ Цы æнæсæрфат ми у, куыд тæссаг у а дунейыл цæрын!

✦ Цалынмæ политикæ культурæйы ныхмæ лæууа, уæдмæ фыссæг дæр лæудзæни политикæйы ныхмæ.

***Михаил Булгаков***

* * *

✦ Æппæтæй хуыздæр джихад у, адæймаг йæ бæстæйы тиранæн æргом æмæ раст ныхас куы кæна, уæд уый.

✦ Иудадзыг архайут хæлæгæй хи хъахъхъæныныл, уымæн

æмæ хæлæг хорз хъуыддæгтæ бафтъæры, мæнæ арт хус бæлас куыд тагъд бафтъæры, афтæ.

***Абу Дауд***

* * *

✦ Де знагимæ фембæлын дæ макуы ‘рфæндæд, фæлæ иугæр йемæ куы фембæлай, уæд та у хиуылхæцгæ, фæразон, ныфсхаст.

✦ Мæрдты фыдгой макуы кæнут – уыдон райстой, цы сын æмбæлд, уый.

***Сахих аль Бухари***

* * *

✦ Раст тæрхоны фарсхæцæг цы паддзах нæ уа, уый йæ бæстæ бабын кæндзæни.

✦ А дунейы рæстдзинад паддзахиуæг куы кæна, уæд хъæддаг сæгъ дæр домбайы хуызæн суыдзæни.

***Газали***

* * *

Афтæ нæм фæкæсы, цыма гом къалиутæ зымæгон фынæй вæййынц, фæлæ уыдон иудадзыг дæр сусæг куыстыл хæст сты – сæ уалдзæгмæ сæхи фæцæттæ кæнынц.

***Руми***

* * *

Ныр цæргæстæн сæ паддзах у сырддонцъиу.
Домбæйттæ систы рувæстæ. Гуыппырсар
У базаргæнæг: уæй кæны йæ намыс.

***Аль-Маарри***

* * *

Æнæхъæн бæстæ заууатмæ æртæрдзæн
Æнаккаг паддзах, саузæрдæ, фыдлæг.
Цы у йæ аххос ахæм заман æрдзæн?

***Данте.***
*Сыгъдæггæнæн. 16-æм зарæгæй*

***Хъодзаты Æхсары*** *тæлмацтæ*

# ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ ЗÆРОНДДÆР ЦÆРÆГ



Хъаныхъуаты Езетханыл сæххæст 105 азы. Ацы сылгоймаг бирæ зынтæ бавзæрста йæ царды бонты. Йæ сæрыхицау 1943 азы Латвийы зæххыл немыцаг фашисттимæ карз тохы æнæбæрæгæй фесæфт. Сидзæргæс Езетхан йе 'ппæт тыхтæ дæр радта сабиты хъомыл кæнынмæ. Хъомыл та скодта дыууæ чызджы, стæй уыдонæн сæ фондз кæстæры æмæ ноджы аст зæнæджы зæнæджы зæнæджы.

Езетхан бирæ азты дæргъы куыста колхозы, уый фæстæ æрцарди Дзæуджыхъæуы æмæ кусынмæ бацыди хуыйæн фабрикмæ. Сылгоймаг йæхи нымайы амондджыныл. Бирæ цæмæй фæцæрай, уый та, дам, аразгæ у генетикæйæ дæр, стæй дæ цæрын куы фæнда, куы змæлай, куыстыл æнувыд куы уай, алы лыстæг хъуыддæгтыл куынæ тыхсай. Хæрын та, дам, хъæуы бæрцæй, хиуылхæцгæйæ.

***«Комсомольская правда»,***
*2018, 15–22 февраль*

***«Мах дуджы»*** *кусджытæ зæрдиаг арфæ кæнынц Езетханæн. Æнæниз æмæ зæрдæрухс у, нæ мады хай! Дæ кæстæрты хуртæй бафсæд!*

*Цъары фæрстыл:*

*1. Къодоты Софиа. Сæрд.*
*4. Байцаты Людмилæ. Сæрдыгон къæвда.*

* * *

| | |
|---|---|
| Гл. редактор | *А. М. КОДЗАТИ* |
| Зам. гл. редактора, проза | *Б. М. ГУСАЛОВ* |
| Ред. отдела поэзии и драматургии | *К. Г. МАМУКАЕВ* |
| Шеф-редактор | *И. А. КОДЗАТИ* |
| Корректор | *З. З. КАРАЦЕВА* |
| Технический редактор | *Н. М. ПРОВОТОРОВА* |
| Дизайн | *З. Р. ГУРИЕВА* |
| Компьютерный набор | *М. К. КИРГУЕВА* |

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,*
*стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредитель:
Комитет по делам печати
и средств массовых коммуникаций РСО-Алания
362003. г. Владикавказ, ул. Гагарина, 30.

*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*
*Тел.: гл. редактор – 25-09-64; зам. гл. редактора, отдел прозы – 25-20-52;*
*шеф-редактор, отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия – 25-22-47.*

Подписано к печати 15.03.18. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1.
Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 8,53.
Тираж 1000 экз. Заказ № 303. Цена свободная.
Выход из печати 28 марта 2018 г.

Отпечатано в АО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.



Æцæг фæлмæн зæрдæйы хицæуттæ уæвын сæ бон у тыхджын характер кæмæн ис, æрмæст уыдонæн: иннæтæн сæ фæлмæндзинад мæнг, æвдисгæ миниуæг у, æмæ сын æнцонæй рахизы зæгъдæргом, æнæуаг митæм.

***Франсуа Ларошфуко***



Индекс 73247

+12